

Tànk-ndànk

CE1

Jéego

7

Téere

1

WOLOF



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

Tànk-ndànk 7

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

Li téere bi ëmb

Ndew, xale bu jigeen bu yeewu ba 4

Lëg ak Kiyaafi 16

Njàngum jàmm 28

Tukkib Noxor ba ca Fuuta 40

Ndew, xale bu jigeen bu yewwu



Mbir mi nuy nettali fii, mu ngi xewe woon ci tundu Jaxaaw. Juroomi doomi ndey lañu won: Laatir, Bukar, Tenej, Ndew ak Xemes caat mi. Ndew moom, ku am bopp la te yewwu. Benn bés, Latyr, Bukar ak Tenej ne dañuy wuti matt ak luñu lekk ca àll ba. Ba ñu demee ab diir, seen rakk jii di Ndew topp leen. Ci la ko Laatir miy seen mag séene, ne ko: Hey! Ndew bul nu topp, laggal ca kër ga.

Ndew nanguwul dégg loolu, ci la topp ci seen gannaaw. Tenkem-tenkem, mu ngi dox ndànk ci seen gannaaw. Bi ñu ko nemmeekoo, fekk na sori nañu lool. Ci lañu ko bàyyi mu ànd ak ñoom. Ndeke, li Ndew topp seen gannaaw lépp, dagg na bant ba defar ci ag xala ak ag fitt. Xale yiy dox, di dox, di dox ba jant fenk ci àllub Jaxaaw bi. Ci lañu yem ci benn néeg ci diggub dëkk fas yéene faa fanaan. Waaye ndax am nañu ci ndigël ?



As màggat su jigeen mu nga toogoon ca wetu néeg ba. Ndew nuyu ko ci yar ak teggín.

Màggat si ne ko:

- sama doom, ndax xam ngeen fii?

Ndew ne ko:

- déedeet sama yaay, fii mooy fan?

Mu ne ko:

- Fii mooy dëkku jaanu ñàngóor. Ci diggu gétt gi la dëkk. Sàmm bu mas a rattsi lekna la.

Bu ngeen di nelaw, dina ñëw ci seen néeg bi. Su ngeen moytuwul dina leen lekk.

Ndew ne ko: "

- naka lay xame ne noo ngi fi?"

- Ku fi dugg dina ko xam, boroom xam-xam la.

Ci la Ndew xam ne mbir am na. Taxul mu tiit wala mu jàq. Waaye waxul dara magam ya.



Ci noonu, la Ndew deme ca màggat sa laaj ko ndax am na deru nag bu dëgër. Bi mu ko ko joxee, mu muur ko ca buntu néeg ba. Ci la tàmbale nelaw ngir mën a xool li des ci guddi gi. Waaye, laata muy nelaw, nee na magam ya ñu yee ko bu ngelaw li uppee. Naka la ngelaw li upp, ñu yee ko. Bi mu yewwoo la takkaat bu baax deru nag bi ba mu dëgër. Fexe na ba yett ci ab bën-bën bu fett mën a jaar. Ci loolu yépp, magam yaa ngay nelaw. Ñii ngi xaran, ñii di gént. Kenn ku nekk ci ñoom mu deferaatal la sa càngaay. Lii lépp ngir bañ kenn ci ñoom yewwu balaa muy tiit. Bi mu noppe, ci la dégg jaan ji muy ñëw. Mu waajal fettam ngir jàmmaarloo ak moom.



Nakala jaan ji yegsi tàmbalee woy, mu nga naan :

- Hai! hai! ana ñi nekk fii?

Boo ko gise, jaani ñàngóor la ju rëy, mat ba am ay petaaw.

Ci la Ndew tontoo ne ko:

- Ñoo ngi nii, ana ku wax loolu?

- Man boroom néeg bi?

- Noo tudd?

- Man maay jaani ñàngóor, ku ma fi fekk dama lay lekk.

Ndew ne ko: yegsil noo ngi fii.

Nakala jege bunt bi rekk, Ndew wacc genn fitt mu jaar ci bën-bën bi mu yettoon. Loolu yépp magam yaa ngi xaran. Bi fett gi jamee jaan ji, mu daldi poru ci saa sa. Mu daldi ne lasiim ci suuf. Ndew dugal ab bant ca bën-bën ba, yëngal, yëngalaat, jaan ji ne nemm. Mu xamne pexeem àntu na.



Ci noonu, la Ndew yee ñetti magam yi.

- Latiir! Bukar! Tening! jógleen! yewwuleen! yewwuleen!

Bi ñu jógee, tiitange jàpp leen ñu ne ko:"

-Lu xew?"

- Jógleen rekk!

Naka la ñu jóg rekk, gis jaan ji mu ne ñareet ci seeni tànk. Ñu ne ko:"

- Ku por jaan ju rëy jii?"

Mu ne leen: gaawleen nu delloo ko ca paxam ma. Dina leen wax ku ko por.

Ñoom ñeent ku ne jàpp, ñuy diri jaani ñangóor ja jëme ko ca paxam.

Leeg-leeg ñu tërëf ànd daanu ndax diisaayu jaan ji. Saa bu ñu daanoo jógaat. Noonu lañu def ba delloo jaan ja ca paxam ma. Ba ñu noppee, lañu sàmp seenu xél topp seen një.



Ca ëlëg sa, jabaru jaani ñangóor ne doom ya ñu dem wëri seen baay ndax fanaansiwul. Naka noonu, doomi jaani ñangóor ya dugg àll bi, fu ne ñu teg fa seen tànk. Ci lañu daw wutali am pax mu ñu séen. Bi ñu yegsee, gis ko mu ne ñareet ca biir ak rëyaayam ba. Ñu daldi yuuxu: sunu baay deema! Kenn ci ñoom ne leen, jooy du faj dara, nanu wëri ñi ko por. Keneen ne wax nga dëgg, wolof njaay nee na "bu ndox tuuro, an bàq a des." Seen rakk ja ne leen, loolu wax ju yàqu la, "xana ñu rootiwaat". Nanu wëri defkati ñaawteef bi. Ci lañu tasaroo ci àll bi, ku ne aw fi barab. Ca xarañ ga, Ndew yég ne ñu ngi leen di wër, mu ne mag ya nañu soppaleku ay garab. Àll bi yépp doon ay garab. Doomi jaani ñangóor wër ba sonn, tëdd ci suufu garab yi di nelaw. Ci la Ndew ak i magam rëcce.




Xél wu yàgg wi tax na ba ñu mar, mar wu tar boole ko ak xiif ak coono.

Ci noonu, lañu séen ab déeg, daw wuutali ko. Bi ñu yegsee, ñu ne Ndew na wàcc ci déeg bi tànqal leen ndox. Ndew ne leen:

- mbaa di ngeen ma dimbali ma génñ ci déeg bu xóot bii?
- Ñu ne ko waawaaw, dinanu la dimbali.

Ndew daldi wàcc ci déeg bi, tànq ndox may leen ñoom ñépp. Naka lañu naan ba màndi, dem bàyyi Ndew ca déeg bu xóot ba. Ñu nga aw yoonu kër ga. Nees tuuti, ay ñey naansi ci déeg bi. Ñey wu jëkk wi naan dem. Ñaareel wi naan lu bari moom it dem. Ñetteelu ñey wi naan ba wannaale Ndew. Deret ji tis ci ñax yi sax ci peggu déeg bi.



Ci jamano jooju, ñetti magi Ndew yi yegg nañu ca kër ga ak seeni loxoy neen. Yóbbuwu ñu matt, yóbbuwu-ñu ñam. Xanaa ay jooy yu metti lañu egsee. Xamal nañu waa kër ga ne Ndew dafa réer ca àll ba. Naka noonu, xibaar bi tas ca dëkk ba. Ñépp maase ci ne waa dëkk bi yépp nañu wëri Ndew. Jenn rakku Ndew ak kenn ci ay xaritam ñoom itam wëri nañu. Coono bi tar ba ñoom ñépp a ngi nopalalu ci wetu benn déeg. Ci toogaay bi, ñu dagg ay bantu xat ngir defar ci ay toxoro. Naka la rakku Ndew ji ëf toxoro gi, am lu ko tontu ci jaww ji. Lii la wax : "kooku ëf toxoro gi ñu ma defare, sama rakk la. Sama mag yi ñoo ma bàyyi ci àll bi, ca déeg ba, ñey wi lekk ma."

Ndaw lu doy waar, kenn gisul luy nuroo ak nit.



Xale bi daw ca kër ga jox toxoro gi baayam. Moom it naka la ëf toxoro gi, tontu li ñëwaat. Baay bi tàllal ko yaay ji, bi mu ëfee, tontu li ñëwati. Baayu Ndew wax wa dëkk bi ñu wëri ñey. Naka noonu, rakku Ndew ji ak xaritam duggati àll bi. Nees tuuti, ñu tase ak ñetti ñey laaj leen:

- Ñey! Ñey! gisu leen seen moroom mi wann Ndew?

- Aaa! nun de ndox rekk lanu naan.

Ñu doxaat tuuti, daje ak ñey wu màggat ne ko:

-Ñey! Ñey! gisoo sa moroom mi wann Ndew?

- Wann lan?

-Wann xale bu tudd Ndew?

- Man de mag laa, ndox donj laa naan.

- Ndax yeneeni ñey a ngi ci kanam?

- Aa! wóoruma, demleen ba xam.



Naka lañu ko won gannaaw, dégg lu ne: ubbileen biiram bi ci wetu camoñ gi, maangi foofu. Ci noonu, la ñaari xale yi fexe ba ñey wi tēdd. Bi ñu ubbee biirub ñey wi ca wetu camoñ ga, fekk ca Ndew. Ci lañu ko génnee deloo ko ca dëkk ba. Ba ñu yeggee fekk nañu waa dëkk ba yépp di ko teeru ni ñuy teeroo buur. Nakala egsi, nuyu waa dëkk ba, saafonte ak ñoom. Bi mu leen nettalee fi mu jaar, ñépp jàpp seen gemmiñ. Ku ne di ko laaj. Lu ñu ko laaj rekk, tontu na ca ci anam yu leer.

Mbirum Ndew, xale bu xarañ ba noonu la mujje. Musal na magam ya ca jaani ñangóor ak i doomam, musal boppam ca ñey wa gannaaw ba ca rakkam ja jàppee.

Magam ya yedd nañu leen, waas leen, xas leen ndax seen kañaan. Li ñu fa mën a jàngee mooy li wolof njaay wax: "na mag ñi yërëm ndaw ñi; ndaw ñi weg mag ñi."

Adapté de : Katitu Momambo, L'Histoire D'une Petite Fille Très Intelligente
Author-Traditionnal San story - Translation-Berthelot Paul (Bruno) and Translators without Borders
Illustration -Manyeka Arts Trust - Langage -French - Level-Read aloud
©Manyeka Arts Trust 2014 - Creative Commons: Attribution 4.0 - Source www.africanstorybook.org
Original source www.manyeka.co.za

Laaj yi

- 1 Ku génne Ndew ca biiru ñey wa?
- 2 Ñaata mag yu góor la Ndew am?
- 3 Ndax toxoro gi ñu doon ëf, Ndew moo ko fa fàtte?
- 4 Noo gisee jëfinu mag ak seen rakk ja?

Lëg ak Kiyaafi



Lëg ak Kiyaafi



Benn bés, Lëg dafa doon doxantu ci àll bi ngir wutal doom yi lekk. Mu mujj guddee ba yoon wi réer ko ndax taw bi ak lëndëm gi. Bi mu doxee ba sonn, amatul pexe, mu dugg ci ronu bànqaasu garab gu daanu ngir fanaan fa. Jékki-jékki rekk, mu dégg yuux yu tar, mu ne bëret di xool lu xew. Mu gis Njamala di daw, lu ñàng, gaaw lool, gémmin ga yaatu ba ne nàpp topp ko. Lëg gis bëtt ya di tàkk, nopp ya làng, mu topp ci ñoom ngir xam cëppaandaw ga. Waaye li muy gaaw a gaaw, lëg mujj na sonn ndax seen xél wu réy wi.

Lëg toog ba yàgg, mu séen mu mel ni lu naaw, mbànkaan Njamala, buusu ko rekk mu tàkk. Lëg tiit bay lox waaye mu topp ko ba gis mu naaw dugg ci lëmu guy. Lëg jommi, dëpp di ñibi, daje ak kéwel mu nettali ko mbir mi ba noppi di ko laaj.

Mu ne ko: waaw, mala woowu nu mu tudd?

Kéwel ne ko: koo ku du mala, mooy Kiyaafi, rab wu mag wi ci àll bi.

Leg dellu ne ko: naka lanuy def ba mucc ci moom?

Kéwel tontu ko ne: moom dafa am ay waxtu yoo xamne ci lay génn.



Bët set na ba jànt bi leer, lëg dellu këram waaye xel mi jaxasoo. Coono bi mu fanaane, jàpp ko muy nelaw ba yàgg mu tēb, yuuxu ca kaw. Doom yi ak jabar yi wër ko, ku ne di ko laaj lu xew.

Jabar ji ne ko: waaw nijaay, lu tax nga fanaan àll biig ba xëy di yuuxu nii?

Lëg ne ko: damaa guddee ba mujj gëlëm xamatuma yoon wi.

Taaw bu góor bi ne ko: xanaa dangaa jommi ci guddi gi?

Lëg ne leen: ràb wu mag wi ci àll bi laa fekk muy por Njamala lorin wu ñaaw.

Lëg faramfàcce li mu gis lépp, ñoom ñépp tiit ba dar seen gémmin.

Doom ju jigeen ji ne ko: baay, àll boobu wóorul bu fa awati mukk!

Lëg ne doom yi: bokkuma ak yéen xalaat ndax damaa am lu ma bëgg mu defal ma ko.

Bàjjan Lëg ne ko: ëppnaa def, loo fa mën a wuti, yaakaarnaa ne jarul bakkan.

Jabar ji teg ca ne: rab woowu ni nga waxe aw meloom, ku mu dajeel, kenn du la mën a xettali.

Lëg ne leen: déggnaa leen bu baax, waaye li may wuti njariñu lëg yépp la.

Bi guddi gi xaajee, Lëg rocceeku ndànk, jëm ca rab wa.



Xaaju guddi, Lëg jëm ca guy ga waaye mu daje ak Kéwel ci yoon wi.

Kéwel ne ko: waaw sama mbokk, looy dox waxtu wii ci gàjj bu lëndëm bii?

Lëg ne ko: damay seeti Kiyaafi ndax damaa am lu ma koy dagaan.

Kéwel ne ko: damaa defe ne da ngay xaru, booy yegg mu lay faat.

Lëg ne ko: xamnaa fi ma koy jaar ba mu defal ma li ma bëgg.

Kéwel ne ko: xanaa dangaa am gällaaj gu lay musal wala danga koy jat?

Lëg ne ko: ñaar yooyu nga wax duma ci def lenn, ci sama làmmiñ wi laa koy naxtaane.

Mujj gi Lëg ne ko: bëgg nga ma mucc, waaye maa ngi dem ndax Kiyaafi waxtu wii lay génn.

Kéwel jooy ne ko: xamnaa ne tey laa lay mujj a gis; demal waaye bul naagu ci say pexe!

Lëg tàggoo ak Kéwel daw wuti guy ga waaye bi mu yeggee fekk génnul, xamul nu muy def. Mu jaaxle lool ndax wër na guy gi ba mu daj te gisul lëm mi.

Muy xalaat ndax dafa jaawaale guy gi wala guy gi day ubbeeku ak a tëju. Mu dellu wax ci xelam ne: Kiyaafi daa dem te dëppagul wala daa génnagul biir guy gi.

Jékki-jékki rekk, guy gi di yëngatu, diir bu gàtt, mu ubbéeku, Kiyaafi ne tëll, lëkk ne dàll ci suuf.



Kiyaafi di xool Lëg ak tuutiwaay bi, yërëm ko, Lëg mi ngi tëdd ci suuf di lox.

Kiyafi bët yi dafa xong te rëy, yaram wépp def kawar, laaf yi gudd, gém-miñ gi yaatu ba ne yàññ. Bindam neexul a melal ndax kenn xamul ku muy nirool ñàngaay. Rab wu am doole la, mën a yuuxu, gaaw ni melax te soxor. Mu xool Lëg ba ci yàgg mu ne ko: yaw yaay kan ak looy wut ci sama bunt kër bi?

Lëg tagg ko ne: man, maay Lëg, damaa jóg tey nuyusi la yaw buuru àll bi. Yaay aar mbooleem ñi dëkk ci àll bi, yaa mën Gaynde te doo mo-roomu segg.

Kiyaafi kontaan lool, firi bëtt yi, di yëngal bopp bi ak laaf yi mel ni kuy fecc.

Lëg dolli ci ne ko: ku la séen tiit, foo jaar ñépp daw làquji, kenn yabula. Kiyaafi xol bi tooy xépp mu ne lëg: masumaa dégg wax ju rëye nii waaye waxagoo ma li ngay wut.

Lëg àndusi ba jige ne ko : dama am naqar, ñépp dañu may ñaawal ndax sama yuur dafa tuuti.

Kiyaafi gëdd Lëg ne ko: bu sa ak yuur tuutee, nga bëgg lan?

Lëg xasan bopp bi ne : damaa bëgg nga yokkal ma ko ndax ma gën a muus mala yépp.

Kiyaafi ne ko: li nga bëgg mën naa nekk waaye fàww ma natt sa xam-xam ba noppi



Lëg ne tekk di ko déglu, Kiyaafi jox ko ab bidonj, ag leget ak aw yet. Mu ne ko: na nga fexe ba feesal leget gi ak soowu Kéwel, bidonj bi ak ay picc yu ndaw. Mu dolli ci ne ko: wutal jaan ju tolloo ak yet wi, nga boole lépp indi ko.

Lëg meeb bagaas yi daldi wéy, dox ab diir, xasan bopp bi, wuti këram. Ci yoon wi, mi ngi xalaat naka lay def ba matal mébetam. Naka lay yégsi, waa kër gi jëkante koo gatandu ndax yaakaar sërïca.

Lëg yenneeku bagaas yi, ñoom ñépp seen yaakaar yàkkeeku ndax tus nekku ci.

Jabar ji ne ko: waaw nijaay, lii rekk moo taxoon nga dellu ca rab wu kée-maane woowu?

Lëg ne ko: déedeet, dafa wax ma duy leget gi ak soowu Kéwel, feesal bidonj bi ak picc yu ndaw.

Mu yokku ci ne: yet wii nak, dafa wax ma wut jaan ju tolloo ak moom.

Taaw bi ne ko: waaw baay, boo yóbbloo loolu yépp ba noppi, loo ciy jële?

Lëg tontu ne : bu boobaa, damay yokkal sama yuur gi ba ma gën a muus ci mala yépp.

Doom ju jigeen ji ne ko: baay, loolu du yomb de ndax Kéwel barina doole te day weqe.

Bàjjan Lëg teg ca ne: jaan, day mätte, di buusu te danjar ja bon ba dee.



Bi Lëg di deglu kàddu bàjjan Lëg gi, mi ngi yëngal geen bi ak bopp bi.

Na ka mu daaneel rekk, mu ne leen: li ngeen wax lépp dëgg la, waaye nañu jéem rekk.

Jabar ji ne ko : xaanaa nijaay bu ñu amee ndam, nun ñépp la Kiyaafi di yokk sunu yuur.

Lëg ne ko: waawaaw, njegam nun ñépp ay lëg lanu kay, ñooy bokk njariñ li.

Bàjjan Lëg ne ko: kon nanu woo lëg yépp nu boole sunuy xalaat.

Lëg dajale màggati lëg yépp, leeral leen li mu ñaan Kiyaafi ak li ko Kiyaafi sas.

Mu teg ca ne: na ku ne wax li mu xalaat ngir nu mën a feesal bidonj bi ak ay picc yu ndaw.

Benn màggatu lëg ne: loolu kay yomb na, danu leen di fekk fa ñuy fore, kèpptal leen.

Keneen ne: loolu pexe la waaye, boo leen di génne ak a dugal ci bidonj bi, mën nañoo rëcc naaw.

Lëg jël kàddu ne: lima xalaat mooy, ñu tëral pexe mu nu leen wootale ba ñu duggal séen bopp ci bidonj bi. Ñépp xoolante ku ne yëngël boppam mellni ku naan waaw.

Lëg ne leegi nunuy def ba feesal leget gi ak meewu Kéwel.

Am ku ne: danuy wër ba gis Kéwel guy doog a jur, nu jàpp ko ratt ba leget gi fees.

Am ku tontu ne: Kéwel neexul a jàpp ndax dafa bari doole, boobu pexe jubul.



Genn màggat ne: wax dëgg amunu doole ju nu mën a téyee Kéwel, xanaa danu koy yeew ba mu dëgër.

Lëg ne leen: gis naa lu gën a gaaw, mën nanu koo nax ba mu duy leget gi te dunu sonn.

Lëg yépp àndandoo ne ko: yaw danga noo bëgg a sonal waaye yaa nu gën a xam li nga nuy laaj.

Mu ne leen: loolu ngeen foog waaye diisoo li ko tax a baax, day waral doo juum.

Mu teg ca ne: leegi jaan ji moo des, waxleen nunuy def ba am jaan ju tollu ni yet wii.

Genn Lëg gu màggat ne: Jaan yombul ay mbir ndax dafa gaaw, day màtt di buusu te danjaram baaxul.

Geneen Màggat ne: jaan moom, pexe mu gaaw mi mooy gállankoor ko ba du màtt, du buusu. Lëg ne ko: waaw kumba, lépp matt na, leegi danuy seeti picc ya, Kéwel ak jaan.

Am ku laaj ne: ndax ñépp ay dem rëbbi leen?

Lëg ne: déedeet, man ak keneen rekk doy na bu nu àndee nun ñépp, kenn dunu ñime.

Yeneen lëg yi boole ko ak lëg gi gën a nekk xale ci màggati lëg yi.

Am ku laaj ne: fan lanu leen di seete ji?

Lëg ne: picc yi danu leen di rëbbi ca déeg ba, Kéwel ak jaan ca gàjj ga.

Kilifa lëg yi def ñaan, wax lëg ak ki mu àndal ñu dem, yeneen lëg yi mu yewwi leen.



Lëg ak Mbokkam àgg nañu ci déeg bi picc yi di naane, gas seeni pax, làqu ci biir. Ab diir, picc yi tàmbalee wàcc, xeetu njanaaw wu nekk ay naansi ci déeg bi. Ci ay simili yu néew, béreb bi fees dell ak ay picc, ñu génndànk. Seen pexe mooy dem ba jege picc yi, ñu mel ni ñuy werante. Picc ya di toŋ, di naaw, di sab, di wër ndox mi, Lëg ak Mbokkam tàmbali waxtaan.

Lëg sànni loxo yi, di dem ak a dikk naan: déedeet mënul a nekk, mënul a nekk waay.

Mbokkam tëb dal, tàllal loxo yi ne: mën naa nekk waay, xanaa gisuloo ni picc yi baree ?

Picc yépp ne tekk, menn yëngootul, ñuy xool ñaari lëg yi ba mu yàgg ñu wëraat leen.

Am picc mu wax lëg yi ne: yeen, lu ngeen di coow nii ?

Lëg ne ko: jarul laaj, loolu mënul a nekk, mënuleen ko waay.

Mbokkam mi ne leen: bidonj bii la wax mënul fees ak ay picc ndax bariwu leen.

Picc yi ree, naaw tasaaroo, am ku ne: loolu yomb na lool, xanaa gisuloo ninu baree ?

Lëg ne: weddi gis bokku ca, yéen a ngii bidonj baa ngi nii, duggleen nu seet.

Jekki-jekki, menn picc dugg, yeneen yi topp ca ba bidonj bi fees, lëg ni leen ràtt tëj.



Lëg ak Mbokkam Kontaan lool, làq seen bidonj, dellu ci pax yi, di xaar Kéwel yi. Ñu xaar lu yàgg, gisuñu dara, ñu dugg ci gajj bi di wër ba séen Kéwel guy nàmpal. Ñu nëw ba jege ko, tàmbalee coowoo di joxoñ leget gi.

Lëg di tëb di dall, di baagante naan: du sotti, bu ko xalaat, loolu mënul ne. Mbokkam wadd, sànni loxo yi ne : nànguwwa, loolu jafewul, xanaa gisu-loo Kéwel gi ni mu toll ?

Lëg ne ko: wax nga dëgg, Kéwel gi dafa réy lool, waaye amul meew mu fees leget gi.

Bi mu déggee turam ci waxtaan wi, Kéwel xamatul lu muy nàmpal ndax deñ-kumpa gu ñëw ci ñoom.

Mu ne leen: waaw yeen, lu ngéen di wax ba di ma tudd ?

Lëg ne ko : loolu jarul laaj, amuloo ci pexe ndax dafa mënul nekk.

Mbokkam tontu ko ne: bul yàkkamtee wax loolu, Kéwel gii ma gis, mën naa feesal leget gi ak meew.

Kéwel ne: kon yeen loolu ngeen di coow, dëgg-dëgg dangeen maa yapp, lii jarul werante.

Lëg ne ko: njegam noonu nga ko gise, def ko ci sunu kanam, leget gi rëy na yaatu.

Kéwel gi mer ba fees, warjentu wet gu ne, wañaaru ab diir, tiimale ween yi ci leget gi.

Lëg ak Mbokkam di ko xool, meew mi sotteeku ba leget gi fees, ñu tàccu ko.



Leegi jaan ji moo des, ñu toog ab diir séen benn saamaan muy jëm ci ñoom. Lëg ak Mbokkam làq yet wi ndax jaan ji bañ leen ragal. Bi jaan ji di leen jub, ñu wëyel seeni pexe, di coow ak a tappale. Lëg dàm loos wi tàllal loxo yi naan: bant bee ko sut fuuf, xoolal jaan ji bu baax.

Mbokkam raay bopp bi ne ko: xamoo li ngay wax, xanaa gisuloo jaan ji ni mu gudde?

Li ñuy wax lépp, Jaan jaa ngi leen di xool, di dégg ñuy tudd turam, mu raam ba ci ñoom.

Mu ne leen: lu ngeen may tudde ?

Lëg ne ko: bant bii lañu lay tëkkaleel ci guddaay.

Jaan tàllalu, dellu lemu, firi bàngoor bi ne: yéen daal xamu leen ma, tëral-leen bant bi.

Ñu tëral bant bi, jaan teg bopp bi ci cat li, tàllalu ba jeex. Lëg ak Mbokkam yeew bopp bi, ndigg li ak geen gi ci yet wi ba mu dëgër kënñ.

Jaan di fuddu ak a buusu waaye amul menn pexe.

Lëg ak Mbokkam dem ca guy ga, teg bagaas yi, Mbokkam ma dellu. Ñu jekki-jekki, riir ma jolli, Kiyaafi ne cëpp ci kanam Lëg di xool bagaas yi, di xool Lëg.


Mu laaj Lëg nu mu def ba am meewu Kéwel, jàpp jaan ak picc yi, Lëg nettali ko lépp.

Kiyaafi ne ko: li nga muus doyna, bu ma ko yokkee, nga gënn maa muus, Lëg yaakaaram yépp tas.

Laaj yi

- 1 Naka la Kiyaafi por Njamala gi ?
- 2 Yan pàcc ci jukki bi mooy wone nee Lëg ku bari pexe la ?
- 3 Yan pàcc ci jukki bi mooy wone ne lëg dafa dëgër bopp ?
- 4 Lan ngeen mën a wax ci Lëg ak Kiyaafi ginnaaw bi ngeen jàngee seen taarix ?

Njàngum jàmm



Njàngum jàmm



Lu dul jàmm, jàmm a ko gën. Fu jàmm amul, loo tàmbali daanaka du sotti. Dara mënul a sotti, file ak jàmm amul. Tax na, ngir nu soppi jamono ji ci lépp, danoo war a jiital jàmm. Looloo tax, ngir coppite am ba àdduna si dal, ñu jiital njàng. Njàng moomu sax, mu war a nekk jumtukaay bi ëpp doole. Kon, fàww nu jàngale jàmm ngir nu am àdduna su nekk ci jàmm. Loolu nak, tekkiwul ne, xare du am, xiiroo ak ñaayoo dafay jeex.

Àdduna su tegu ci dëgg, te amul jaay-doole, dëkkin wi dina rafet. Loolu mën nañu cee dégge jàngale ngir am jàmm, mooy defar nit ku méngoo ak jamono. Nit kooku, dina mën jox cër moroomam ak bépp doomu aadama. Loolu, moo nu may àdduna bu dal te tegu ci njub ak dëgg. Leegi, nu dem lekoolu Muse Jóob, ngir mu leeralal nu, nuñuy jàngalee jàmm.



Ca kalaas Muse Jóob ba, bari na ay dongo. Seen at, tollu ci fukki at ak benn, ba ci fukki at ak ñett. Ren, lekoolu Muse Jóob dañuy def eksame. Kalaas bi, am na ay góor ak ay jigeen. Waaye ren moom, jigeen ñi ñoo ëpp fuuf. Ci jigeen ñi, ràññee nañu ci : Aysatu, Kristel, Ummu, Koddu, Margo... Góor ñi, mën nañu cee lim : Mamadu, Omar, Bernaar, Alasaan, Paskaal...

Kalaasu Muse Jóob bi, dafa set, lépp nekk fi mu war a nekk. Taabal ju nek, ñaari dongo ñoo ci toog. Ku nekk ci dongo yi, ubbi téereem. Ñoom ñépp, ñu ngi jàkkaarloo ak aaluwa ju mag ji. Muse Jóob, taxaw ci seen kanam, leeg-leeg, mu dox ci biir kalaas bi. Xale yépp, lifantu nañu, lesɔŋ bu jëkk bi, jeex na, dongo yi, yàkkamti nañu, ñu jàll ci lesɔŋu jàngale jàmm.



Muse Jóob, bu tolloo ci njàngaleem jàmm, dongo yi dañuy sawar. Dëkke jàmm, warefu ñépp la. Ci noona, Muse Jóob laaj : "nan lañuy def ngir am jàmm ju sax?"

-Aysatu, ginnaaw ba mu yékkatee loxoom, mu tontu : "bàyyi xare.

-Muse Jóob, ne ko waaw kumba, waaye ne yeneen dongo yi, loolu rekk doyna, ngir am jàmm ?

-Mamadu, tontu : "ne, déedeet", ñàkk a xare, xiiroo ak ñaayoo rekk doyul.

-Kristel, teg ci ne, am jàmm du rekk, ñàkk a xare, xiir ak ñaayoo, amna leneen, luy indi jàmm.

-Muse Jóob, laaj yeneen misaal yuy indi jàmm.

-Kristel, yékkati loxoom, tontu : " dëkke xiif, dina indi ñàkk jàmm.

-Omar, dolli ci, "ñàkk ndox mu sell", dina indi itam ñàkk jàmm.

-Ummu, beneen ndongo, ni "ñàkk fooy faju itam" dina indi ñàkk jàmm.

-Muse Jóob, ba mu dëggale, li dongo yi tontu, mu lajaat, ku ci am loo ci yokk?

-Bernaar tontu, ne "ñàkk a toppaatoow alam gi, dina indi ñàkk jàmm. "

-Koddu, beneen ndongo, ni boddikoonte ci biir xeet dina indi itam ñàkk jàmm.

Ci noona, la Muse Jóob, bi mu jaajëfale dongo yi ci seeni tontu yu sell, dig leen beneen ndaje



Bésu talaata bu nekk, Muse Jóob xayma lay jàngale. Talaata boobu, ba mu noppee ci njàngum kenug xayma, dafa duggaat ci lesongu jàngaleem jàmm. Mu gis ni, ndongo yi, sawar nañu lool. Mu tàmbalee laaj ca la xale ya jàngoon démb.

Ci noonu, mu seetlu, ne xale yi, fàttewu ñu luy saxal jàmm.

-Mu laaj, ne lan ngeen jàppaat ni mooy saxal jàmm?

-Alasaan tontu : xeex bekoor dina indi ñakk bekoor.

-Muse Jóob, ne ko waaw góor, ku am leneen lu mu ci dolli?

-Margo, gannaaaw ba mu yékkatee loxoom, tontu ni, xeex feebar yiy wàlle dina indi jàmm.

-Waaw kumba Margo, feebar yiy wàlle day indi fitna ak ñàkk dal ci am réew.

Lu ñu ci mën a yokkaat?

-Paskaal, tontu ne "yërmande ci sunu biir" dina indi jàmm.

-Waaw leen góor xale yi, jàmm mbiri ñépp la. Leegi, ubbileen seen téere ci xët juroom fukk ak ñaar, ngeen def jéemantu bi.

-Bu ngeen noppee, ñu def jàngum xew-xewu démb.



Ca àllarba ja, Muse Jóob, gannaw bi mu nuyoo ndongo yi, lesonju xayma ci xel la tàmbale bés bi. Ci lesonj boobu, jigeen ñee gën a sawar. Aysatu, Kristel ak Ummu, bëgg nañu lesonj bi lool. Ci góor ñi, Bernaar ak Paskaal itam, bëgg nañu lool lesonju xayma ci xel. Looloo tax, bu Muse bi nattee elew yi, ñoom ñooy raw.

Ba mu jeexalee ca xayma ba, Muse Jóob dellu ci lesonju jàngaleem jàmm. Ci noonu, mu dooree natt li ndongo yi jot a jàpp ci jàngaleem jàmm. Mu seetlu ne, ndongo yi farlu nañu lool. Jigeen ñaa ngi góor-góorlu. Góor ñi itam, desuñu gannaw. Jàngale mi mu ngi aju ci : "tabax nit ku méngoo ak jamono." Boobu lesonj soxal na lool elew yi.



Ca doorteel lesongu tabax nit ku dëppoo ak jamano, Muse Jóob, laaj xale yi ndax mën nañu tàmbaliwaat?

Ndongo yi, waxando, noppi nanu Muse.

Mu teg ca ne leen: lan ngeen jàpp ne dafay defar dëkkuwaay.

Nafi tontu : yërëm ku gën a néew doole.

-Muse Jóob ne ko : waaw kumba, ca lañu dégg mbiib ngay yégle waxtu dallu wa. Muse Jóob, wax xale yi ñu génñ. Yenn xale yi dem naani. Yeneen xale daw dem ndekki seen kër. Ñenn ci ña fa des ñoom, di fo ci biir lekol bi. Jàngalekati lekol bi ñoom itam, dajaloo ci genn ronug garab. Ci ñoom, am na ñett yu jigeen. Ñu ngi tudd Madam Njaay, Madam Sow ak Madam Jàllo. Muse ñoom ñeent lañu : Muse Jóob, Muse Faal, Muse Gomis ak Muse Juuf. Njiitu lekol bi ren, jigeen la. Madam Jaañ la tudd, moom nak, ku fonk liggeey bi la.



Bu fukki waxtu ak benn tegee fan ween simili, Jiitu lekol bi mbiip. Ndongo yépp dem taxaw seen buntu kalaas, def ay sàppe ? Jàngalekat bu nekk, wax ay ndongoom ñu dugg benn-benn.

Muse Jóob, tàmbale yeggale lesonu jàngaleem jàmm. Mu laaj, fi ndongo yi tollu won.

Sàmba tontu : «yërëm ka gën a néew doole.»

Muse Jóob ne leen, lan lañu ci mën a yokk ?

Jeynaba tontu : « nu bañ a doyalal jenn doomu Aadama.»

Waaw kumba, Jeynaba.

Lu ñu ci mën a dolliwaat?

Abdu tontu : « ñu bañ a toroxal jenn doomu Aadama.»

Waaw góor, Abdu.

Ci noonu, Sala dolli ca, "bañ a xeeb kenn."

Yéen daal ay jàmbaar ngeen, bu ñépp defee ne yéen, jàmm dina am.

Waaw leegi, defleen ay jéemantu.



Ca bésu alxemes ba, Muse Jóob war a tàmbali jàngale màndarga réew mi.

-Mu daldi laaj ndax ñépp teew nañu ?

-Aysatu, yékkati loxoom, ne ko tey, jigeen ñépp ñëw nañu.

-Góor ñi nak, kan moo ñëwul tey?

-Alasaan, gannaw ba mu yëkkatee loxoom, tontu : góor ñi itam, ñépp ñëw nañu.

Ci la tàmbali lesɔŋ bu bees bi.

Réew mu nekk ci aaduna bi, dafa am ay màndarga. Looloo tax, sunu Senegaal am ay màndarga yuy jëmmal réew mi. Màndarga yooyu, danu leen war a fonk.

-Ku ma ciy wax menn màndarga ?

-Paskaal tontu : "am na raaya réew mi"

-Waaw góor Paskaal, raaya réew mi, danu koo war a fonk.

-Ak lan, laajaat Muse Jóob ?

-Koddu yokk ci: "bàkku réew mi"

-Waaw kumba Koddu, bàkku réew mi itam, lu nu war a fonk la.



Muse Jóob fàttali la ñu jot a jàng : muy raaya réew mi ak bàkku réew.

Mu lajaat xale yi lu ñu ci mën a yokk ci màndarga yooyu ?

Ndongo yi yépp, yékkati seen loxo. Muse Jóob seetlu ne, xale yépp a bëgg a tontu. Ci noona, mu gis ne itam, góor ñee gën a sawar.

-Mu laaj Omar," man màndarga réew mi nga xamaat."

-Omar tontu ko: "kañu réew mi."

-Waaw góor Omar, kañu réew mi itam danu ko war a fonk.

-Màndarga yi ngéen tudd, danu ko war a fekk ci bépp pénc mu mboolloo di daje.

Mbubb yi soldaar yi di sol, danu ko ciy gis. Ci ñoom ñooñu, ñii dañuy aar biir réew mi. Ay alkaati lañu. Soldar yi ñoom, ñooy aar sunu diggante ak yeeneen réew yi.

-Ñan ñoo fi bëgg a nekk alkaati wala soldaar?

Kalaas bi yépp, yékkati seen loxo, góor ñi ak jigeen ñi. Muse Jóob gis ne ay coppite am na ci jigeen ni.



Bu yàgg ba, jigeen, liggéeyu jàngale ak bu doktor la gënoon a sawar. Jamono ji nu tollu, loolu dafa soppeeku. Jigeen ñi, naratuñu toog ci kër yi.

Leegi ñu delluwaat ci njàngum jàmm. Wut jámm, bokk na ci sàmm lu ñépp bokk.

Wut jámm, bokk na ci itam sàmm alalu jàmbur.

Bañ a tilimal, dina indi dëkkin wu rafet.

Moytu yàq, dina indi jàmm.

Bañ a jël alalu jàmbur itam bokk na ci luy indi jàmm.

Aaduna bu dal, am jàmm, dina jox nit ki àqam ak yelleefam. Loolu, dina jaar ci dund bu doy ak paj mu sell. Dina ànd ak itam ñu jàngal xale yi, aar leen, tete leen.

Ndaw ñi jox cer mag ñi ak màndarga réew mi. Waaye, tekkiwul ne, boy wut jàmm, danga naan patt ci lépp, ba ci ludul dëgg. Jamono ji, su nu béggee am jàmm, nanuy def jàmm, yéenante jàmm, jàmm ci la lépp xaj.

Laaj yi

- 1 Limal ñaari ndongo yu jigeen ak ñaari ndongo yu góor ci kalaasu Muse Jóob ?
- 2 Lan la Muse Jóob, gën a jàngale ci ayubés bi ?
- 3 Lu doyadiil doomu Aadama mën a jur ci aaduna ?
- 4 Lu waral jàngaleem jàmm am solo ?

Tuukib Ñoxor ba ca Fuuta



Tuukib Ñoxor ba ca Fuuta



Bés booba Ñoxor fajar cuuy la jóg ndax bañ oreeru Fuuta ba rëcc ko. Tukki bi, mi ngi ko tàmbalee waajal ba doomu nijaayam Sóogi demee Xaawre ca wetu Semme. Demba ab "faraasnaabe", moo fay tabax ag kër joxoon ko liggeey ba. Demba nekk na Faraas ca Mantlaasoli diirub fukki at laata muy ñibbisi Senegaal. Ni ñu koy faral di waxe, jom mooy tukki waaye fulla mooy ñibbisi. Doomu Semme baa ngi waajal jël soxna. Doomu bàjjanam Mariyam lañu koy waaj a may. Bëgg na koo dalal ci kër gu mucc ayib. Loolu rekk a mën a seral xolam ci li mu daj Faraas ngir dajale alal ji mu indaale.

Liggeey bi tuutiwul moo tax Sóogi woo Ñoxor mu jàppale ko ci. Ñoxor, Seereeru Siin bi, bég lool ci li mu war a dem Fuuta ca kolam ya, Tuklëer yi. Masul a génn Ñaaxar ga mu dëkk. Ci tele bi rekk la daan gis Fuuta na mu mel ak na fa nit ña dëkkee. Waajal na tukki bi bu baax, fàttewul dara ci jumbukaay yi muy soxla. Dem na tàggu mbokkam yeek xaritam yi. Népp ñaanal ko yoonu jàmm.



Ardo, Sofëeru alpulaar biy dawal kaar biy daw Fatig-Fuuta, dafay làkk seereer bu set. Nee na li mu yàgg Fatig a ko may mu dégg lool làkku "jaamam yi".

Ci biir oto bi, Ñoxor a ngi toog ci ginnaaw Ardo , ci palaasi kanam yi. Mi ngi xool ak bëti mbégte, tooli meññeef yi miy romb ak garab yu naat yi mel ni ñuy dàqante. Nu ñuy gën a sori, kéew giy gën a soppiku. Ñoxor gis ni lu ñuy gën a dem bëj-gànnar, garab yiy gën a wàññiku. Dàllangeer gu mag gi ñu tuddee deseeru Saaraa te nekk Gànnar mooy duggisi Senegaal te buntam mooy Fuuta. Ñoxor yëngal bopp ba ne ca xelam: "lii war nañu ci jóg balaa muy ëpp ay loxo." Ardo geestu, dagg Ñoxor ca ay xalaatam, ne ko : "Sama gàmmu foo jëm ci Fuuta?" Ñoxor yeex a tontu. Ardo dellu ne ko : "Jàmbaar xanaa danga muuma? Yaa ngi may dégg wala?" Ndaxam sax Ñoxor dégg na sofëer bi, waaye dafa fàttaliku lu ñu ko jàngaloon ekool: tere nañu kuy wax ak sofëer buy dawal. Ardo dellu ne ko: "Baax na ! Dama la bëggoon a tegtal rekk fooy amee cere ak meew mu neex ci Fuuta!" Ñoxor tontu ko ne : "Danga maa bëgg a jàpp caalit donj. Cere ak soow Siin la ëppee."



Ardoon ngay wëyal waxtaanam ak Ñoxor. Kooka tànqam lu na ko ba tàyyi ngir mu dawal bañ a wax waaye mu të. Ba ñu dawaate tuuti mu neeti Ñoxor: "Bu nu yeggee Fuuta, dinga xam ne alpulaar yi ñooy buuri seereer yi. Loolu ca sunuy maam la ba léegi."

Ñoxor tontu ko ne ko: "Buuru alpulaar yi bu yeggee Fuuta, jaamam yépp dañu koo war a teeru. Dañu koo war a teral it ni ñuy teralee buur. Li gën a baax ak li gën a neex ci Fuuta lañu ma war a jox. Damaa war a lekk ba suur, tëdd ci lal bu nooy sama jaam yi di ma berndel. Sunu maam yi sax ñoo ko def. Bu ñu jaayoon seen jaami seereer yépp kon tey doo nekk fii di ma sonal. Dawalal te bàyyi sa wax ji, wala ma nangu oto bi jox ko keneen. Lu ab alpulaar yor seereer yi ñoo ko moom. Te xamal ne du ma paas." Ardo xàqataay ca kow ne ko : "Bu ñu yeggee Fuuta malay jaay. Xamu ma, ana seereer ak lekk lu neex. Sunu desit yi ngay lekk boo yeggee."



Daanaka xaaju guddi lañu yegg Semme. Oto bi dafa paanoon ci yoon wi. Ñoxor jàppale na bu baax Ardo ci defaraat oto bi ndax def na tuuti mekanise laata muy tàmbali meceem masonj. Ca noona, ñaari gàmmu yi mujj a miinante lool ci yoon wi. Ardo laajoon na Ñoxor ne ko : Ndax xam nga kër gi nga jëm ci Xaawre? Man, Semme laa dëkk. Ñoxor ne ko: " Déedeet, waaye Sóogi neewoon na ma bu ñu yeggee ma woo ko ci telefonam mu jëlsi ma." Waxtu wa ñu yegg tax na Ñoxor mënul woo Sóogi. Ardo am mbégte lool ci përye Ñoxor këram. Mu ne ko : "Sama gàmmu, ñëwal fanaan sama kër ba suba nga soog a dem Xaawre. Waxtu wii, waa dëkk ba tëdd nañu te yoon wi lëndëm na." Ñoxor tontu ko ne ko : "Sama gàmmu, bëgguma laa sonal. Tee ngaa bàyyi ma jéem a dem ?" Ardo ne ko: " Mukk, Ñoxor. Sama kër sa kër la. Nun ñépp doomi Senegaal lanu. Te xamal ne, man jàppeenaa la doomu ndey."



Ñoxor mujj naa nàngu li ko Ardo ñaanoon. Ardo bég lool, ànd ak moom ba ca kër ga . Ba ñu yegsee, as ndaw su xees, xaw a sew te njool, teeru leen. Salimata la tudd mooy jabaru Ardo. Naka mu nuyook Ñoxor ba noppi, mu may ko ndox mu sell ci pot bu set. Ñoxor naan ba noppi ne ko: "Jërëjëf sama jaam bi." Salimata muuñ ne ko: "Dama lay ganale rekk, waaye xam nga ne sa kër ay buur nga ñëw." Ba Ardo ak ganam dàlloo ba noppi, soxna si indil leen cerey mbuum ak legetu meew. Naka lañu tàmbalee lekk rekk, Ñoxor mel ne ku co-roxaan. Ardo ne ko: "Sama gàmmu defal ndànk rekk , cere ji bari na. Xamnaa ne xiif nga waaye dinga suur ndax bu jeexee sax ñu dolli la." Ñoxor ne ko : "Xamoon naa ne dinga wax ne cere jee ma tax a co-roxaan. Waaye wax dëgg Yàlla, neex na lool te bari na ." Salimata ne ko reeral ba suur. Saa soo béggee rekk, wax ma, ma defal la ci meewmi. Meem mu bees la. Sàñq ci ngoon laa ko rattee ci sama bëy yi."



Ba ñu reeree ba noppi, Ardo indi doomu xaal bu rëy. Ginnaaw ba mu ko raxasee ba noppi, mu teg ko ca palaat ba dagg ko ñetti pàcc. Mu jël benn pàcc ba jox Ñoxor, beneen ba mu jox ko Salimata, ba ca des mu féetéewoo ko. Ba Ñoxor lekke ba ca kanam mu ne: "Sama jaam yi daal dangeen maa bëgg a lor waaye du ma ko nangu. Sama biir bi fees na dell. Mënatuma cee teg leneen. Sama xol sedd na. Maa ngi leen di ñaanal jàmm ak xéewal yàgg ci seen kër gi. Yal na njaboot gi ànd ak wér. Yal nañu am ndam ci seen njàng ba amal leen njariñ ëlëg. Fi mu nekk nii sonn naa te gëmmentu. Suma mënnoon a dallu dina baax." Ardo ne ko: "Balaa ngay tëdd, bàyyil ma xiimal la attaya." Noxor ne ko: "Jërëjëf gàmmu. Su ma ko naane rekk duma gëmm bët. Dafa may yàqal samay nelaw. Jéggal ma rekk!"

Ca noonu, gànnaw ba mu gërëmee njaatigeem ak jabaram, Ñoxor dem ca néeg ba mu war a faanaan. Naka mu tëdd rekk, nelaw ya dikkal ko.



Ba ñu xëyee suba, Noxor jóg sàngu, julli, tàggoo bëgg a dem. Ardo ne ko: "Doomu ndey, soo demee te ndékkiwoo , dinaa la mere lool! Xaaral ba soxna si defar ndékki li ba noppi." Ba Ardooy daaneel rekk, Salimata yegsi ak ab palaat bu mu teg ay kaas ak ab kafteer. Ba mu nuyoonte ak Ñoxor ba noppi, mu dem dellusi ak beneen palaat bu def ñaari miisu mburu tàppa-làppa ak buteelu lem." Ñoxor ne : "Yéen daal maa ngi leen di sonnal! Li lépp jaru ko woon. Su ma demee Xaawre dina ndékki." Salimata ne ko: "Déedeet, gàmmu, ndékkil ba suur soog a dem ; moo gën. Lu ko moy, dinaa la mere. Te sa buur bu la meree, mën na la jaay de!" Ñoxor ne ko kon xaaral ma ndékki gaaw balaa nga may jaay!" Ñoom ñépp ñu ànd xàqataay. Ardo ne: "Xam nga ni lii neex na lool! Kal dafa neex te dafay suuxat ay diggante, indi jàmm ci réew. Diggante pël ak seereer, lii yàgg na fi te yàlla na jëm kanam. Ñoxor, sama xol sedd na lool ci li nga fi nangoo fanaan. Won nga ma ne leegi ay doomi ndey lañu. Boo yéggee Xaawre, na nga dem kër sama najaay Béydi Sow, ndax nga xamanteek ak waa kër ga. Dina ko woo wax ko dinga fa ñëw."



Ba Ñoxor ndékkée ba noppi, mu tàggo ak Ardo , sant ko mook jabaram ci ni ñu ko ganalee. Ardo gunge ko , boole ko ak taawam bu góor mu yóbbu ko ci sareet ba Xaawre. Ba mu yeggee ma nga fekk Sóogi taxaw ca pénc ma di ko xaar. Kër ñoom Demba ak pénc maa janoo. Ba ñu dugge ca kër ga, ña nga fekk Demba ak ràkkam Agiibu ñu toog ca suufu niim ga di attaaya.

Sóogi wonale leen , ñu nuyoonde , saafonte, jàmmasante. Agiibu ne : "Ñun de kon amaat nañu beneen jaam ci kër gi. Tabaxu Demba bi dina gaawo noppi, te du ñu fay dara." Ñoxor tontu ko ne ko: "Dafa mel ne leegi nàngunaa ndax li ma gis Semme tax na ba mēnatuma leen tooñ. Seen sofëeru oreer bi moo ma dalal biik ci guddi. Fa laa fanaan, lu nekk mu defal ma ko moom ak soxnam. Fuuta daal nit ñu baax lañu." Sóogi feelu ko ne : "Gisagoo dara! Gis nga siket bale yeewe, yow la doon xaar, Demba neena dafa la koy teeroo." Demba àddu ne: "Waawaaw ! Gan moom, ganale rekk laa ci xam. Dangeen a bàyyi seeni kër ñëw ci seeni buur, fàww nu won leen ni ñoo leen moom .

Te dañoo bëgg ngeen jàpp ne seen kër ngeen nekk."



Ba ñu dàlloo ba aña ba noppi. Naatàngooy Agiibu yi maaseek Ñoxor ñëw ca kër ga. Kenn ci ñoom, Jibi Taal, bokk na ci ñiy jàppale Sóogi ci liggeey bi. Ba mu nuyoonte ak Ñoxor ba noppi, mu ne : "Sunu kër a ngi nii, miir a dox sunu digganteek kër gii. Ñoxor soo béggee mën nga ñëw nekk sunu kër. Ab néeg a nga fay tëjee. Kenn nekku ca. Sunu kër daanaka man ak sama yaay rekk ak sama jabaru mag ñoo fa nekk. Sama rakk yaa nga Ndar di jàng iniwersite. Sama mag ji soxnaam nekk ci kër gi ma nga Gabon." Ñoxor walbatiku xool Sóogi, kooku xàddam-tiku ne: "Loolu de yaakaar naa ne mën naa nekk ndax yeen a maase te war ngeen a mën a nekk." Demba jël kàddu ne : "Ñaari kër yi benn lañu. Bu la neexee nga dem taaleen. Yaayu Jibi sama rakku yaay la te man sax seen mag, Yoro mi nekk Gabon, sama xaritu benn bàkkan la." Ñoxor ne: kon nanu def noonu. Jibi jërëjër ci li nga def. Waaye danga may neexal rekk, xam nga ne man maay sa buur." Jibi ree ne ko : "Waaw, nàngu naa. Xam na ne sunu kër dina xumb."



Faatmata jabaru Yoro la. Ba ñu jàmmasantee ba noppi, Jibi won Ñoxor néegam. Ba Ñoxor duggee ca néeg ba dafa waaru. Ndekete Jibi wajaloon na ñëwu Ñoxor bi. Néeg ba dara mànkewu fa ! Jumtukaay yi Ñoxor di soxla, yépp a nga fa. Am na sax ab tele bu ndaw ak wantilatëer. Jumtukaay yooyu ci safara siy jóge ci naaj wi lañuy doxe. Ci kow lal bi fekk na fa ay darab, benn sarbet ak ay musuwaar yu bees tàq. Tegal nañu ko fa ab gaas ak palaat bu def ay kaas, potu kafe ak bu attaaya ak benn boyetu suukër. Ñoxor woo Jibi ne ko: "Jibi yaw xamnaa lii danga koo parewoon bu yàgg. Lii moom dafa ëpp! Man bëgguma leen sonnal."

Jibi ne ko: "Lii lépp sama yaay la. Bi ma ko waxee xalaat bi la ne ma, seereer ak alpulaar, terànga rekk moo ci xaj. Loo mën ci teral Ñoxor na nga ko def te rafetal sa dëkkin ak moom. Seenii maam benn lañu. Seereer yi Fuuta lañu cosaano. Foofu la sunu kàllanteek ñoom sosoo."

Ñoxor ne ci xelam: "Lii kenn warul seetaan ba mu deñ ci diggante seereer ak alpulaar."

Laaj yi

- 1 Fu Ñoxor jëm ak lu mu fay defi?
- 2 Lan mooy kàllante?
- 3 Ndax Ñoxor Semme la jëm?
- 4 Ndax Ñoxor ak Sóogi ñooy bokk kër gu ñu nekk?
- 5 La tax li nekk ci diggante seereer ak alpulaar warul deñ?

Tànk-ndànk

CE1


Jéego

7

Téere

2

WOLOF



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

Tànk-ndànk 7

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

Li téere bi ëmb

Piipa ba 4

Jàmb jóob jaak waa Njóobeen..... 16

Kaarange Kéew gi 28

Sàrt yi 40

Piipa ba



Benn bés la woon, am ab nappkat bu dëkkoon ak jabaram ca wetu géej ga. Ñu nga dëkkoon ca ab néegu ñax. Bés bu nekk dafa doon jël gaalam gu rëy ga, dem géej. Kontaan na ba mu gisaatee **duusu** géej gi. daan na bëg itam, suy yëg naaj bi di laal kar-kanamam ak ngelaw liy fërarari ca kaw boppam. Yenn saa yi bu xoolee jant bi di so, dafay waaru ci Yàlla. Ni àdduna bi bindoo ak rafet gi mu rafet tamit, daf ko yéem. Moo tax, toog na lu yàgg di xalaat rekk fàttee sànni mbaalam ca biir géej gi. Benn bés ba géej ga nee tekk, mu sànni ca mbaalam. Ndox maa ngi leer nàññ. Ba mu noppee, ca la sant Yàlla, ndax na bés ba neexee ca moom. Ba muy xëcc mbaal ma, sonnoon na lool, ndax na mu diissee. Waaye teewul ma ngay xëcc di xëcc rekk, mujj gi muy àppaat.



Mu def ci dooleem jépp. Di xëcc rekk. Mu yaakaar ne jàpp na ay jën yu bari. Waaye gisul ca biir mbaal ma ludul benn piipa bu rëy ame der bu rafet ni wurus. Mu bett ko lool, ba mu déggee piipa ba di wax ak moom yor baatu nit. Mu ne ko: " Nappkat bu ndaw bi, maa ngi lay ñaan nga bàyyi ma, ma dellu ci biir géeej gi. Bàyyi ma, ma dem, ma jox la lépp loo bëgg." Nappkat bi jël ko ndànk. Dello ko ca biir géeej ga. Ba Nappkat ba egsee ci këram, mu nettali jabaram la mu dund. Jabaram mer ba futt, ne ko: "Lu mu néew-néew, waroon nga ko laaj mburu! Ay fan yu baree ngii amu nu mburu. dellul gisi piipa ba, ne ko mburu mu bees laa bëgg."



Nappkat bi delluwaat ca bërëb ba mu bàyyee woon Piipa ba. Foofu amoon na ngelaw lu xawa sedd. Amoon na itam duus yu doon dal ca gaal ga. Ca saa sa, nappkat bi tàmbalee woo piipa ba. Mu ne ko: "Piipa bu rafet bi!. Piipa bu rafet bi!. Ñëwal fekksi ma fii. Sama jabar a ma yónni." Piipa ba génne bopp ba laaj ko: "Lu mu bëgg?" Nappkat bi ne ko: "Dafa xalaat ne, bi ma la jàppee ci mbaal mi dama la waroon a laaj mburu. Dafa bëggoon nga ñaanal nu, nu am mburu." Piipa ba ne ko: " Demal ñibbi,ta xam ne, li mu doon ñaan am na ko."



Ba mu yeggee ca këram, mi ngi fekk jabaram di tegale ay miisu mburu. Rax ci dolli, ci seen biir néeg, ci ab ruq, ay saaku fariñ yu baree, nga fa. Jabaram ne ko: "Gis nga, sa delluwaat gisi Piipa bi, ni mu baxee ci nun." Waaye ci diiru benn weer, jabaru nappkat ba tàmbali di xultu. Ca la waxaati jëkkëram ne ko:" Danga ko waroon a wax mu ñaanal la nga am kër. Xoolal néegu ñax bu bon bii nu nekk, dëgërul sax. Ca dëgg-dëgg, li nu soxla mooy keur gu rafet, dellul gisi Piipa ba. Wax ko mu ñaanal nu, nu am kër gu rafet." Nappkat bi delluwaat, ca bërëb ba mu bàyyee woon Piipa ba mu dellu ca géej ga. Jant bi dem lu sori, di feeñ ci ginnaaw niir yi. Nge-law li, xaw a yëngal gaal gi. Ca saa sa, nappkat ba, tàmbalee woo piipa ba.



Mu ne ko : "Piipa bu rafet bi! Piipa bu rafet bi! Ñëwal, fekkisi ma, fii. Sama jabar a ma yónni."

Piipa ba génne bopp ba laaj ko : "Lu mu bëgg?" Nappkat ba ne ko : "Dafa bëggoon nga ñaanal nu, nu am kër. Sunu néegu ñax bi dafa màggat.

Piipa ba ne ko : " Demal ñibbi, ta xam ne, li mu doon ñaan am na ko."

Bi mu egsee ci këram, mi ngi fekk jabaram sol robb bu bees. Mi ngi taxaw ci bunt kër gu rëy gu ñu tabax. Ca ginnaaw kër ga am na benn tóokoor. Ca ginnaaw tóokoor ba, amna ab pulaaye.




Jabaram ne ko : "Gis nga, sa delluwaat ca Piipa ba, ni mu baxee ci nun." Waaye ci diiru ñaari ayu-bés, jabaru nappkat ba tàmbali di xultuwaat. Ca la ko ne : "Kër gii dafa tuuti lool. Li nu soxla mooy kër gu taaru. Dellul gisi Piipa ba. Wax ko mu ñaanal nu, nu am kër gu taaru." Jabar ja sonal ko lool, ne ko : "jógal dem géej." Nappkat ba delluwaat ca béréb ba mu bàyyée woon Piipa ba mu dellu ca géej ga. Ngelaw laa nga bari ta am doole. Dafa mujj di baaje gaal ga sax. Nappkat ba jaaxle,tiit, xawa mere jabaram. Mu ne ci xelam lii lépp moo ma ko teg.




Ak khol bu jeex nappkat bi woo Piipa ba. Mu ne ko: "Piipa bu rafet bi. Piipa bu rafet bi! Ñëwal, feksi ma fii. Sama jabar a ma yónni." Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma, laaj ko: "Lu mu bëgg léegi?" Nappkat ba ne ko: Kër gu taaru la bëgg. Sunu kër gi dafa tuuti lool. Piipa ba, ne ko: " Demal ñibbi, ta xam ne, li mu doon ñaan, am na ko." Bi mu egsee ca këram, ma nga fekk jabaram sol robb bu rafet. Ba noppi, mu ngi taxaw ca diggu ëttu kër gu taaru ga. Ay fukki fukki dunguru, ña ngay jaabante ca biir kër ga, jóge ca wet gu nekk.

Jabaram ne ko: "Gis nga, sa delluwaa ca Piipa bi, ni mu baxee ci nun." Waaye ci diiru benn ayubés, jigeen ji fekk jëkkëram di nelaw, mu yën-gal ko ak doole, yee ko. Ci la ko nee: "Fàww ñu nekk buuru dëkk bii."




Waaye nappkat bi ne ko: "Man bëgguma nekk buur." Soxna si tontu ne: "Man de dinaa nekki buur. Demal wax ko léegi-léegi, ni man dama bëgg jiite dëkk bi." Nappkat bi delluwaat ca géej ga. Kanamam gaa ngi lewet, xol ba diis. Ba mu egsee, asamaan saa nga xiin ba ñuul, di dënnu. Ci ay yoon i yoon, duus yi xaw na ñu këpp gaal gi. Ca diir bu gàtt rekk , nappkat ba ne: "Piipa bu rafet bi! Piipa bu rafet bi! Ñëwal, fekksi ma fii. Sama jabar a ma yónni." Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma, ne ko: "Lu mu bëggaat?"



Nappkat ba, ne ko: "Dafa bëgg nekk buur." Dafa bëgg, dëkk bi yépp di wéy ci ay ndigalam. Piipa ba ne ko: " Demal ñibbi, ta xam ne, li mu bëgg temm, ci saa si, am na ko." Ba nappkat ba egsee ca këram, ma nga gis kër gu taaru lool. Lu tollu ci junni soldaar, ñu ngi koy aar. Mu ngi séen jabaram nekk ca biir, toog ca genn gàngunaay gu rëy . Ca bopp ba, amna ab kaalag ndam gu wurus gu ñu tapp jamaa. Mu ngi sol robb bu taaru, am ay per yu sew ci kaw. Bi ko jabaram gisee, ne ko: "Gis nga, nga dellu gisiwaat Piipa bi, ni mu baxee ci nun. Waaye ca guddi googa, jabaru nappkat ba, ma nga tëdd ca lal bu rëy. Ca lal ba, ña nga ca lal mbàjj mu diis te nooy waaye jabaram mënul a woon nelaw. Mi ngi xalaat lan la war a mën a amaati ci Piipa bi. Mu jekki jekki wax: "Waaw, bi ma béggee nelaw rekk , la jant bi fenk, ta joxuma ko ndigal ngir mu fenk. Dawal gisali ma Piipa bi."



Jabaru nappkat bi ne jëkkëram : "Demal léegi léegi wax ak Piipa bi. Ne ko jox naa ndigal jant bi, weer wi, ak biddiw yi ñu wéy ci samay waaw." Ca la jox ndigal soldaaram yi, ñu génne nappkat bi, ci biti. Mu ànd ak njàqare ak tiis, génn dem ca géej ga. Ba mu egsee, ngelaw lu mettee metti dab ko ci géej gi. Duus yi di yëngal gaal ga, ba mëna-tukoo dawal bu baax. Ci ay yoon i yoon, mi ngi góorgoorlu, def ci doo-lem gépp ngir jàmmarloo ak ngelaw li. Waaye mujj gi, baatam dafa dee. Ci la woowee Piipa ba, ne ko: "Piipa bu rafet bi! Piipa bu rafet bi! Ñëwal, fekkisi ma fii. Sama jabar a ma yónni." Piipa ba génne bopp ba ca ndox ma. Ba noppi laaj ko: "Lan la wara bëggateeti?"




Nappkat bi ne ko: « dafa bëgg yilif àdduna bi.» Piipa ba tontu ko, ne :
« Kenn mënul a defal sa jabar jooju, li mu bëgg, ba fàww. Kon nak,
yaw nappkat bi, maa ngi dem ba fàww. Man ak yaw du ñu gisanteeti
ba fàww.» Bi nappkat bi egsee ci këram, fekkatufa kër gu taaru ga.
Li mu fa fekk mooy néegu ñax ba mu jëkkoon a am,te dafa gën a
yàkku. Mi ngi fekk jabaram mu sol ab sagaru robb bu ñu **dabb-daaxe**.
Nappkat bi ne ko: “Bul jooy. Déedeet, du bi nga nekkoon bur, ci la sa
dund gënoon a neex. Dund bi gën a neex mooy, doylu, dundu ci li nga
am. Boo amul li nga bëgg, da ngay jàpp ci li nga am.” Ginnaaw bi mu
waxee loolu jabaram ba noppi, ca la dellu ca géej ga. Ba mu eggee ca
géej ga, napp na li ñu wara dundee ca bés ba.

Laaj yi

- 1 Bi nappkat ba sànnée mbaalam ca gééj ga, lan la jàppoon ?
- 2 Ndax Piipa ba mën naa maye lépp lu mu bëgg maye ?
- 3 Lutax jabaru nappkat bi, di yónni jëkëram ay yooni yoon ca Piipa ba?
- 4 Lutax nappkat bi wax ne: « boo amul li nga bëgg, da ngay jàpp ci li nga am ? »

Jàmb jóob jaak wa Njóobeen



Mas na am, ci réew mu sori, ab dëkk bu ñuy woowee Njóobeen. Ndëkk su ndaw la woon, nekk ci wetu àll bu yaa te bari ay garab. Ca booba àll, amoon na fa ag garab gu mag a mag gu nekkoon dëkkuwaayu ab jàmb-jóob ju yéeme. Ñu nga ko daan woowee Naawaakoon. Rafeetaayam amul woon fu mu yem! Amoon na ay dunc ci melo wu nekk : baxa, xonq, mbóq, nètëx maan wert, sokolaa, ñuul, weex, yolet, soraas, aãs.

Bu firee laaf ya, dina am dayoob ñaar fukki meetar.

Sàll wa da réyoon te ñaw ne paaka. Bët ya dañu doon lerax-leraxi, mel ne luy tàkk. Tàggam wa réyoon na ba fees kow garab ga gépp. Su xaacuwaan dañu ko daan dégg ba fukki kilomeetar.

Waa dëkk ba tàmmaloon na ñu picc ma di ko yóbbul ayu-bés bu nekk, xeeti lekk yu bari. Bu ñu daan dem di yóbbu lekk ga, dañu daan woy ak a kañ picc ma.

Su Naawaakoon lekkaan ba suur, dafa daan pëtpëti, tàllal laaf ya, sab sab wu réy. Bu dee ci jamanoy nawet, buy daaneel sab wa rekk, taw bay tàmbali.



Bernde ya waa dëkk ba tàmmaloon Naawaakoon, masul woon dakk. Noonu lañu doon baawunaanee at mu taw bi yeexee wàcc. Daanaka dëkk ba musul bekkoor. At mu ne, seeni sàq dafa daan fees dell ak xeeti mbeyeef yépp. Xamuñu woon xiif, lu nekk dafa ni woon gàññ.

Waaye menn at, fuuyte jàpp waa Njóobeen, ñu tàmbalee soofantal Naawaakoon, di tëbal bés yi ñu koy yóbbul ñam wa. Mujj gi, ñu bàyyi koo leel. Picc ma tonku, xiif jàpp ko mu mer lool di sab, sab wu raglu. Sabel, doomu boroom dëkk ba ne baayam: "Baay, ñoo ngi fàtte Naa-waakoon de, lu nu dal rekk nun la!"

Baay ba tontu ko ne ko: "Sabel , may nu sunu jàmm!"

Li nu war a Dundee, dunu ko jox picc mu bon mii! " Sabel jëlaat kàddu ne ko: "baay lii ngeen def lu mu yàgg a yàgg dingeen ko rëccu!" Yaayu Sabel dugg ca wax ja ne: "Najaay wax nga dëgg , Naawaakoon, li nu ko tàmmaloon mënul wéy!"

Ba Sabel xameeni waa Njóobeen dogu nañu ci won ginnaaw picc mi, xol ba jeex, muy jooy.



At ma ca topp, ba nawet ba jegesee, waa dëkk ba waajal seeni tool, ruuj, làkk ñax mu wow ma. "Népp faru dugub di xaar mu taw. Ngoon gu nekk, ñu téen di xool asamaan si ndax xiin na. Waaye mu mel ne ci noor lanu nekk. Bekkoor bu metti dugg; maral wi tar lool, déeg yépp ñiis, teen yépp déy.

Ba sàq ya tàmbalee rës, wa dëkk ba gën a jaaxle, xam ne leegi xiif bi tàmbali.

Ba maral wa gënee tar, Sabel dem ca baay ba ne ko: "Baay, lii lépp waxoon naa leen ko. Nawaakoon mi ngeen berndeelul moo tax tawatul. Nit dafa war a sàmm kóllëre!" Baay ba xamul lu mu koy tontu. Yaayam dégg seen wax ja, ñëw ne ko: waane nga lool.

Taw bi leegi tey mu ñëw! Nawet bee xaw a tuxu rekk!"

Ba guddi ga jotee, Sabel tëdd di nelaw Naawaakoon feeñu ko ne ko: "Sabel, Sabel, damaa xiif!" Sabel tiit, yeewu ci gént gi di lox. Ba mu fàttalikoo li mu gént, mu dogu ne bu subaa dina dem seeti Naawaakoon. Li des ci guddi gi yépp nelawul, moo ngi yàkkamti njël jot.



Suba teel la Sabel jóg wutali àll ba. Ma nga yor mbuus mu fees dell ak dugub ak ñebbe boole ci tax bu fees dell ak meew. Ba muy dox ba ci yàgg, mu dégg luy yëngu ci ginnaawam. Mu gestu, yem ci rakkam Silaat. Mu ne ko: "Yaw foo jëm?" Silaat tontu ko ne ko: "Dama laa bëgg a gunge ca kër Naawaakoon. Lépp loo mas a wax ak sunuy wayjur, maa ngi ko doon dégg. Li nga doon wax lépp, dëgg la. Rafetlu naa lool sa taxawaay. Leel Naawaakoon moo di li nu mën a muccal ci bekkoor ak xiif." Mag ji rafetlu waxi rakk ji ne ko nangu na ànd ak moom. Ba ñu doxee ab diir, ñu egsi ca suufu garab ga. Naka la picc ma séen xale yi rekk, ne fët fët ne cëpp ci kanamu xale yi. Sabel tegal ko ñam wa, ca kanamam.



Naawaakoon a ngay xool ñam wa ko xale ya indil.


Ba mu ko wëree ñetti yoon, mu ne fër dellu tag ca garab ga . Dafa mel ne dafa gedd ñam wi. Ca noonu mu sab rekk, Sabel tàmbalee dégg limuy wax. Ngone su jigeen si waaru, xam ne am na lu picc mi def ci moom.

Nawaakoona nga naan ko : "Sabel, gune gu baax nga , waaye li nga ma indil mënuma koo lekk ." Sabel ne ko : "Naawaakoon, sama xarit, lu tax nga gedd ñam wi ?"

Picc mi tontu ko ne ko : "Danga koo jële ci sa sàqum baay te yëgu ko. Kon lewul te bëggumaa lekk lu lewul."

Sabel ne ko: "Wax nga dëgg ! Leegi lu ciy pexe ?"

Picc mi ne ko: "Dangay dem ca sa baay wax ak moom ba mu nangu nga ñëwaat. Silaat laaj mag ji li muy wax ak picc mi. Ba ko ko mag ja gaaralee. Mu ne ko : "Loolu du yómb ndax sama baay dafa dogu ci li mu wax ci picc mi." Sabel ne ko : "Xanaa ñu jéem a waxtaanaat ak moom wala nu ñaan najaay Boydo."



Xale yaa nga fekk seen najaay muy ratt ay béyam waaye daanaka këll ba dara nekku ci ci meew. Béy ya ràgg nañu te bareetuñu noonu. Ba xale yi nuyantee ak moom ba noppi, Sabel wax ko fi mu jaar ak way-juram ya ak picc mi. Ba mu noppee najaay ja ne ko: "Najaay mooy yaay ju góor, warul seetaan jarbaatam ci dara. Lii ngay dox gëmnaa ne men na jële dëkk bi ci guuté gi mu nekk. Demal sa umpaañ Rakki jox la li nga soxla ci pepp ak sëb. Soo noppee nga ñëw fekk meew mi gën a bari ma dupal la ci aw tax"

Ba lañu doon wut lépp yembee, xale ya gërëm seen najaay ak seen umpaañ . Ba ñu tàggoo ba noppi, ñu dëgmal àll ba.

Ba ñu dellusee fekk nañu Naawaakoon di leen xaar ca suufu garab ga. Sabel ne ko : "Nawaakoon sama xarit, ñëwatinaa. Lekk gi ma la indil, ca sunu najaay lañu ko jëlee. Moo ñu ko may ne ñu, nanu la ko indil."Silaat sama rakk doy na ci seede.

Naawaakoon ne Sabel xam na lépp. Ca noonu mu laaj Sabel lekk gi tàmbalee xéewlu.




Ba mu lekkee ab diir, mu yékkati bopp ba xool Sabel lu yàgg. Mu tegg ca ne ko : "jarajëf, bu dul woon ak yow, xëyna ma dee ak xiif . Waaye, waa Njóobeen it dinañu sonn."

Li xale yi xamul woon moo di seen baay jël na fettam wutsi bërëb ba. Ba muy egisi, fekk na Naawaakoon di daaneel waxam ak Sabel. Góor ga diir ko ak fett ga, Sabel ak Silaat dox diggante seen baay ak picc mi. Seen baay ne leen : "Danduleen wala ma sànni fett gi ! " Sabel ne ko : "Baay, foog naa ne dellu ginnaaw jotna ! Xel puso bu réer la ; xale dina ko for , mag dina ko for !"

Baay ba ne tekk ba mu yàgg, mu bàyyi fett ga mu rot.

Ca noonu, picc ma ne fërr naaw tag ca kow garab ga.



Ca fa mu nekk ca kaw garab ga, Nawaakoon sab, wax ak Sabel. Moo nga naan ko : "Sabel, Sabel, sama séddoo. Sa taxawaay rafet na. Jàppal ne bés niki tey, taw bi dina dellusi. Ku bëgg a bey, na nga waajal sab tool. Ndox mi dina bari nak, waaye du yàq dara. Fasante naa it kóllère ak yaw!"

Xale ya ñibbi ak seen wayjur ci xel mu dal ak xol bu sedd. Naka ñu yegg ca dëkk ba rekk baayu Sabel woote am ndaje. Góor, jigeen, mag ak ndaw, ñépp ñëw wuyusi ko mu ne leen: " Yaakaar na ne sunu coono leegi mu jeex . Dafa mel ne li waraloon maral wi xam nanu ko man ak samay doom. Naawaakoon dafa meroon lool ci nun. Waaye gindiku nanu ba digna nu ndoxum taw mu bari mu baarkeel. Ku ci nekk ci nun, na waajal te xam ne mbey mi leegi mu dooraat."

Ginnaaw daaneelam, Soxna jël kàddu ne ko: "Najaay Bilo, gërëm nanu la lool yow ak sama sàng Sabel".



Bésu aljuma boobu, ngelaw laa yee waa dëkk ba. Ay callweer yu bari ñëw wër dëkk bi. Waaye lañuy am doole yépp, yàquñu dara. Ba ngelaw la dalee tuuti, taw ba door. Kenn mënul a wax ndox ma nu mu baree. Tool yépp tooy nañu, teen yi fees ba rembat, déeg yi fees dell. Ngooxi-ngoox ja jollina, mbott yi mel ne ñuy feetu. Ba taw ba wàññeekoo tuuti, xale ya génn ca mbedd ya di sangu. Foo toll di dégg seen yuuxu ya. Sabel ak Silaat a nga seen néegu yaay di waxtaan. Ràkk ja ne mag ji : "Naawaakoon de naxu nu." Sabel tontu ku ne ko : "Masuma cee am sikki-sàkka. Xamoonnaa ne sama xarit bi di nañu ñaanal ba mu taw." Seen yaay feelu leen ne : "Ca dëgg-dëgg, balaa ngay xam, xamadi xaw laa rey.



Ayubés lañu ca teg, àll ba mel ne luñu lal ab tapi bu weert! Fu say bët jublu, nga gis tool yi yànj lool. Àll bi naat lool, xolu beykat yépp sedd. Xeetu mbey yépp a nàngu : dugub, sëb, xaal, mbóq, bisaab, pullóox, ańs. Sabel ne fàww mu dem delloo njukkal Naawaakoon ci ñaan yi mu leen ñaanal ba taw bi dellusi.

Ba muy jubsì garab ga, xelam xaw a ñaaw ndax dafa mel ne tàgg ma dafa wëyyën. Gisu fa luy nuuroog Naawaakoon. Fit waa ngay tēf-tēfi. Nees tuut, mu dégg ag kàddu gu naan ko : "Sabel, sama Sabel, xamnaa ne dinaa la wéetal waayee, dafa jotoon ma dellu fa ma jógewoon. Waaye, jàppal ne du ma jóg di la ñaanal. Nit ñi war nañu xam ne kéew gi (suuf si, garab yi, mala yi, ańs) dañu koo war a aar. Lu ko moy, bekkoor ak xiif dina bari ci kow suuf. "Sabel xool ci wet gu nekk, gisul Naawaakoon. Ràngooñam ya tàmbalee rot, mu xam ne ñàkk na ab xarit. Waaye mu jàpp ne bàyyi na kook kàddu gu mu dul fàtte ba mukk.

Adapté de : L'Oiseau De Pluie

Author - Joanne Bloch (retold folktale) - Translation - Nathalie Hecker and Translators without Borders

Illustration - Wiehan de Jager and Nalibali - Language - French - Level - Read aloud

© Nal'Ibali and Praesa 2013 - Creative Commons: Attribution-Non Commercial 3.0 - Source www.africanstorybook.org

Original source www.nalibali.org


Laaj yi

- 1 Kan mooy nit ki gën a fés ci nettali bi ?
- 2 Wan malaa gën a fés ci nettali bi?
- 3 Ñàkk a leel Naawaakoon, lu mu jural waa dëkk bi?
- 4 Nu baayu Sabel tudd?
- 5 Lu Naawaakoon bayee ak Sabel ba muy dem?

Kaarange kéew gi



Kaarange kéew gi



Gàncax gi ci àll bi bokk na ci dundub jur gi. Su gàncax jàppandiwal ci sàmmkat yi, yokkuteeg càmm dina metti ci Senegaal ak yeneen réew yi ko féete bëj-gànnar. Àll bi lu am solo la. Ci la sàmmkat yiy dundal seen jur gi. Sàmmkat yooyu, seen alal a ngi wékku ci càmm ndax moo leen di indil naatange. Ci wut yokkute ci gox-goxaan yeek Nguur gi, war nañoo xeex luy néewal doole càmm gi.

Ci li gën a waral ñàkkum gàncax ci réew yi féete bëj gànnar, bokk na ci daay yi ñuy taal. Bekkoor bu bari te tegaloo ak daay yi, bokk na ci li gën a gaaw a yàq àll bi.

Saa su nawet jeexee, gàncax gi daay naat te bari. Wante du jur rekk mbégte. Gàncax gu bari itam, day tax ba daay yu yaatu yi gën bari.

Lakk bi ñuy lakk garab yi, ci la day yiy soqikoo. Lakk boobu, soo ko boolee ak ngelew li day yokk daay. Soo ci dollee tàngoor wu bari wi, daay day yomb a tàkk ndax dañu kooy upp ba mu yànj.

Lu lawal daay yi dafay gaaw, rawatina su ñu tolloo ci jamanoy ngelaw ak àll bu wow bi.



Ñaawteef yi mën a jóge ci daay, tax na ba ñu war koo xeex. Moo tax warnanoo jël ay matuwaay. Bokk na ca matuwaay yooyu, yeete, ñaax askan wi ci ni muy jëfandikoo safara ci àll bi su noor jotee.

Su nu nare taal, nanu xaar jamono ju ngelaw liy néew te xaw a sedd, ànd ceek ñiy wattu àll bi. Su ñuy taal, na nekk fu sori garab yi ak lépp lu gaaw a tàkk. Li ñuy taal warul a bari ndax loolooy tax nga mën a moytu xal yu nën a taal yeneen daay.

Soo taale ci àll bi, danga ko war a fey ak ndox wala suuf su bari bala nga fay jóge. Kenn warul a sànni ndesitu sigaareet bu feyul. War nañoo xotti ay xàll yuy feg safara. Ginnaaw xàll yooyu, war nañu jëm-bët ay garab ci yenn bërëb yi garab yi tàmbali di wàññeeke. Ngorum garab yi itam, lu ñu war a seetaat la. Fu garab bariwul, ñax ma dëll, ngelaw lay upp, tàngaay wa ni jérr, daay daffay yomb. Way watukatu àll bi itam, ñu gën leen a wutal ay jumptukaay. Su booba, su daay tàk-kee, dinañu ko mën a gën xeex.

Ci tënk, na ñu jàpp ni, li gën a yomb ci xeex daay, mooy bañ ko taal.



Daay, lu nu war a moytu la. Dey yàq kéew gi te lu bari ci sunu dund ci lay jóge. Looloo tax nu war a aar kéew gi.

Jamano jii, aar kéew gi lu nu war la ndax sunu njëriñ falay jóge. Yok-kute gu sax, kenn werantewul ni mu ngi soqikoo ci lëkkaloo njëriñ yi ak kéew gi. Jàngat boobu, ñu ngi ko amal bi ñu dundee musiba yu bari. Bekkoor bi, àll bu yàqu bi, suuf su yàqu si ak lorange yi muy jur, bokk nañu ci liy yàq kéew gi. Wāññeekub tool yi nu mën a bey, bokk na ci liy yàq kéew gi.

Jamono tey, mēnuñoo suqaliku ak kéew gu yàqu. Lu népp xamoon la. Li am solo ci suñu koom, ci kéew gi lay jóge. Sunu dundin mu ngi aju ci njëriñ lay génnee ca kéew gi.

Ci am ndajé mu mag, la Senegaal jël pas-pas ci aar kéew gi. Ci wàllu doxalin ci biir réew mi, Nguur gi tëral nay pexe yi Ministeer bi ñu dénk alam gi war a doxal. Ministeer boobu, mooy saytu matuwaay yiy xeex ngir ñu sàmmonte ak aar kéew gi. Jëwriñ ji yore kéew gi, wone na farlu ngir ñu gën na dëgëral aarinu alam gi.



Sunu réew, di Senegaal jël na ay matuwaay yu am solo. Waaye, tere-wul mu am ay jafe-jafe yu bari ci wàllu kéew gi. Loolu tamit, déggoo na ci ak réewi bëj-gànnar. Jafe-jafe yooyu, ràññee nañu ci ñett yu ñu war a saafaara ngir aar sunu alam. Bi ci jëkk, mooy xeetu saxaar su bon si, tilim ak li mu mën jur. Ñaareelu jafe-jafe bi mooy mbalit mi ñuy soti ak ndox mu tilim mi. Ñetteelu jafe-jafe moo di suuf su dee si ak tefes gu yàqu gi.

Jafe-jafe yooyu yépp, li ko indi, bokk na ci ni dëkku taax yi di yokkoo. Dafa mel ni amul caytu nga ca war. Mën nañu cee lim : nooraan gi, nit ñu bari ñi, sañcaan yi, oto yu bari yeek xataayu yoon yi. Bokk na ci itam, isin yu bari yi, mbalit mu bari mi ak ñàkk bërëbi tuurikaayu mbalit yu doy.

Loolu lépp, dey am lu muy yàq ci kéew gi. Day jur musiba yu mel ni coow luy tanqale, jaww ju yàqu, jàngoroy xëtar.

Mbeex mi itam, day gën di yàqu ndax tooke yi ñu ciy xëpp. Bokk na ca: xeeti ndox yi jóge ci isin, ci petorol bi, weñ yu yàqu ak ndox yu tilim yi.



Liy yàq kéew gi ci Senegaal yemul foofu rekk. Taw biy wàññee ku itam ci la boka. Ni ki yeneeni réewi bëj-gànnaar yi, taw bi wàññee ku na bu baax ci réew mi. Loolu boka na ci li gën a waral ñàkkum garab ci Senegaal. Rax ci dolli, taw bi ñëwatul fi ñu ko daan xaare. Moo tax bekkoo biy faral di dem ak a ñëwaat, bay jur sax jafe-jafe ci mbey mi. Diiwaan yi bekkoo bi gën a laal ñooy yi féete ca bëj-gànnaaru réew mi, leeru dexe Senegaal ak ci Ferlo bi. Ci diiwaan yooyu, mbey mi dafa sooxe. Gàncax gi itam day wàññee ku bu taw bi néewe. Loolu day feeñ bu baax ci lekku jur gi. Dundu jur gi, bu baaxul, jur gi day gën a néew. Moo tax bekkoo di yàq kéew gi, néewal doole askan wi ak jur gi. Du rekk ci dund gi ak koom gi lay feeñ. Dina feeñ it ci nit ñi, ndax boka na ci liy indi nooraan gi. Nit ñu bari ci diiwaani kaw gi, dañuy dem ci teeru yu mel ni Ndakaaru.



Ngir saafara jafe-jafe yi dal ci kéew gi, Senegaal tëral nay pexe ngir aar meññeefi mbey mi. Pexe yooyu, Senegaal da ciy ànd ak yeneen réew yi ci wetu dexe Senegaal.

Looloo tax, baaraasu Jama ci Senegaal ak bu Manantali ca Mali, boko ci luy soqali mbeyum noor mi. Ngir saafara jafe-jafe yooyu, mo tax ñu taxawal baaraas yu ndaw ca Kaasamaas. Mën nañu ci dolli itam, di soppi xeeti mbey mi wékku ci taw bi. Loolu dina tax ñu suqali mbeyum dugub, ceeb ak mbeyum dër. Su ñu ko defee, dina wàññi wékku ci mbeyum gerte donj. Ñu fàtteliku ni mbeyum gerte googu, ci nooteel la fi duggee. Mbeyum gerte rekk, dey yàq suuf si. Ngir aar suuf si ci loolu, war nañu wut ay pexe. Boko na ca pexe yooyu, wut tos. Tos, mën na nekk angare wala neferey jur gi. Mën nañu awante li ñuy bey ci suuf si mel ni dugub ak gerte. Boko na ci luy suuqat suuf, nēbal ñax, tasaare ko ci. Di noppal suuf si itam, dina tax mu dundaat.



Njëriñ yiy génnnee ci aalam gi, moo tax yokkute mën a am. Meññeef yooyu, ci la sunu dund di jóge. Moonte de, meññeef yooyu, mu ngi tàmbaliy néew ci yenn réew yi. Ngir wàññi jafe-jafe yu bari yooyu, Senegaal jël na ay mattuwaay ngir aar juroom benni parkë ci réew mi. Parkë yooyu, bokk na ci moomeelu aduna wërngal këpp.

Ci juroom beni parkë yooyu bokk na ca Ñokolo-koobaa, fare ci dig-gante Diiwaanu Tàmbakunda, bu Keedugu ak bu Koldaa. Beneen parkë baa nga nekk ca dun ya ca géēju Saalum, bokk ci Siin ak Saalum. Am na benn bu nekk ca Kaasamaas. Parkë bu Picc ya ca Juj, féete bëj-gànnaaru penkub diiwaanu Ndar. Ca diiwaanu Ndakaaru, am na dun bu ñu duppee Madleen, féete ca soowu Ndakaaru, ci biir géēju Atlantik. Am na itam ca Ndakaaru, parkë Aan, nekk ci kominu Aan. Am na yeneen ñaay yu ñuy aar, te soqikoo ci aalam gi. Bëreb yooyu day tax ñu dénc fa yenn meññeefi alam gi ba duñu far.

Bokk na ca ñaayu Kalisaay ca Biñonaa, ba ca Ferlo ak ba ca Gëmbël, bokk ci goxu Raw ca Ndar. Am na beneen ca Kominu Popangin, ca diiwaanu Kees.



Ci at yii ñu weesu, jafe-jafe yi ci alam gi day gën a tar ci taax yi ak ci kaw gi.

Ci taax yi, xeeti tilimaayu kéew gi day gën a bari rekk. Bokk nañu ci coow lu tar li ak saxar su tilim si ci jaw ji. Ci dëkk kaw yi, ngorum garab yi ak suuf si yàqu si mooy gaañ meññeefu mbey mi.

Ñaari jafe-jafe yooyu musiba la ci askan wi ak Nguur gi.

Tilim-tilim yooyu, indi na ay jafe-jafe ci koom ak ci géej gi. Loolu indi na rëq-rëq ci napp gi. Tilim-tilim yooyu itam, dey indil askan wi febar yu metti. Mbey mi moom, amul meññeef ndax suuf su amatul doole si. Loorange yooyu, kenn mënul xayma dayoom.

Loolu moo tax war nañu jël ay matuwaay yu wóor ngir aar kéew gi. Loolu rekk a mën a tax nu defaral xale ak ndaw ñi seen ëllëg.

Moo tax am na ay tegtal yu ñu war a bàyyi xel te di ko jëfe.

Su dee sunu dëkkuwaay, moo xam néeg la, ëtt mbaa mbedd mi nuy jaar, nanu koy setal.

Nanuy moytu di tuur mbalit mi fu nu neex ak ndox yu tilim yi.



Aar kéew gi nu boka, aar gancax gi ak jembët garab, ñoo war doon sunu yëngu-yëngu bés bu ne. Noonu lanu war a xam ni aar kéew gi wareefu ñépp la ak kenn ku nekk ci nun. Noonu itam la nekke wa-reefu nguur gi ak askan wi. Su nu booloo takku, loolu dina mën a am. Doomu aadama dafa mas dëkk ag garab. Ci yenn gox yi ak diiwaan yi, dund mënul am su gancax amul. Dund bi, yëngu-yënguy koom yi, safara si, pajum yenn feebar yi, ñax mi nuy xàddee, lépp a ngi ruuse du àll bi. Matt mi ñuy togge ci àllu diiwaan yi aña koy wute. Loolu yépp mënul sotti su garab amul. Ay junniy-junniy nit, seen dund a ngi aju ci meññeef giy jóge ci àll bi. Am na ñeneen ñu sakkan yu seen dund, seen wer-gu yaram aju ci li gén ci kéew gi. Ñeneen ñi lañuy liggeey lu leen di jural koom. Am na itam ñoo xam ni seen paj, bant yi ñuy defare seen dëkkuwaay, lépp ci garabi àll bi lañuy koy amee. Ci àdduna sépp, isin yi, dañuy jëfandikoo lépp luy jóge ci gancax gi. Loolu boka na ci liy tax ndaw ñi am liggeey yu baax. Ci jamono jii ñakkum xëy dafa gën a tar, moo tax nu war a gën ar kéew gi



Yàq gi ñuy amal ci gàncax gi ñèpp la naqari. Terewul ñu ngi wéy di yàq garab yi, ci àdduna wërngal këpp. Tilim ji, saxar su bari, day lor garab yi. Jëfandikoo bu ëpp bi itam dey tax ba garab gën a ñàkk. Tooke giy bàyyikoo ci isin yu bari yi dafay rax ngelaw li ci jaww ji. Limu garab yiy wàññee ku tax na ba bekkoo bi bari. Ngorum garab mi, lu ñu raññee la ci yaqute àll bi. Ay junni-junniy garab ñu ngi dem ba kenn gisatul leen ci àll bi.

Jamono ji, seetlu nañu ay jafe-jafe yu jàmp yu ñu war a saafara. War nañoo xalaat nu ñuy def ba loolu wàññee ku. Mattuwaay yooyu dañoo war a méngoo ak jëfin yi.

Matuwaay yooyu ñépp a ko war a jëfee. War ñañu cee ràññee Kureli askan wi ak yu waa nguur gi ndax moomelu népp la.

Gàncax, alaalu wuruus la. Bu ñu ko ñàkke, dina indi jafe-jafe ci sunu dund. Moo tax aar kéew gi ku nekk am nga ciy sas.

Laaj yi

- 1 Yan matuwaay lañ war a jël ngir xeex daay?
- 2 Lan mo indi ñakkum garab yi? Lan lay jur?
- 3 Lan la Senegaal ak réew yi séq dexu Senegaal tëral ngir aar mbey mi?
- 4 Limal fukki bërëb yu ñu aar ngir njëriñu kéew gi ?
- 5 Lu tax kéew gi ñu war koo sàmm ?

Sàrt yi



Sàrt yi



Bésub téy, la Aadina sépp di sargal wàllu karaange ak aar **alam bi**. Kilifa gu mag gi boot daara yi ci Kawlax woote na ndaje ngir waxtane tilim-tilim yi ci jaww ji. Ci njiital Ispektër yi ak genn kilifag Nguur gu ñuy woowe Aliw Sow. Moom, ndaw la ci Jëwriñu kéew gi ak kaarànge li yàlla sàkk ci gox bi. Ndaje maa nga ame woon ca benn lekol bu mag. **Përye** nañu ca meeru dëkk bi, kilifa aada yi, elew ya ca lekol yépp. Woo nañu ca it askan wi ngir ñépp bokk tëral ay pexey gatandu nge-law y u baaxul yi. Lu ni mel mooy tilimal jaww ji te di jural askan wi ay jàngoro yu bon. Muse Sow waxtaankat bi, jëkk naa nuyu kilifa yi fa teew ak mbooloo mi. Sargal na njiitu lekol yi, jàngalekat yi ak elew yi. Rafetlu na liggeeyu yeete bi ñuy def ci **jëya** yi mbalit mi di jural askan wi.

Waxaat na ci solo ndaje bi, àrtu ci musiba yi saxar su bon si di def ci jaww ji. Ci lorange yi, tudd na tàngoor wu metti, feebaru sëqët ak lépp luy jur jàngoro. Saxar soosu, mu ngi jóge ci oto yi, daay yi ñuy lakk ci àll bi ak saxar siy bawoo ci isin yi. Santaane na fàggu te xeex lépp luy indi **tilim-tilim** yooyu. Woo na meer yi ak askan wi ndax ñu yokk dugal seen loxo ci liggeeyu yeete bi. Mu teg ci xamal leen ni, Nguur gi jël na ay **sàrt** yu jëm ci **kéew gi**, yuy joxe teralinu saytu lépp lu jëm ci kéew gi



Ba ndaje ma jexe, Muse Aliw Sow yégle na ab jonante bu muy amal ci fan yu néew. Wax na ñu yaatal ko ngir elewu lekol yépp bokk ci. Solo si, mu ngi aju ci xamle li kotu kéew bi tëral ci wàllu caytug mbalit, rawatina mbuusu **kawsu** yi. Li muy sant elew yi mooy: « ñu mbind ab taalif wala ab jukki, wala nataalub luy jëmmal kaarange dëkkuwaay yi ci xeex tilim-tilim yi. Ci kaw dëggal li ñuy jàng ci **cet** ci biir lekol yi. Ba ñu noppee ci jonante bi, dajewaata nañu ngir nexal ndongo yu ràñ-ñeeku ndax seen xareñ. Wax na kurel yi ñu sàmp ci lekol yépp, ñu tudde leen **nguru elew** yi. Rafetlu na pastéef bi elew yi netalee seen yëngu-yëngu ngir jëmbët ay garab. Fàttewul it matukaay yi ñu tudd ngir xeex ak lépp luy tilimal. Wax na ci saytu mbalit mi ak loraange ngi muy jural askan wi.

Gërëm na jàngalekat yi ci ni ñu tàggate elew yi ba ñu xam li leen war ci seen dëkkuway. Fésal na bëgg-bëggi nguru Senegaal gi tëral yoon wiy aar alam gi. Xamal na mboolo mi li tëralin wi kot bi sàmp ci **caytug** mbalit mi. Tere na ku liggeey yenn xeetu mbuus yi ci biir réew mi, wala nga di ko jëggaani bitim réew. Tere na ñuy jëfandikoo yenn xeetu mbuus yi ak defukay yu ni mel. Wax na mbalit yi baxul ci mala yi ndax su nu ko lekkee mën na leen a rey. Yàgg bi mbuus yooyu di yàgg ci suuf si, da koy yàq ba ndox mi du seeyati.



Ba ndaje ma jeexe, elew yu bari ay xél lañu ñibee seen kër, foo tollu di dégg ay yuuxu. Yoon yi oto yi di aw dafa **galan** wi jëm ci lekol bi. Benn oto ju màg moo fél benn xale bu doon jéggi tali bi. Xale bu jigeen la bu bokk ci elewu lekol bi. Ba Kilifa yi àggee ca béréb ba, woo nañu polise yi ak pompiye yi. Ambilaas bi ñëw na ngir yobbu ko ca lopitaal ba ñu faj ko. Muse Njaay, di kilifa ca ndajeem lekol ba daldi laaj elew yi : ndax xam ngeen ni yoon wiy saytu doxalinu xàll yi am na ?

Eleew yu bari waxando : ni xam nanu ko kay. li ko tax a jóg mooy digle ni ñuy doxale dem bi ak dikk bi. Sunu ko jefee, ñépp mucc ci jëyye yiy am ci tali bi.

-Mu laaj leen naka lanuy def, sunu bëggee jéggi tali bi ?

-Sàmba ni ko jàng nanu ni, balaa ñuy jéggi, danoo war a njëkk a taxaw, xool sunu càmmoñ ak sunu ndeyjoor. Nu jaar ci rëddu **galan** yu weex yi tey moytu di daw bunuy jéggi. Sunu jéggee ba noppi, nu dox ci wetu **taratuwaar** bi.

Muse Njaay, laajaat leen yan màndarga moo nuy tegtal ni ñuy war a jeggee tali bi ?

-Beneen eleew tontu ko ni : ci rëdd wu weex yu ñu **laso** ci kaw tali bi. Kilifa gi gërëm eleew yi ci seen xàmmee ak ràññee li **Kot da laa rut** bi digle.



Ci xàll yu mag yi, aksidaa yi dañuy faral di bari. Ci ndigalul góornóor bi, njiitu kurel giy saytu dem bi ak dikk bi, jël na ci ay ndogal. Bëgg na ñu yokk kaarange elew yi ak askan wi ci gox bi. Ngir ñu xeex **jëyye** yiy am ci yoon yi, sàmp na ay jeetaay ak ay ndaje yuy yee askan wi ci tolof-tolof yi. Jokkoo na ci ak way taskati xibaar yi, bindkati surnaal yi, rajo yi ak tele yi. Yegge na nit ñi pexe yi ñu jël ngir ñu sàmmoonte ak li kot bi digle su nu béggee mucc ci jëyye yu bari yi. Fàtteli na dawalkati oto yi ñuy jëfe li aaluwa **gindikaay** yi digle. Moo tax dinañu tabax ay pakk yuy tax ba dawalkat yi di wàññi xél yi. **Pakk** yooyu ak nataal yay artu dinañu tax kuy dugg ci dëkk teggi sa tànk. Ca nataal yooyu, di ngeen ca gis yuy wone gone yuy jéggi tali ngir ñu bàyyi leen xel. Jàngalekat yi, dina ñu leen tàggat ci sàrti yoon yi ngir ñu gën a ko yee elew yi.

Lekol yi dina ñu jot ay téere ci wàllu **kaarange** ci yoon yi, yeete ak soppali jiko yi. Dinañu amal ay waxtaan ak wayjuri xale yi ngir ñu gën a sàmm seen njaboot ci nuñuy jégge yoon yi. Dinañu leen wonaale xeeti aaluwa ak rëdd-rëdd yiy màndargaal sàrti kot bi. Bés bu nekk, dina am nit ñu faatu ci yoon yi, moo tax nu war a jël ay pexe ngi loolu dakk. Moo tax kilifa yi war a xoolaat anam yi ñuy joxee **permib dawalkat**, rawatina ni ñuy tàggate ñi bëgg a dawal.



Ni ay sàrt amee ci ni ñuy jëfandikoo yoon yi, la amee ci caytug àll bi. Xam nanu ci ñaari xeeti àll: foore yi taw bi saxal ak foore yi nit ñi jëm-bat. Bu jëkk, Nguur gi moo amoon sañ-sañu dogal ak tëral ay sàrt jëm ci saytu koomu foore yi. **Njariñ** li ci nekk moo waral mu taxaw ci aar ak samm àll bi. Looloo tax a jóg kotu foore bi. Tey, Nguur gi, dénk na kureli gox yi yenn ci caytug foore yi ak alal ji ciy jóge. Kot bi lal na tëralin wiy tënk lépp lu jëm ci jariñoo ak **jëfandikoo** foore yi. Kurelu gox yooyu, ci njiital meer yi, ñoo am sañ-sañu sàmp tëralin wi ñuy jëfe. Waaye ndogal yu mën di jël ci seen foore, waruñoo wuute ak ya Nguur gi sàmp. Warnañu leen méngale ak tëralin wi Nguur gi nangu. Bépp way jëfandikoo foore ak alal ji cay jóge ci wàllu njaay, war na fagandiku ñaar yii:

-Fàww meeri gox bi joxe ndigal;

-Fàww nga am permi bi sarwis biy saytu àll bi di joxe.

Képp kuy jariñoo **ngorum** garab yi manaam di ci jaay, war ngaa fey **juuti** ak lempo. Koppa yooyu la Nguur gi di dajale ci **nafam** ngir aar ak sàmm foore yi.

Meer yi ci gox yi ak goxaat yi, war nañu ci gën a boole seen askan ngir ñu dugal ci seen yoxo. Yëngu-yëngu yooyu, yoon nanguwul, ku ci teguwul, sàrti kot biy saytu ak a yaxanal àll bi dal ci sa kaw.



Ngorum garab, njaayum këriñ, seen dencukaay ak ni ñu koy yóbboo ci ay **sàrt** la degu. Kotu foore bi taxawal na ay pexe ngir ñu sàmmonte ak di ko jëfe. Bépp am-am bu jóge ci àll bi, su amul kayit, Nguur gi am na sañ-sañ teg ci loxo. Nguur gi am na ay foore yu muy aaral boppam. Foore yooyu, mayul kenn mu di leen laal. Naka noonu, am na xeetu garab yu kenn dul gor ndax kot bi da ko tere. Képp kuy sàcc di gor àll bi, su ñu la jàppee, dinañu la teg ay daan, ba ci sax tëj la kaso. Ngorum àll bi ak jëfandikoo meññeef yi, dafa am yoon. Yoon may na meeri gox yi ay sañ-sañ ci mbir moomu. Ñiy liggeey ci këriñ li, dañuy wut xaaalis, waaye dafa war a tegu ci li yoon tëral.

Ngórum bànt, jariño meññeef yi ci àll bi ak njaayum këriñ mi, dafa laaj nit ki am kayit. Aar garab yi ak gàncax gi, warugar la ci Nguur gi. Moo tax ñu war a **weg** kotu foore bi ngir aar alal ji fay jóge te mu nekk lu sax lu yàgg. Fàgggu àll bi, du lu yomb ci Nguur gi ndax njariñ li ci nekk te ñépp yitewoo ko. Ngir ñu ñonjal àll bi ak alal ji ciy jóge, kotu foore bi boole na askan wi ci caytu gi.



Aar wér-gu-yaramu nit ñi ak saytu cellalug gox yi ak gox-goxat yi, am na solo lool. Mbalitu kër yi ak dëkkuway yi dina jur cetadi. Jàngoro yi **mbalit** mi di dugal ci biir askan wi, mo waral Nguur gi jëmmal kotu cett gi. Ci **peggu** cet gi ak pexey gatandu caytug wer-gu-yaram, war nanu ràññee ñaari mbir: bi ci jëkk mooy cetug nit, bi ci topp di cetug mboloo. Nit ki su sete te li ko wër ak ñi ko wër setuñu, cet googu du ko amal njariñ. **Sellal** gi war ci mbalitu kër yi, dafa war a tegu ci doxalin wu am kenu. Moo waral kot bi tëral ay pàgguteef ngir aar lépp luy jural askan wi lorange. Mépp mbalitu dëkkuwaay yi, ñu war ko denc ci ay defukaay yu jaar yoon. Kot bi tere na ku dajale mbalit ci biir wala ci gannaw kër yi. Tere na it ñu bole ay gannaw-kër, am saw ak mbalitu kër yi. Bu ci nekk, dafa laaj ñu ber ko gannaaw bu ñu leen tànnée, tànn ba ca war.

Digal luñu kenn mu sànni mbalit ci mbedd mi. Ndox mu tilim, kenn waru ko tuur ci yoon yi. Saytukatu Nguur gi, jóg nañu ngir yeete ci cet ak ci **mébétu nekk**in ngir ñépp dund te mu ànd ak wér. Képp ku ñu fekk ci naka sudul noonu, dinañu la teg ay daan. Digal nañu askan wi mu bañ a gállankoor liggeeyu ndawul cet yi ci biir kër yi. Bu **ndawul Nguur gi** di setal ak a sellal, di pudar yoo yi, di dàq jinax yi ak kaña yi ci biir kër yi, nañu leen dalal.



Kotu cet gi, am na ay matuwaay jëm ci lekk gi askan wi di jariño. Ñam wu setul dina indi **tooke**, su boobaa, jàngoro yu bon yi dugg ci askan wi. Sarwis biy saytu cet, dinay nemmeeku bérebu jaayukaayu lekk yi. Isin yi ñuy defare ay ñam ak fa ñu koy jaaye, war nañu sàmmonte ak sàrti cet ak cellal. War nañu leen tàggat ci ni ñuy toppatoo béreb ya ñuy defare ak ya ñuy jaaye ñam ya ba du am tilim-tilim yu leen mën a yàq.

Digle nañu, ñu yaatal béreb yooyu ba ngelaw lu baax di féexal ñam yi, teg ca làq leen ci naj wi. **Jumtukaay** yi ñuy yóbboo leg yi war nañu leen di seet bu baax ndax set nañu ngir aar ñam wi. Kenn warul jaaye feneen yàpp fu dul ci marse yi, ca buse yi ak béreb yu ni mel. Fajkati jur gi ñu naan ko Witirineer, sant nañu leen ñu càmbaar wépp yàpp laata ñu koy jaay. Lekk yi ñuy jaay ci mbedd mi, war nañu dëppoo ak sàrti kot bi. Teere nañu kuy jaay lekk di ko lal ci suuf. Ku am jàngoro juy wàlle, tere nañu la nga liggeey. Moo tax ñu war a dem seeti doktoor yenn saa yi ndax ñu am **kayitu cell**. Ku jaay ñam wu am tooke, suñu la jàppee, teg la ay daan.



Njariñu ndox, kenn du ko naatable ci dundug askan wi. Loolu la kilifay Nguur gi xam ba tax ñu jox ko solom. Ñàkk am ndox, njàmbat lu réy la ci réew mi, rawatina su dee jamonoy bekkoor. Mbey mi ak caam gi **gàllankooruna** ci diwaan yu bari ngir jafe-jafe ci ndox. Ngir faj coono yi nit ñi di jànkonteel, Nguur gi taxawal na kot mu jëm ci ndox mi. Li ko tax a jóg mooy yokk kaarange, sellal, xeex tilimal ak yàq ndox. Kot bi dëgal na ni ndox mi, moomeelu askan wi la. Waaye laata ñu koy jariño, fàww ñu am ci ndigal. Kot bi fésal na bu baax solos **nemmeeku bi** ndawul njëwriñu ndox mi war a amal ndax mu sell. Kot bi wone na bu baax ni faj li askan wi soxla ci ndox ngir dundam, moo ci ëpp solo. Mo tax kot bi digle ni képp kuy joxe ndox war na fexe mu set te sel. Tere nañu jëfandikoo ndox mu setul, sellul. Ràññee nañu ca ndox mi jëm ci tog gi, wala miy ànd ci yenn xeetu ñam wu mu mën a doon. Liggeeykatu galaas, jaaykatu ndox yi ci ay mbuus ak buwason, yépp bokk nañu ci yi ñu tere. Digal nañu leen ñu **sàmmonte** ak li kot bi santaane. Lu ko moy, ñiy saytu ak di nemmeeku cet ak cellalug ndox mi dinañu leen teg ci yoon.



Li askan wi sooxla ci ndox ngir lu ñu dunde jafe na ñu mattale ko. Waaye Nguur gi mungi liggey ngir faj **jafe-jafe** yi. Ci dëkku taax yi, nit yu bari jotna ñu ci ndox mu cel donte da ñu koy jënd. Waye li ëp ci wa kaw gi jota gu ñu ci ndox mu sell bi. Teen yi ñuy gàs ak ndoxum dëgg yi ñuy dundee daf len di jural ay coono. Saytukàt yi mën na ñu tere ndoxu teen yi ci bu ñàke seel. Sen boröm war na ñu jel **matu-waay yi** ngir topatto ndox mi. Ñu aar ko ba tilim tilim yi bañ kooyàq. Cetadi ndox yoyu ñuy jariñoó dafay jur ay jangoro askan wi. Kon ndox yi nit ñi di dundee war nanoo mënko ak li war. Kot bi digle ñuy saytu leko léeg **ngëneelu** ndox mi ñuy sedele ci dekku tax yi. Li ko waral mooy dund bu seel faw mu ànd ak ndox mu seel.

Mo tax kot wi sàntane ñu jox bopp seddele ndox mi ci fexee matale ko fépp ak ci ñëpp. Su boba, ñu gestu jefàndiko yi aju ci mbey mi, caam mi ak yenen xeetu **yëngu-yëngu** ci fànn bi. Saytukàt yi wara taxawe ñu jëfee ndogal yi di na ñu ko nemeeku fépp. Képp ku jalgati yi teralin, yoon di na dal sa kaw ak ay daann.

Laaj yi

- 1 Nan la yoon wiy saytu ak di aar kéew bi tuddu ?
- 2 Lan moo waral aksidaŋ yu bari yi ci yoon yi ?
- 3 Lan la ñu war a def su ñu béggee sunu diiwaan yi set ?
- 4 Lu tax ñu war a sàmm te bañ a yàq sunu àll yi ?

Tànk-ndànk

CE1


Jéego

7

Téere

3

WOLOF



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

Tànk-ndànk 7

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

Li téere bi ëmb

Rabu àll yi 4

Juri kër gi..... 16

Garab yiy faj 28

Mala yiy dund ci biir ndox. 40

Rabu àll yi



Am na ay mala yu bari yuy dund ci àll bi. Wuute nañu ak jur gi nit ñi di yar ci kër yi. Ñoo ngi leen tuddee rabu àll. Rabu àll yi, mën nañu ci ràññee ay xeet yu bari. Xeet wuy dundee yaap te ñu ràññee ci gaynde, bukki, segg, aña. Am na itam weneen wuy dundee ñax, xob ak meññeeфу garab, mën nañu ci ràññee njamala, ñey, mbaam-àll, kéwel, aña. Am na weneen xeet woo xam ne dañuy nàmpal seeni doom. Xeet wiy naaw te am ay dunq, li ci gën a bari, dañuy faral di nen. Bu ñu bóofee ci ab diir, nen yi toj, doom yi génn.

Ci réew yu bari yu mel ni Senegaal, rabu àll yaa ngi wàññee ku bu baax. Moo tax ba Nguur gi jël ci ay matukaay. Àll bu yaatu bu nekk, teg na fa ay alkaati ngir ñu aar àll bi. Loolu moo tax rabu àll yu bari mucc ci rëbbkat yi.



Gaynde, mooy buuru rabu àll yépp. Bu demee ba mat sëkk, yaram wi dafay mel ni lu sokolaa. Gaynde yu ndaw yi dañuy am tupp-tupp ci séen tànk ak séen biir ba ba ñuy mat waxambaane. Gaynde gu góor, dafay réy, lu mu gën di màgg, séq ma gën a dëll. Geen ga dafay gudd, cat la ñuul. Dënn ba, dafay yaatu lool, di wone doole ja. Sell yu réy lay am te moo tax mu mën a faat ci lu gaaw, yenneen rab yi muy dun-dee. Gaynde gu jigeen, moo gën a ndaw waaye itam moo gën a soxor. Jiko jóoju moo ngi koy wone ngir aar doomam yu ndaw yi.

Bu gaynde yi nekke ci biir àll bi, gu góor gi, gu jigeen ak séeni doom dañuy boolo nekk genn njaboot. Doom ju jigeen ji moom, lu gën a bari day des ak yaayam, waaye gu góor gi bu demee ba mat, gén, dem sàmp njabootu boppam.

Gaynde yi ñoo ngi gën a baree bëj-saalum Afirig. Ci Senegaal, gaynde yi ñoo ngi neekk park Ñokolo-koba, ndawal buur yi yore kaarange àll yi di leen aar.



Bukki, rabu àll la wuy dundee yapp. Ñoo ngi xàmmee bukki ak sabam gu naqari ga. Bu jigeen bi, moo ëpp bu góor ba te gën koo soqor lool ngir tooke bi nekk si biir yaram wi. Loolu moo tax, bukki bu jigeen di jiite njaboot gi.

Bukki bu jigeen mën na am ñaar ba ñeenti doom. Bu ñu juddoo, dafa leen di làq fu wóor, nampal leen lu mat fukk ak juroom benni weer. Bukki bu ndaw dafay ñuul kukk, bu mággee leer tuuti.

Bukki, rëbbkat bu mag la. Mbooloo lañuy doon buñuy rëbb. Dégej yu réy yi mu am moo tax lu mu jàpp mën koo lekk ba yëy yax ya. Loolu moo tax ñu ne bukki mooy rab wi mën a lekk tàнку ñey ba mu jeex tàkk. Neefere bukki dafay weex ngir yax ya muy lekk.

Leeg-leeg, bukki yi juux guddi ci dëkk yi jege àll, rey jur gi, lekk leen. Loolu moo tax ñu war a aar jur gi bu baax ndax ñu mucc si saay-saay yi mel ni bukki.



Golo, mooy rab wi gën a niroo ak nit waaye yaram wi dafa fees dell ak kawar. Bopp bu tuuti la am ak nopp yu réy. Moo ngi am ñeenti cër, benn bu nekk am juroomi baaraam. Baraamu déy bi moo tax golo di mën a yandantalu ci caru garab yi. Golo mën na itam taxaw temm ni nit.

Am na golo yu réy lool, ñoo ngi tudd dàngin. Xeetu golo woowu, xeet wu soxor la, te mën a dal ci kaw nit, lor ko.

Golo, ci àll bu réy lay faral di nekk, bëgg lool yéeg ci kaw garab yi. Bu séenee, lu ko mën a lor, dafay yéeg ba ca njobbaxtal garab, làqatu fa.

Li gën a bari ci li golo di lekk, mu ngi koy jëlee ci njureefu garab.

Xel mi golo yor, moo tax ñu mën koo tàggat ba mu mën a dëkk ak nit ci biir kër. Rax ci dolli, golo mën na amal njariñ nit. Ndaxte, nit mën na yónni golo mu doxal ko ay soxlaam.



Ñey moo gën a réy ci rabu àll yépp. Ñey yi nekk Afirig, seen taxawaay mën na dem ba ci ñeeti meetar. Ñey wu góor mën na réy ba toll ci jurōom benn fukki barigo. Wu jigeen ba moom itam disaayam, su ñu ko nattee, mën na toll ci ñeenti fukki barigo. Diisaayam tax na mënul a daw bu baax ak tēb itam.

Li ci ëpp, ñey benn doom lay jur. Ci diiru ñaar fukk ak ñaari weer la koy ëmb.

Nopp yu réy ak ñox bu gudd la ñey am.

Ñax, xop ak meeñeefi garab lay dundee. Si bés bi mën na lekk lu toll ci téemeer ba ñaari téemeeri kilo.

Ben wala kiiraay yu mag ya mu yor la nit gën a soxla ci moom. Loolu moo tax ba gox yu bari ci Afirig amatul ñey. Ndawal buur yi yore kaarange àll yi ñoo leen di aar ci rëbbkat yi.



Tiigar, rabu àll la woo xamne seel lay dundee. Guddaayu yaramam, mën na dem ba weesu bu gaynde. Boo nattee guddaayam, leeg-leeg mën na dem ba mat ñetti meetaar. Xeeti Tiigar yi bari nañu. Xeet wu nekk, dinañu ko ràññee, ci ni yaram wi bindoo. Am na ci yoo xam ne dañoo sokolaa ba noppi, am ay rëdd yu ñuul. Am yeneen yoo xam ne dañoo weex, am ay rëdd yu ñuul.

Tiigar yi, bari woon nañu lool ci àddina bi. Waaye, jamono jii nu tollu, Tiigar yaa ngi wàññee ku bu baax. Li ko waral mooy, rëbbkat yi, ñu ngi leen di faat ngir njariñ bi seen der ak seen yax amal nit. Suñu moy-tuwul, dinañu dem ba jeex si biir àll bi. Loolu moo tax ñu war leen a aar bu baax, ba kenn du leen laal.



Mbaam-àll, aw mala wu réy la. Dafa ñàng te raglu. Boo ko seetluwul lool, mën nga ko jaawale ak nag. Bu góor bi, boo natte disaay bi, mën na dem ba toll si benn barigo. Bu jigeen bi moom, moo ngi faral di toll si juroom fukk ba ci juroom ñaar fukki kilo ak juroom. Mbaam-àll, am na séq mu réy te gudd ci digg-ginnaawam. Am na itam ñaari bēñ yu gudd yu muy aaree boppam. Boo koo séenee, ñaari bēn yooyu, ñi ngi ne fàṅṅ-fàṅṅaaral.

Mbaam-àll a ngi dundee ñax, xob, reen ak meññeefi garab yi.

Mbaam-àll, yàqkat bu mag la. Bu duggee si tool, bēñam yooyu lay samp ci suuf, di déqi gàncax gi. Noonu lay def ba yàq toolu beykat yi. Moo tax, beykat yu bari dañuy samp ay xuuxalukaay ngir wattu seen tool yi.



Njamala rabu àll wu njool la, te am cër yu gudd. Bokk na ci rabi àll yi gën a rafet. Yaram wu taaru la am di xaw a niroo ak wu segg. Ñeenti tànk yu gudd la ame, waaye yu kanam yi, ñoo gën a gudd yu ginnaaw yi. Ci suufu tànk bu nekk, am na we wu réy. Guddaayu baatam, moo tax njamala njool lool, ba mën a toll ci ñeent ba ci juroom benni meetaar.

Njamala itam mala wu réy la. Bu jigeen bi, bo nàttee diisaayam bi mu dem ba toll ci juroom benni barigo. Bu góor bi moom, dina faral leegleeg, di mat fukki barigo ak juroom.

Boo méngalee boppu njamala ak yeneen cëram yi, ci ngay gis ne bopp bu tuuti la am.

Njalama amul ay sell, moo tax mënul a lekk yapp. Xobu garab yi, moo ëpp ci li njamala di dundee. Njamala bokk na ci rab yiy duññi ñam yi ñuy lekk.



Kéwel, rabu àll la wuy duññi ñam yi muy lekk. Moo ngi faral di nekk ci àll yu xaw a yaraax.

Kéwel moo ngi gën a baree Afirig. Am na lu mat juroom ñaar fukki xeeti kéwel ak juroom. Xeeti kéwel yi, ñoo ngi leen di ràññee ci seen taxawaay, wala melokaanu béjjen yi ak seen réyaay.

Yaramu kéwel niroo na lool ak wu béy, waaye béjjen yu gudd la am. Loolu moo tax ñu bari di ko woowee béyu àll.

Kéwel rab wu mën a daw la. Xélam yi, boo ko nàttee, mën na dem ba toll ci témeeri kilomeetar ci benn waxtu. Ngir mu gën a gaaw, kéwel buy daw dafay tëb. Bu tëbee, boo nàttee fumuy dall, mën toll ci fukki meetar ak ñaar.

Ñax moo ëpp ci li kéwel di lekk. Waaye, leeg-leeg, mu lekk ci xobu garab yi.



Fasu àll, mala la wu bari lool ci diggu Afirig ak ci bëj saalumu Afirig. Fasu àll, ñoo ngi koy ràññee ak melokaanu yaram wi. Niroo na lool ak fas. Li leen wutale mooy, yaramu fasu àll dafay fees dell ak ay rëdd-rëdd.

Fasu àll, boo nàttee guddaayu yaramam mën na toll ba ci ñetti meetar. Diisaayam bi moom mën na toll ci ñetti barigo. Boo nàttee itam geen gi, mu tollu leeg-leeg ci benn meetar.


Fasu àll, gis-gis bu leex ak dégg-dégg bu neer la am. Mën na itam daw lool. Boo nàttee xélam yi, mën na tollu ci juroom ñaar fukki kilomeetar ci benn waxtu wu ne.

Gaynde yi ak bukki yi dañuy faral di song Fasu àll yi di leen di lekk. Moo tax, fasu àll fu mu séenee gaynde wala bukki rekk daw ngir mucc. Nit jéem na ba sonn yar fasu àll ci kër yi, waaye pexe moomu antuwul fenn. Li ko waral mooy, fasu àll dafa nekk mala wu rabe lool.


Laaj yi

- 1 Fu gaynde yi gën a baree ci àddina bi?
- 2 Lu tax ñuy wax ne golo mooy rabu àll wi gën a niroo ak nit?
- 3 Lu tax njamala mënul lekk yapp?
- 4 Lu tax rabu àll yi bareetuñu ci réew mi?
- 5 Noo gisee dogal bi Nguuru Senegaal jël ngir aar àll yi?

Juri kër gi



Juri kër gi



Nit fu mu nekk dina am ay jur gu mu dëkkal.

Jur, nit dina koy jëriño ci lekk ak ci liggeey.

Ci li nit di dunde, bokk nañu ca : xar, béy, nag, géleem ak njanaaw yi mel ni picc, ginaar, kanaara ak ñoom seen.

Waaye soo jëlee jur yi mel ni fas ak mbaam, dinañu dimbali nit ñi ci liggeeyu tool yi.

Jur yooyu itam, am na solo ci dem bi ak dikk bi.

Mala yi mel ni xaj, nit dina ko wut ngir aar dëkkuwaayam, juram wala toolam.

Muus moom itam, xaritu nit la, ndaxte dina tax ba jinax dootul taxa-waalu bay lekk ay yéereem.

Nit ak jur yi mu dëkkal, yàgg nañu ànd.

Leeg-leeg, nga gis nit ak mala déggoo ba faf nekk ay xarit.

Waaye, am na mala yoo xam ne, dañuy siisante ci seen biir.

Baax na ñu xam ne njaboot dafay yar jur ndax dina ko dimbale ci ay soxlaam.

Bokk na ci toppatoo jur, di ko aar, di ko dundal bu baax. Su feebaree, dañu leen war a faj ndax dañoo am bakkan ni nit.

Kon taxawu jur, ñépp la war ndax bokk nañu ci ñiy dimbali njaboot



Muus doon na mala moo xam ni dafaay dëkk ci biir nit ñi.
 Mag ak ndaw, góor ak jigeen, ñépp a ko bëgg.
 Mala wu tàmm di беру la teg ci bari jikko.
 Ku bëgg lekk la, fuqale lool te mën a fo.
 Muus mën naa ëmb juroom benn doom ci ñaari weer lay benni.
 Su doomgiy soog a juddu, dañuy silmaxa ay fan bala ñoo gis.
 Mu ngi bokk ci mala yiy nàmpal seeni doom.
 Muus buy dox, day sàmp baraam yi, duggal weeaam yi,
 Mala mu bëgg ndawal, moo tax yàpp lay dundee.
 Muus, bari na te wuute; am na yu bari karaw, mel ni muusu « An-
 gora.»
 Am na itam, muus yu seen kawar gatt, ñu dudde leen muusu « Abisiini
 »
 Yenn xeeti muus yi koppar yu takku lay jar.
 Muus lu baax la ci kër ndax dafay wettali.
 Waaye bul sagan ba mu gis sa denc ndax ku bëgg ndawal la.



Sebi, wenn xeetu nag la wu bàyyeeko ca réewum End.

Ca réew moomu, kenn du ko toroxal ndax dañu koo fonk.

Fu leen neex dox, wala tëdd te kenn du leen dàq.

Sebi, taamu na ci dëkkuwaayam, mbedd mi wala tali yu yaatu yi ci biir dëkk yu mag yi.

Boo seetloo, dafa digg-doomu, waaye ca wetu loos wa, dafay am ab jégen buy lang, bejjen ya taxu koo gudd.

Waaye ginnaaw réewu End, am na ca réewu Amerik, ba ci Afirik.

Ñax lay dunde teg ca dafa am taxawaay.

Mën na dunde lu tolloo ci juroom ñaar fukki kiloy ñax, bés bu nekk.

Diisaayam mën na tollu ci ñeenti téemeer ba juroom ñeenti téemeeri kilo.

Jur gu nangoo bari ndawal ak meew la.

Jaxasoom ak yeneen xeetu nag, dina tax ñu am yeneen xeetu nag ñu amul woon.

Nag wu jigéen wi dina ëmb diirub juroom ñeenti weer balaa moo am doom.

Mala wu gudd ay fan la, ndaxte dafay dund ba ñaar fukki at ak juroom.

Taamu nañu ndawalam ci xew yi ndax dafa sakkan



Xeeti nag yi yemul ci Sebi ndax am na Ndaama, bokk ci xeeti nag yi ñu ràññee.

Ndaama, nag wu réy te gàtt, la teg ca loos wi guddul, moo tax mu bari kattan.

Jur gu nangu la te soxorul.

Bokk na ci li ñu koy ràññee, dafa gatt, béjjen ya gud te amul jégen.

Fuuta jalon ca réewum Gine la cosaano, dugg Senegaal.

Ndama jur gu dëgër la. Moo tax muy mucc ci feebar bi aw weñ di joxe yaay ci jur gi.

Waaye limuy dëgër lépp, mënul dund ci bërëb yi nga xam ni noor bi day gudd lool.

Am na kurel gu mag gu ñu tudde "Càmm gu magu Ndaama" fa ngay fekk gétti ndaama yi gën a sakkan.

Bokk na ci njëriñu Ndaama, nag wu mën a bey la.

Ndaama baax na lool ci kuy jënd ak a jaay ndawal ndax dafa bari yàpp.

Ca atum 1923 ba leegi kurel gu mag googu mu ngi wéy di saytu ak a aar nagu Ndaama.

Diir bi muy nàmpal doom jee ngi tollu ci fukki weer. Sudee yëkk yi, suñu amee ñetti at rekk ñu tapp leen.



Pël-pël, mu ngi bodd ci xeetu xar yi ñuy gis ci Afirik soowu jant.

Boo demee ci bërëb yu mel ni Ferlo ak Fuuta, bari nañu lool xari Pël-Pël.

Xar mu digg doomu la, wet ga gudd. Xar mu góor mi, bejjen yi danuy lunk te ubbeeku.

Pël-pël mu góor mi, bopp ba day réy. Su dee mu jigeen mi, bopp bi day xaw a tuuti?

Teg ci moo ko gën a gudd kanam.

Sudee fii, ci sunum réew, bu Tabaski jotee, dinanu ko faral gis ca daralu xar yi.

Yaram wi day faral di am ay tupp-tupp yu ñuul ba tax mu taaru lool.

Soo seetloo karaw ga, dafa tēddu, teg ci ritax, di melax.

Dundam itam taxul mu jafe, su ñax dooyee, loo ci dolli mu suur këll.

Pël-pël, dafa doon xar mu ñime coono. Mën na dox ay kilomeetar ngir am dundu gu doy.

Dina tax ba teefanke yi di mën a am xalis di ci faj seen soxla



Bali-bali mu ngi coosaano ci réewu Niseer.

Benn xeetu xar la mu ñuy ràññee ci cër yu gudd ya.

Xar bu njool lay doon, maanaam mu am taxawaay.

Li ñu gën a ràññee ci xar moomu, mooy dafa mën a lekk.

Boroom doole dëgg a ko mën a yar.

Ginnaaw melokaan wi, bali-bali doon na jur gu ñu taamu ci wàllu njënd ak njaay.

Moom bali-bali, dañu ko boole ak weneen xeetu xar, mu indi laadum. Bari na lool ci Afirik soowu jant. Fii ci sunum réew, Kuy yarkatu xar, taamu nga ko soo amee njëg ga. Ci réew yi nu wër itam ñu nga ko fay yar.

Bali-bali niiroowul ak yeneen xar yi, ci mbind ak ci njariñ. Ñu bari ñu doon yar xar, ñu ngi def lépp ngir boole ci bali-bali.

Xar mu ñimewul tilim la, moo tax ki koy yar dafay doon ku set te am dëkkuway bu yattu.



Béy, bokk na ci xeetu jur giy nàmpal. Béy gàncax lay dunde, te li ci ëpp ñax la. Béy wu góor, siket lañu koy woowee. Doomu béy jiy nàmp, aw tef la tudd. Béy, dina jur gën gaa néew, ñaari yoon ci àtt mi.

Jur gu yomb bari la ndax am ay seex yomb na ko lool.

Der bi ak ndawal li, lu nit yitewoo la. ba moo tax ñu koy yar ci kër.

Meewam, itam, dinañu ci defar foromaas.

Fépp la mën a dund, rawatina bërëb yi nga xamante ni gāñcaxu àll ba dafa kawé.

Jur gu am jàmm la, waaye kenn du ko lor te kenn yëgu ko.

Kawaram, dinañu ci defar yëre, te meewam moo gën a gaw a rees meewu nag.

Béy, jur gu yeewu ci ni muy dunde la.

Dina lekkee ci suuf, waaye itam dinay faral di sàmp ñaari tànkì gin-naaw yi ngir yóotu xobu garab yi.

So demee, bëj-gànnaaru réew mi, am na ay béy yu gat lool te bari kavar.



Ci juri kër gi, gileem ci la bakk.

Dafa am taxawaay, njoolaay bi dina tollu ci ñaari meetar ak lu topp.

So seetloo gileem, suufu tànk ya dañoo yaatu, am we wu mag.

Loosam wu gudd wa, dakoy dimbali ci lekkam, ndax moom lay yóotoo.

Dënn bi ak wóom yi, dañu am karaw gu sëq guy tax ba su yeggee suuf,
naaj wi du ko lakk.

Ca ndigg ginnaaw ga, dafa am ab jégen bu réy.

Jégen ba, la ca ëpp gerees la.

Gerees googu, su deme ba dund jafe, ci lay dundal yaramam.

Jur gu am ndawal la, te am na ñu ko sopp lool.

Gileem, dundam ñax la wala xobi garab.

Jur gu mën na toog lu mat ñaar ba ñetti ayubés te du naan.

Waaye su dee naan, mën na jël ba ñaari téemeeri liitaru ndox.

Li ëpp, mi ngi dund ci béreb yu amul gàncax gu bari, mel ni dëkku naar
yi ci Afirik sowu jant



Ci juri kër gi, mbaam ci la bakk.

Mbaam moom, nopp yi dañoo gudd, loos wa am kawar.

Bopp ba dafa réy, paxu-bakan yi yaatu lool.

Geenam a ngi tollu ci wóomi tàñki ginnaaw ya.

Mbaam, jur gu bari kattàn la su dund ba dooyee.

Ñax lay dunde : bakk na ca ngooñ, xobi garab, ans.

Jur gu am ay jiko la, rawatina buy romb mbooloo.

Mbaam dina naan lu jege ñeent fukki liitaru ndox, bés bu nekk.

Mbaam, bët yu réy la am.

Gémmeñ gi dafa yaatu, bëñ ya mën a tollu ci fanweer ba ñeent fukk.

Mbaam, jur gu ñuy jëfandikoo ci mbay mi, càmm gi wala ci njënd mi ak njaay mi.

Kattàn gi mu am, tax na ba ñu koy jëfandikoo ci dem bi ak dikk bi.

Jur gu mën a yenu la ndax dafa gàtt, dëgër te bari doole, moo tax xamul dellu ginnaaw.

Xeeti mbaam yi mën nañu cee lim : tungune, digg-dóomu ak ngonk.



Juri kër yi, ràññee nañu ci Fas, di mala mu yàgg ak nit.

Xeeti fas yi bari nañu.

Mën nañu ci jàpp : fasu jàkkeer, fasu gelemu, ak yeneen xeeti fas.

Fas, nekk na mala mu bari doole.

Dundam, li ci ëpp ci gàncax lay jóge.

Dafa am taxawaay, te njariñam bari.

Fas, am na solo ci dem bi ak dikk bi.

Soo jëlee liggeeyu tool yi, fas lañuy jëfandikoo.

La ko dale ca nji ma ba ca ngóob maak denc ba.

Bu njëkk itam, buur, fas moo doon ooom. Suñuy tukki, fas lañu daan war.

Jamonooy tey jii, fas, dañu koy yar ngir bocc ci powum rawante, ndax xaaalis bu bari lay jur.


Fas, jur gu am yërmande la, waaye na fekk boroomam di ko toppatoo ni mu waree.

Foo dem si àdduna si, muy fu sedd ak fu tàng, dinga fa fekk fas.

Laaj yi

- 1 Limal ma ñetti turi juri kër?
- 2 Limal ma ñaari xeeti xar yi nu waxtaane ci téere bi?
- 3 Fas ak mbaam luñuy jariñ ci kër gi ?
- 4 Ban njàngat nga jële ci li téere biwax ci juri kër yi ?

Garab yiy faj



Garab yiy faj



Garab am na solo cim réew ndax njariñam bari na lool. Moo nuy jox ker gu nu féexloo. Kër gu amul garab, day faral di tang, wuuteek kër gu ko barile.

Bu weesoo péex mi, garab dafay meññ, am ay doom yu ñu mën a lekk. Xobi garab yi mbaa reen yi, wala sax meññent gi, mën nañu koo jëfandikoo saa yu ñu feebaree. Garab yi ñu wër, dinañu faj mettitu yaram, mettitu biir wala bu bopp. Garab yi, dañuy noyyi ni ko nit di defe. Soxla nañu ndox ak palaas bu am tos ngir seen mäggaay gaaw. Kon war nañu leen a aar, di leen toppatoo ni mu ware. Loolu daal, ngëneel la cib dëkk ak cim réew. Bari na luñuy metti ñuy seeti doktoor, fekk na li koy faj soriwul. Garab gu nekk ci biir kër gi mbaa ci àll bi ñu wër moo koy saafara. Boo béggee xam njariñu garab yi, dangay nangoo gëstu. Deel dem tamit di laaj mag ñi ci am xam-xam. Ni doktooru nasaraan amee, ni la doktooru cosaan yiy jëfandikoo garab yi amee.



Limu garab yi, bari na lool. Mën nañu cee tànn rekk.

Yenn yi, bari na ci réew mi. Boo leen jiwee, wala nga jëmbët leen, te di leen toppatoo rekk dinañu màgg. Muy lu mel ni garabu màngo, limon, mbante maare, bisaab, nebedaay ñu naan ko it saab-saab, ngun-ngun, guyaab... Waaye am na garab yoo xam ni ñoo nga fekk baax Kasamaas wala ca dunu saalum ya. Muy lu mel ni : garabu màdd, solom, ditax, darkase...

Xeetu garab yi ñuy fekk lu ëpp ca bëj-gànnaar mooy sidéem, sump ak kàdd. Garabu dàqaar ak guy, bari nañu kajoor, Bawol, Siin ak Saa-lum. Dëkk bu ñu bëgg mu suqaliku, dafa war a am ay garab ndax garab dina indi taw ak naataange. Kon war nañoo farlu saa sune. Góor ak jigeen, mäg ak ndaw, jóg taxaw temm ngir réew mi naat aki garab.

Loolu mooy dàq bekoor ak xiif ci am réew. Garab yi nak, benn bu ne am na njariñ lu ci làqu, ñu xam ko mbaa ñu umpële ko. Kon bépp doomu aadama war naa xam ngëneel yi ci garab. Ni ñu baaxe ci sunu dund ak sunu wer-gu-yaram.



Garabu màngo bari na ci réew mi. Mën nañu koo ji wala ñu jëmbët ko ci suñu biir kër wala ca tóokoor ba.

Bu demee ba mat, dafay meññ, am ay doom. Waaye lu jiitu loolu, dina tóor-tóor .Njariñu garabu màngo bari na. Yi ci gën a siiw mooy xob yi, boo ko baxalee di ko naan, dina fanx tataanoos. Doomu màngo bu ñor bi, am na suukër ak i ferñeent yu baax lool ci nit. Kuy faral di macc màngo, feebaru seere du la sonnal. Kon màngo mën naa motali sunu dund ndax ku ne xam na ni xiif, du mbokk. Su la jàppée ba sonnal la, mën na laa indil feebar.

Ginnaaw mango, am na garab gu am solo gu ñuy tudde darkase. Garab la guy faral di rëy, bari ay car, njolaay bi mën naa egg ba fukki meetar. Bu meññee dina am doom yu tudd darkase ànd ak as ndoom su tudd ndaama-raas. Doomu darkase, bari na ñam wu baax ci kuy faj xiif. Waaye li ci gën a am solo mooy saal bi, ñu naan ko ndaama-raas.



Saalu darkase yemul rekk ci neex boo koy lekk. Dafa am tamit ay fer-
ñeent yu baax ci yaram. Li muy saafara ci jàngoro, jéggi na dayo.

Dina faj feebaru xol, di wàcce suukar. Kon, baax na ci jàngoro ju ñu
naan jabet. Yemul foofu, saalu darkase day faj cëru yaram bu sànkak
ak feebaru bët yu gis-gis bi wàññeeku. Tànk wala yaram wuy ruux, di
tàng tamit, baax na ci.

Soo béggee say gëñ dëgër te wér, deel jëfandikoo saalu darkase. Dina
aar sam ciiñ, te soreel la ak feebaru mburaan. Day faagaagal bépp
doomu jàngoro buy song ay gëñ walam ciiñ. Jeexul, am na yeneeni
feebat yu muy wattu, ni ki feebaru sëqët su tar si, wala taab.

Waaye nag, kenn waru cee ëppal. Mën nañu koo jaxase ak li ñuy faral
a dunde. Bul di weesu lu tollook fukki saalu darkase, ñetti yoon ci bés
ba bés bi dellusi.

Kuy faral di lekk ndaama-raas, dangay ànd ak cawarte ci wàllu xalaat
ak ci wàllu liggeey.



Siddeem, garab la goo xam ne ma nga fekk baax ca Amerik wala ca Siin. Njariñam, moo tax mu eggisi Afirik ak fii ci sunu réew, Senegaal. Garabu sideem tamit, lu jar a am la ci kër wala ci sunu gox. siddeem, yaa koy xàmme ak ay degam ak xobam yu bari te tuuti. Garab gu yaatu la, mën na am ker gu féex. Dina meññ tamit, doom yi su ñoree, day xonq, saf sàpp ak suukar.

Ku fër wala nga lekk ba sa biir fees, ba tere la yëngu, boo maccee ci doom yi, dina rees. Xobi sideem yu wow, boo ko wolee, jaxase ko ak ndox di ko sangoo, baax na ci sibiru wala feebar. Waaye dafa war a ànd ak dara.

Doomi siddeem, dina faj ñàkk a nelaw. Dinga ci fekk ay ferñeent yu ñuy tudde B ak C. Am na itam ay ngëneel yu làqu yu baax ci wér-gu-yaram. Xollitu doomi sideem mën naa faj ndoxum siti. Biir buy daw, mbaa biir buy metti itam dina ko saafara. Ngëneeli siddeem kon bari na, war nañu koo fonk.



Garabu guyaab ma nga fekk baax ca Amerik. Waaye, bi mu ñëwee Afirik ba fii ci Senegaal ak leegi tollu na ci ay téemeeri téemeeri at yu takku. Fii ci sunum réew nag, dafa fee tàmbalee gent. Taxawaayam mën naa tollu ci juroom benni meetar.

Kër yu bari yu ko amoon, boo fa demee do ko fa fekk. Moone de garab gu am njariñ la. Xobi guyaab, boo ko jëfandikoo ni mu ware, gaaw na ci xeex biir buy daw. Boo koy defar, dangay jël ndox, baxal ko ci diiru fukki simili ak juroom. Boo noppee, nga dugal xob yi ci bool, sotti ci ndox mu tàng mi, ub ko ab diir. Su loolu jàllee, nga xent ko, di ko xelli ci kaas di ci naan diiru bésu lëmm. Ndox moomu di saf xobi guyaab, boo koy galaxndikoo, baax na ci ciiñ muy metti. Xob yi mën nañu koo baxal diiru fukki simili ak juroom, di ko naan ngir téye waccu mu la sonnal.

Doomi guyaab ñam wi neex na te baax ci sunu wér-gu-yaram. Soo koy faral di lekk, dina aar sa yaram ci bépp jàngoro. Waaye itam, dina wàññi feebaru tasyon buy yéeg. Boo ko dee lekk, feebaru aweesee biy faagaagal nit ñu bari ci réew mi, du la bett.



Ci xeetu garab yiy faj te am njariñ **Guy** ci la bokk. Garab gënu koo rëy yaatuwaay ci réew mii di Senegaal. Guy, màndarga la tamit ci taarixu réew mi , moo tax ñu fonk ko.

Ay xobam, dañuy ruus ba jeex ci noor bi. Waaye saa yu nawet egsee ñu dellusi. Tóor-tóor yi dañuy weex tàll, seeni xob gaaw a soppeeku. Guy, bu meññee, doom bi wuy lañu koy woowe. Boo ko tojee, fekk ca aw ñam wuñu naa buy. Ci sunu wàllu dund, xobi guy dañu koy faral di weer ay fan. Su wowie, ñu wol ko, mu doon laalo, baax lool ci cere. Guy ak buy bu weesoo li ñu nuy jox ci sunu wàllu dund, mën nanoo fajal ay jàngoro.

Garabu farmasin yu bari, dañu ciy yiteewoo buy buñu leen di defar. Garab yi mën a xeex jabet, buy a nga ca. Buy, soo ko njàmbaanee, yokk ci tuuti suukar, dina yokk sa yaram ndox. Diwu yaram yu bari yu ñuy tagg ngir seen baaxaay, dinay faral di am buy.



Garab gi ñu naan **Solom**, ma nga fekk baax Diggu Afirik ak ci Aifrik Sowu-jant. Fii ñu mujj a tudd, moo ëmb Senegaal.

Garab gu am taxawaay la. Mën naa dem ba tollu ci fan weeri meetar ca kaw. Ay xobam, dañoo nangoo sëq lool, ay tóor-tóoram weex. Xol-litu doom yi mi ngi nirook yére wëluur. Ci biir doom bi la saal biy àndak ñam wi nekk. Solom bari na lool ay ferñeent, looloo tax mu mën a faj jàngoro yu bari. Dina yokk soowu jigeen ju tollu ci nàmpal, ba tax doomam gën a suur te ànd ak wér.

Feebar bu ñu naan jàngoroy kajoore te sonnal ñiy toog toogaay bu yàgg, solom da koy saafara. Kon, dawalkat bi, ñawkat bi ak képp kuy toog lu yàgg war ngay faral di lekk solom. Feebaru biir buy daw tamit, solom mën na koo saafara.

Yemul foofu ndax solom mën na tax duñu am jafe-jafe ci noyyi. Xale boo xam ni buy nelaw, nokki gi day metti, bu jëfandikoo solom, dina tane bu baax. Kiy faral di sëqët, te sëqët si tar lool, nañu ko xelal muy faral di macc solom.

Kon, solom daal am na maanaa. Boo gisul garab gi ci sa dëkk sax, boo demee marse fekk fa doom yi ñuy jaay.



Geneen garab gu am solo ngir njariñam, mooy Ditax. Taxawaayam tollu na ci fukk ak juroom ba ñeent fukki meetar ca kaw. Fii ci réew mi, ñoo ngi koy fekk ci àll yu naat tey taw lu bari.

Doom yi, dañu koy lekk ndax dafa neex te saf suukar. Denc ko lu yàgg, mën na nekk ndax gaawul a yàqu.

Doomi ditax, boo ko njambaanee, def ci suukar, baax na ci sunu dund ak sunu wér-gu-yaram. Ferñeent wi ñu ci gën a ràññee mooy bi ñuy woowe “vitamin C”.

Ditax, dafa làq suukar ak ndox, looloo tax mu baax ci coono ak yaram wuy metti. Am na feebar yu sonnal askan wi, lu ci mel ni wannaasu, soj mbaa mettitu ndigg. Ditax bokk na ci li leen mën a saafara.

Niñu ko waxewoon ci Solom, Ditax itam bariwu fi, waaye saa yu ñoree, mu ngi ni xas ci marse. Di ko faral di lekk wala di ko njambaan di naan, day mottali li ñuy dunde. Waaye itam dina ñu fajaaleel ay jàngoro. Kon ditax jar naa boole ci sunuy deseer, bu ñu lekkee ba



Am na garab gu siiw gu ñuy tudde nebedaay. Tur wi, ma nga bayeekoo ca tubaab ya. Mu ngi tekki "lu fi dul jóge muk". Garab la gu mën a sax fu ne ndax ragalul ñàkkum ndox. Tamit foo ko mën a jëmbët mu jebbi, màgg ndeem sax suuf sa nanguwul. Fii ci Senegaal nak, ma nga ëppee ca diiwaanu Koldaa ak Sigicoor.

Saab-saab, di weneen turam, garab gu bari ay ferñeent la. Am na ferñeent "A-B-C" ak yeneeni ngëneel yu baax ci yaram.

Ci sunu wàllu dund, daanaka léppi nebedaay mënees na koo lekk. Muy xob yi, xas mi, reen yi, tóor-tóor yi wala doom yi, lépp a am nja-riñ. Garab du ko gën a baax ci feebaru jabet. Dina wàññi gerees ak suukar su ëpp ci sunuw yaram.

Saab-saab jar naa jëfandikoo ndax dina ñu aar ci feebaru xol, dina ñu soreel ak tasyonj tamit. Xobi saab-saab ak tóor-tóor yi, dañuy raxas sunu biir yaram, dàq ci bépp tooke ak lorange. Nebedaay day xeex bépp doomu jàngoro. Mën naa faj góom bu tëawér. Doomi saab-saab dafay sellal am ndox itam.

Laaj yi

1. Gan garab moo baax ci tasyon ?
2. Lu tax ñu ne siddeem dafa baax ci nit ?
3. Lan la toogaay bu bari di joxe ak lu koy saafara ?
4. Nu ñuy defaree njambaan ?
5. Loo xalaat ci garab yi nu wër ?

Mala yiy dund ci biir ndox



Mala yiy dund ci biir ndox



Senegaal, réew mu bari mala la, waaye yi ci ëpp ci biir ndox lañuy dund, géej baa dex. Mala yooyu, ay xeet yu wuute lañu ba noppi nekk lim yu takku. Ñoom, ci biir ndox rekk lañu mën a dund ci jépp jamono. Mala wu ci génn ndox mi, ab diir daldi loru. Ci biir ndox mi, lañuy wute seen lekk, seen naan ak a nen ngir yokk seen xeet. Ci biir ndox mi lañuy làqatu waaye leeg-leeg ñuy féey ci kaw di wëndeelu. Booy tukki ci gaal, danga leen di gis ñuy tëb lu sori ak a réer ci biir ndox mi. Yenn saa yi, ñuy daw ànd ak gaal gi ba **tukkikat yi** tiit di moytu. Bu nit labee ci ndox mi, bu ñu gaawul sowe ko, dañu koy jëkkante ngir lekk ko. Am na ci mala yu ñuy lekk lu mel ni jën ak yu ñu dul lekk, yu mel ni **jasig** .

Moo tax bés bu nekk, géej yi ak dex yi dañuy fees ak ay nappkat. Ay mbaal yu mag lañu yoor ci biir ndox mi ngir jàpp jen yi. Bu mbaal mi génnee, day fees dell ak xeeti jen yu ne. Bu ko defee, jëndkat yi wër leen ngir ramaas ko, yóbbu ci marse yi. Tubaab yi ñoom, dañuy rëbb jasig yi ak yeneen xeeti mala yi ci ndox mi ngir gëstu ci xam-xam. Biir géej, am na jen yu kéemaane yu kenn ñimewul, lu mel ni gaynde-géej



Gaynde-géej rëbbkat bu mag la, gaaw lool te mën a féey. Am nañu yu wuute lool ci seen dayoo ak seen bind te dañuy dund ci géej yépp. Ñu bari, dañu koo ragal ndax li ëpp ci ñoom dañuy songe. Gaynde-géej yi mat nañu ñeenti téemeeri xeet waaye ñetti xeet rekk la ci nit di **wattandiku**. Deru yaramam dafa nooy, geen gi gudd te ciiriir yi mel ni ay laaf. Ciiriiru gaynde-géej dafa wuute ak yu ngaaka ak piipa. Ay ciiriiram day dale càmmoñ jëmm ndeyjoor, waaye yu ngaaka ak piipa, day jóge ci kaw jëm ci suuf.

Gaïnde-géej yi ñoom ñépp dañuy nàmpal. Bari na ci yuy jur, waaye gaynde-géej soxlawul gén ci kaw ndox mi ngir noyyi ndax **caaxoñ** yi moo tax.

Gaynde-géej, dafa **raglu** ba tax ñu ragal ko. Ba noppi, dañuy songe waaye jen a ëpp ci la ñuy dunde. Ñeent yi ci gën a soxor, seen guddaay mat na ñett ba juroom benn ci ay meetar. Tey, ñépp a ngi ragal gaynde-géej yi di gën di néew ci géej yi ndax nappkat yi. Nappkat yu bari dañu leen di **mbaalaale**, fekk soxlawuñu leen.



Jasig, mooy watatukat bi gën a mag ci mala yiy watatu te gën a gudd fan. Li ëpp ci ñoom dañuy booloo di dund ci dex yi wala lag yi ci dii-waanu Afirik. Jasig, day am guddaay bu mat juroom i meetar tey peese junniy kilo. Mën naa dund ñaar fukki ak juroom, jëm téemeeri at. Jasig ji dëkk ca dex gu magu Niil ca réewu Esipt, mën na lekk nit. Bu génnee ci ndox mi, ci jànt bi lay nelawe ngir tàngalu ndax deretam dafa sedd. Jasig, xef yi daañoo yaraax, moo tax muy gis bu baax ci biir ndox mi. Mala wu gaaw te buy féey day door bu baax geen bi ci ndox mi. Buy dox ci suuf, day raam ci biir bi tànk yiy tëb ànd ak moom. Bët yi ak paxi bakan yaa ngi ci kaw bopp bi ndax buy feey, gémmiñ gi ubbeeku ci ndox mi. Am na juroom benn fukki bëñ yu ñaw yuy faral di wekkeeku di rot. Waaye saa su ñu wekkeekoo ba rot yeneen yu bees wuutuwaat leen. Yaramu jasig, ay waasintóor ñoo ko wër ba daj, tànk yi am ay wee yu gudd. Jasig ju jigeen ji day gas ay pax ci wetu géej gi nen fa fanweer ba juroom fukki nen.

Yaay ji moo fay des di leen sàmm ba juroom ñett baa juroom ñeenti ayubés doom yi génn. Seen yaay moo leen di ñank yóbbu leen ca dex ga. Jasig yu ndaw yi ay gunoor lañuy dundee



Jenu koŋ mi ngi bokk ci xeeti jen yiy dund ci ndox yi nga xam ne daa-naka amul xorom. Jen la woo xam ne amul waasintoor te yaram wi dafa wert, wert bu rax ñuul-ñuul. Deru yaram wi dafa ratax lool ndax ay rataxit ñoo wër yaram wépp. Jen wu taaru la ci bind ak melo ba tax mu wuute ak jen yu bari. Biir bi dafa xaw a leer, am melo wu mboq wala weex, waaye bopp ba dafa yaatu te tàppandaar. Jenu koŋ gemmiñ gu rëy la yor, bëñ yi tuuti te bari lool def ñaari raŋ. Jen la woo xam ne am na juroom yu ndaw. Yu gudd yi ñoo ngi feete ci ŋaamu kaw wi, ñeenti yu ndaw yi ci suufu bopp bi.

Dañoò lemu jublu biir gemmiñ gi. Boo seetloo ni bëñ yi bindoo sax, danga

Jenu koŋ am na ñeenti ciiriir: ñaar ci ginnaaw bopp bi ak benn ci geen bi. Ñeenteelu ciiriir bi dafa gudd te am cat lu ñaw feete ci wett gi.

Guddaayam mat na meetar ak genn wàll te yi ci ëpp ñaari meetar yépp, dañuy gën di niiroo. Diisaayam moom jen woowu toll na ci fukk ba téemeeri ak juroom fukk ci ay kilo.

Jenu koŋ yi gën a rëy dinañu yaatu ba romb ñaar ak genn wàll jem ñetti meetar. Ci méngale, bu nu demee ca réewu tubaab ya, dayoob jenu koŋ ya weesuul foofu.

Jenu koŋ, lépp lay lekk waaye day faral di nangoo wéet ci dëkku-waayam. Jen wu ragal lumiyeer la te bërëb ya gën a xoot ca ndox ma lay dëkk. Noonu mu soree ci ndox mi moo tax nappkat yu mag yee mag ñoo koy faral di jàpp. Bu jigeen bi mën naa nen ba juroom i téemeer ci ay nen.



Yaranka, mala la wuy dund ci biir géej, Yaram wa dafa nooy te mu am ay car. Mat nañu ñetti téemeeri xeet yoo xam ne bokkuñu tur, waaye ñoom ñépp Yaranka la ñu leen di woowe. Seen bariwaay moo tax amuñu seen turu bopp wu ñu leen di ràññetlee. Foo leen fekk, du ñu dëkk ñoom dong, mbooloo lañuy nekk. Rab wu neex la te seer ba lu ci nappkat napp rek, xeepp. ko Bopp bi am na ñaari ciiriir yu muy feeye ak fukki car. Juroom ñetti cër yu gàtt yi mooy loxo yi, ñaar yi gën a gudd lay doxe. Bëti Yaranka xaw naa yaatoo ni genn wàllu meetar, maanaam tollu na ni balu basket.

Yaranka rab la wuy rëbb ndax yàpp lay dundee. Moo tax jen yi ak yenn xeeti mala yi di ko daw. Cër yi ci bopp bi ci lay jàppée yi muy rëbb ngir mën a dund.

Bopp bi am na bët yu yaatu te ñaw yu tax muy séen lu sori lool. Rab la wu sàll wi lemu jëm suuf ba noppi dëgër lool. Seen der yi, lu mel ni diw moo ko wër moo tax mu mën di soppi melokaan.



Bidiwu géej mala la wuy dund ci ron xeer yi, déeg yi ak géej yi. Dayoom mat na ñaar fukki sàntimeetar ci guddaay waaye ëpp nañu junniy xeet. Xeet yooyu, boo leen xaajee, ëpp nañu fanweeri njaboot. Bidiwu géej, mala wu yéeme la ndax aw meloom ak bindam mën naa wuute lool.

Li gën a bari ci ñoom, juroomi loxo yu gatt te ratax lanuy am. Am na ci xeet wu doy waar wuy am fukki tànk ak juroom ñett. Kaw loxo yépp ay dég ñoo ko wër te saa yu ñàkkee ab loxo, beneen daldi judduwaat. Biindam biy niróo ak bidiw moo tax ñu koy wooye Bidiwu géej. Aw ya-ramam amul yax waaye mala wu bëgg lekk la. Bu génnee ndox, balaa yàgg mu loru ndax dóotul noyyi.

Bidiwu géej, tuufa, paañ, ak yeneen mala yu ndaw yi ni mel ñoo ëpp ci li muy dunde. Moo tax, mala yooyu bu ñu ko gisee dañuy daw..Ya-ramam dafa am ay tànk yu ndaw yu bari yu muy doxe. Dina def waxtu ak genn wàll ci lekkam, te dina toog bésu lëmm, lekk gi soog a rees. Bu ñu eggee ci jur, bu jigeen bi day nen, bu nen yi tojee, yu ndaw yi gén.



Piipa, mala wu rëy la wuy faral di dund ci géej wala dex diirub fanweer ba ñeent fukki at. Guddaayam dina mat ñett ba ñeenti meetar. Diisaayam di toll ci ñaari téemeer ba juroom benni téemeer ak juroom fukk ciy kilo. Boo raayee yaramam, moo gën a ratax mala wuy dund ci suuf. Yaramu Piipa dafa liis ba tax muy féey bu baax ci ndox mi. Bu jigeen bi, nopp yi ak ween yi dañoo nekk ci lem-memi der bi. Amul baat, ndax bopp bi dafa taqaloo ak yaram wi ba dara doxul seen diggante. Mala la woo xam ne kenn du ko lekk ndax dafa niroo ak nit. Bu ko nappkat yi jàppee, dañu koy yóbbu ci parka yi ñu waajal ko dëkuwaay ba du loru. Piipa, mala la wuy faral di wéet waaye nit mooy wéttalam. Moo tax, dafay xettali sax nit kuy lab ndax amul benn wextan. Mala yu ndaw, gaynde-géej yu ndaw ak sardiñ lay dunde. Ay doo-mam duñu tàggoo ak moom te amuñu juroomi at fekk ñu mën a féey ak daqe. Ni mu bégge nit, tax na ñu koy wooye àmbasadëer. Loolu nak terewul piipa yi ñoo ngi gën di jaffee gis ndax nappkat yi



Fok yi, ay mala lanu yu nekk ca géej yu sori yaa sori, te am galaas. Seen guddaay dina mat meetar ak genn wàll ba ñaari meetar. Boo leen peesee, seen diisaay day mat juroom ñaar fukki kilo ba juroom ñeent fukki kilo. Yi ci gën a rëy, seen diisaay mat na téemeer ak juroom fukki kilo. Seen kawar yaram yi dañoo doomu taal waaye yu ndaw yi seen kawar dafa weex. Bopp yu rëy lañu am, gémmiñ gu yaatu ànd ak ay mustaas ci tuñ yi, bët yi ñuul kukk. Ñoom dañuy bëgg di doxantu ci tefes gi .Mën nañoo def fukki simili ak juroom ci biir ndox mi te duñu génn. Mala yu gaaw ci féey lañu te mën a tëb waaye dañoo yeex ci suuf.

Tubaab yi leen di rëbb, dañu leen di xaar ci pax yi ñuy gas ngir di ci noyyee. Bu jëkkoon, ci fok yi lañu doon jële dund ak diw gu ñuy taal ngir jaaru. Seen der yi lañu doon defare ay yéere ak ay jumtuwaay. Yenn nappkat yi, fok yu ndaw yi lañu daan rëbb ngir seen kawar gu rafet gi te weex. Loolu moo tax ñoom ci njaqare lañuy nekk jamono ju ne. Ñgir aar leen, nguur yi dañuy tere ku leen lor. Gaynde-géej yi ak mbëfër di “urs” yi ñoom itam, dañuy rëbb fok yu ndaw yi



Ngaaka, mala la wuy dund ci biir ndox te bokk ci mala yiy nàmpal la. Mala la woo xam ne dereetam dafa tàng ba tax, faww muy noyyi ngelaw ngir dund. Ci biir der bi, gerees gu bari lay def laltaay. Laltaay jooju, am na dijaay bu mat fukk ak ñaar ba fukk ak jurooom ñett ciy sànti-meetar. Gerees googu dajaloo, mooy musal mala wi ci sedd biy jóge ci bërëb yu xoot yi.

Ngaaka, dafa am yaxu ndigg, waaye ay xeet yu wuute lañu ci seen dayoo ak seen bind. Bi ñuy woo egaaka bu bulo, guddaay bi tollu na ci ñaar fukk ak juroom ci ay meetar.

Moo gën a rëy ci kaw suuf, ndax diisaayam day ëpp ay téemeeri téemeer kilo. Ngaaka yi am ay mustaas, bokkul ak yi am ay bëñ.

Ngaaka yi, dañuy dabu tàngoору ndox mi ak dund bu doy ba tax ñuy baagante géej yi.

Bu jigeen bi, dina am juroom ñaari at door a tàmbalee jur. Mën na jur benn doom, at mu ne, diiru dundam. Bu judd rekk, daaldi mën a féey, dox, gis, dégg ci saa sa. Mala wu nappkat yi faral di rëbb la ndax nda-walam ak gereesam gi ñuy defare xeeti diw ak lojkoloñ. Ngir ragal seenuk far, àddina sépp a déggoo ci wàññi di leen rëbb.



Leraw mala la wuy dund ci dex yi fare Afirik ak ndox yu tàng ya féete Amerik. Guddaayam romb na juroom benni meetar, waaye geen gi dafa gatt. Diisaayam tollu na ci ñaari téemeer ba juroom benni téemeeri kilo. Yaramam dafa bindóo ni bidonj te der bi ratax, mel ni lu dóomu taal.

Mala wu ragal sedd la ba tax mu taamu ndox mu tàng. Ñax mi sax ci biir ndox yi lay dunde waaye du duññi. Li muy dunde ñax, moo tax ñu koy wooye nagu dex.

Mala wu ñime weetaay la ndax àndandoo bu dëggu lay taamu.

Leraw, day nàmpal waaye balaa jur am juroom ñaari at. Ñaar ba ñetti at yu nekk mu jur, waaye fukki weer ak ñaar lay ëmb. Dina dund leeg-leeg juroom fukki at ci ndox mi. Am na dëkk bu mag bu nekk ca réewi tubaab ya, leraw ya bari nañu fa lool. Ñu ngi ko tudde Lamantee ci nasaraan.

Leraw yi nak, bareetul ndax nit ñi tabax nañu fi ñuy wutee ñax. Yenn yi, mbaali nappkat yi ak xandali bato yi di leen gaañ. Moo tax, leraw yi amatuñu jàmm ba tax ay kurel yu ëmb àdduna sépp ñoo leen di wattu

Laaj yi

- 1 Lan moo tax jenu koŋ ratax?
- 2 Ndax mën ngaa leeral ni jasig di def ba ay doomam juddu?
- 3 Lan moo wone ne piipa daa xaritoo ak nit?
- 4 Lan moo wuutale ngaaka ak nagu dex ci seen njurin?
- 5 Lan moo tax rëbbkat yi di lor fok yu ndaw yi?

Tànk-ndànk

CE1


Jéego

7

Téere

4

WOLOF



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

Tànk-ndànk 7

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

Li téere bi ëmb

Roqaya, beykat bu xaren..... 4

Mbey mi, Càmm gi ak Napp gi. 16

Sunu ekol 28

Matale ak yaxanal ndox 40

Roqaya, beykat bu xareñ



Tànta Roqaya, jigeen ju ràññeeku la ci diiwaanu Luga. Am na tool bu yaatu ci gox bi mu dëkk. Tey ci suba, ay elew yu ànd ak seen jàngalekat bu jigeen, ñëw nañu seetsi ko. Ñoom ñépp, dañu ñëw nemmeekusi toolu Tànta Roqaya. Elew yi, ñi ngi jàngee ci ekol bi ci biir dëkk bi. Tànta Roqaya itam foofu la jàngee. Kontaan na, ci li mu dalal eleew yi ak seen madam. Jàpp na ni itam, mbooloo mi ñëw seetsi toolam, sargal nañu ko.

Bi mbooloo mi egsee, Tànta Roqaya ne: "Xale yi, na ngeen def!"

-Eleew yi: "noo ngi fi rekk." Tànta Roqaya ne: "Maa ngi tudd Roqaya Njaay, waaye, samay jegeñaale ñi ngi may woowee Daba."

Ci kanam tuuti, Roqaya ànd ak eleew yi ak seen jàngalekat, di wër toolam bi. Loolu neexoon na ko lool.



Roqaya di jigeen ju jàmbaare, wër ak ñoom ci biir tool bi, ay yoon i yoon. Wonaale na leen lépp limuy bey ci biir tool bi. Won na leen itam, njureef li mu fa jelee. Ci yoon wi, benn eleew ne ko: " Tànta Roqaya, sa tool bi réy na lool te rafet. Ndax mën nga noo wax, naka nga def ba am tool bu réyee nii? Tànta Roqaya àddu ne:" Damaa yàgg a liggeey, moo tax ma am njureef lii. Ci seen ekool laa jàngee ba kalaasu See Em Dëe. Bi ma demee ba tollu ci séy, ci laa am jëkkër. At yu jëkk yi, ci sama séy, ci liggeeyu kër gi rekk laa doon yëngu. Benn bés, ma ni dinaa soppi doxalin. Ci laa ne:"Damaa bëgg a liggeey." Ci laa dem waxtaan ak sama jëkkër ak samay goro, ci liggeey bi ma bëgg def. Naka noonu, ci laa dogu ne, damaa bëgg a daan sama doole ci wàllu mbey."



Roqaya tàmbale wax gone yi, fi mu jaar ba egisi fii. Mu ne leen: "Maa ngi tàmbalee mbey mi, ci benn tool bu tuuti, bu ma sama goro bu góor mayoon. Dama doon faral di ji ay xeeti dugub. Saa yu garab yi màg-gee, ba doom yi ñor, ma góob. Lii, ma jaay, lee, ma dundee. Mën naa wax sax ne Mbeyum dër laa doon def, di góob noor ak nawet. Doon naa faral di am xalis ci biir at mépp. Ca jëlbeén, dama doon bey tuuti lejum. Suñu ñoree, ma jaay leen. Daan naa jëfandikoo benn karne. Doon naa ci bind lépp lu ma jaay ak lépp lu ma génne jëmale ko ci wàllu deppaas. Moo tax bés bu nekk, ma xam liy dugg ak liy génn. Ci noonu, laa jàngee ni ñuy saytoo koppar." Mu rax ci dolli ne: " Bi ñu ci tegée ay weer, koppar yi may jëlee ci mbey mi gën a bari."



Roqaya yokk ci ne: "sama liggeey bi, di gën a dox. Ci la dem ci njiitu komin bi, ñaan, ñu mayaata ma suuf, ndax ma gën a wuutale mbey mi. Bi tànta Roqaya di faramfàcce fi mu jaar, xale yi ñu ngi ne woon tekk, di ko déglu bu baax. Ci saa si, ñépp déggando riiru moto-pompu Tànta Roqaya. Moom ci boppam ne: "Gisngeen! pomp bii mooy suuxat garab yi. A ka am njariñ. Xoolleen! Bu ndox mi génne, ci tiwo yi, ci saa si, day dugg ci biir mbalka yi. Tiwo yooyu, jóge ci mbalka yi, ñoom lañu teg ci diggante garab yi. Dañu am ay bën-bën yu tuuti. Bën-bën bu nekk, genn-wàllu meetar a dox digganteem ak moroomam. Ndox miy jóge ci tiwo yooyu, dafay jaar ci bën-bën yi, di toq, di roose garab yi. Mu nekk pexem roose muy yaxanal ndox, di guusal, saa su ne, taatu garab yi."



Roqaya waxaat: "Sama tool bi, dafa yokku, moo tax liggeey bi nar naa gën a metti bu fekke amuma pomp. Motopomp bi, dina wàññi coono dem di rooti ndox ngir roose garab yi. Ma xamal leen ni man rekk, mënnumaa def liggeey bépp. Loolu moo tax ma wax xale yu góor yi ak yu jigeen yi ci dëkk bi, ñu ñëw jàppale ma. Payoor bi, du nekk xalis. Liy seen payoor mooy, su lépp ñoree, ma jox leen ci dara ñu jaay ko, féeetewoo ko." Ginnaaw bi Tànta Roqaya waxee ba noppi, benn eleew laaj kàddu gi. Mu ne ko: "Seetlu nanu ni lejum yi nga bey, lejum yu baax lañu. Ñoo gën a réy lejum yi ñu faral di gis ci màrse bi. Tànt a Roqaya ne ko: "Li ko waral mooy, dañuy def ci tool yi ay nefere yu ñuy defaree fii. Nefere day tax suuf si gën a nangu. Dafay dundal garab yi. Loolu mooy tax ba lejum yi gën a réy."



Roqaya delluwaat, waxaat xale yi, ni ñuy defaree nefare yi. Ci la leen wax:" Dangay jëkk a gas am pax def ci mbalit mi bàyyeeko ci kër gi. Waaye nak bàyyileen xel ci lii! Boo leen dajalee mbalit mi ba noppi, génneleen lépp lu xeetoo ak palastig, mbuus, añas. Lépp luy weñ wala yax itam génneleen ko ci mbalit mi. Ndaxte yooyu ñu génne yépp, dañu soppeeku. Te suñu soppeekuwal, dañuy yàq nefere. Bu loolu weesoo, nga jaxase mbalit mi ak ay nefere mala. Boo ko yëngalee ba noppi, nëpp-nëppal ko, muree ko am mboob. Mboob mi, dina tëye guusaay bi ak lëndëmaay bi nekk ci biir pax yi. Loolu dina gën a mën a nëbal mbalit mi. Leegi nak, desul ludul di roose mbalit mi lu bari, di ko yëngalee furset, yenn saa.

Soo xaaree ba mu mat juroomi weer, ci ngay am nak nefere. Mu nekk tos gu ñiy suy ci tool bi."



Ci defar gi muy defar nefare ji, Tànta Roqaya bokk na ci ñi tax dëkk bi set.

Dafa jël ay boroom saret, di leen liggeey loo, ñuy wër koñ yi, di dajale ak a tonni mbalit mi. Bu mbalit mépp dajee, ñu dugal leen ci biir pax yi. Leegi nak, amatul menn mbalit muy taxawaalu ci biir dëkk bi. Moo tax feebar yi wàññee ku nañu. Loolu itam, ngañaay la ci Tànta Roqaya ndax jëndatul ca isin ba, àngare bu muy def ci toolam. Loolu tax na mu gën a am xalis. Tànta Roqaya jëlaat kàddu gi ne: "Gis ngeen batimaa béele, def naa fa benn isin bu ndaw. Dina soppi meññeef yi ak lejum yi. Moo tax, maa ngi defar ndoxum bisaab, di ko jaay otel yi, ak gan yiy jóge bitim réew. Dinaa ci jaay itam ñi nekk ci dëkk bi, yor ay bitig. Dinaa defar itam kóofitiiru tamaate ak bu màngo. Waa dëkk bi bëgg nañu ko lool. Lumu gën a yàgg, limu li may defar di gën a bari."



Roqaya waxaat, ne: "Àntarpiriis bu ndaw bii, dina mas a nekki isin bu mag. Bu boobaa, dina soppi lejum yi ak meññeef. Bu loolu weesoo, ñu wëlbatì leen ñu nekk ndoxum bisaab wala ndoxum màngo. Dina tax ma mën a jox am xéy mu wóor jàñq ji ak xale yu góor yi ci sama gox. Fi mu nekk nii, àntarpiriis bu ndaw bii, kenn ci sama jarbaat yu jigéen yi, moo koy saytu. Man, duma def ludul topp di xool liggeey bi ak xaa-lis biy dugg ak a génn. Jàngalekat bi, bi mu jëlee kàddu gi, ci la wax ak Roqaya. Mu ne ko: "Ginnaaw dëkk bi amul kurañ, naka nga def ba sa motopomp bi di dox? Ci saa si, Roqaya ñaan mbooloo mi, ñu topp ko, ci ginnaaw batimaa bi. Ci la tàmbalee ne: "Dama samp ay panó soleer ngir am kurañ. Cey jant bi, wii wërsëg, ci nun ñi dëkk Afirig sowu jant! Jant bi dafa ame kurañ budul jeex. Melul ni gaas bi wala petorol biy jeexi yàgg-yàgg. Saa su ñu jeexe, nga wutiwaat leen.



Jàngalekat bi, rax ci dolli, ne: "Ak jant bi, ku nekk mën ngaa am kuraŋ, te doo fay dara. Ndaxte kuraŋ boobu, ñépp a ko bokk, te du mas a jeex. Ñépp a ci mën a jariño. Bi Tànta Roqaya jëlee kàddu gi, dafa dëggal li jàngalekat bi wax. Ci la Tànta Roqaya waxe: " Seen jàngalekat bi, wax na dëgg. Ma xamal leen ni, Góornamaŋ bi, leegi mu ngi ñaax askan wi, ñu jëfandikoo kuraŋ biy jóge ci jant bi." Mu yokk ci ne: "Beneen yoon, dingeen mën a nemmeeku Kurel gi ñànk céddale kuraŋ bi ci gox-goxaan yi. Bi wisit bi jeexee, jàngalekat bi may xale bu nekk mu dem xooli li mu bëgg a xool." Balaa xale yi ak seen madam di ñibbi, dajewaat nañu ak Tànta Roqaya. Ci la Adel mi bari kersa, jël kàddu gi, ne: "Tànta Roqaya, wisit bii ñu def, jëlee naa ci xalaat." Tànta Roqaya ne ko: "Waaw kumba, ban xalaat ngay wax? Adel, kon-taan, muuñ tuuti, balaa muy jël kàddu gi.



Adel tontu, ne: "Ndax mën nanu defar benn sardenj ci biir ekol bi? Tànta Roqaya tontu, ne:"waawaaw, mën na nekk kay. Seen Madam dina leen ci jàppale ci ngeen bey ci sardenju ekol bi, karoot, suppome, nawe, ańs. Mën ngeen, jëmbët ay garab ci ëttu ekol bi ak yeneen yu wër ekol bi. Maa leen dimbalee jiwu wii. Ñi may liggeeyal itam ci sama tool bi, dinañu ñëw yenn saa, jàppale leen ci sardenj bi. Xalaatu Adel bi, kontaan loo na elew yi ba ñu jóg, di fecc ak a tàccu. Bi ñu ci tegee ay weer rekk, elew yi defar benn sardenj. Xale yu jigeen yi ak xale yu góor yi ci dëkk bi, jàppale nañu elew yi ci defar bi. Liggeeykatu Tànta Roqaya yi itam, jàppale nañu elew yi ci sardenj bi. Lenn ci lejum yi ñu jëkk a góob ci mbey mi, ekol bi dafa leen jaay ay jaaykatu lejum. Leneen li ci des, suba gu nekk, ngir waajal ańu xale yi, ñu yokk ko ci nduggu kàntinu ekol bi. Lii tax na ba toggu ekol bi gën a neex. Xaalis bi nu jëlee ci njaayum lejum mi, Komite biy Saytu Ekol bi, moo koy denc. Defar nañu ci sax, taabalu ban yi yàqu woon yépp.

Laaj yi

- 1 Bi xale yi ak seen Madam demee seeti Roqaya, ndax Roqaya kontaanoon na ?
- 2 Ndax jëkër ji Roqaya am, yàqal na ko liggeeyam ?
- 3 Lan moo tax toolu Roqaya bi baax lool ?
- 4 Lu tax lejum yi ci toolam bi di gaaw a ñor ?
- 5 Sardeñu ekol bi, yan njariñ la amal ekol bi ?

Mbey mi, Càmm gi ak Napp gi



Mbey mi, Càmm gi ak Napp gi



Mbey mi, ci Senegaal, am na solo lool. Su ñu bëggee mbey mi baax, war nanu am suuf su baax ak ndox mu doy. Dinanu soxla itam ay nit yuy liggeey ci tool yi. Fii ci Senegaal, nit ñiy dundee ci mbey mi, bari nañu. Téemeeri nit yoo jël, juroom ñaar fukk yi, mbey lañuy dundee. Am na ñaari xeeti mbey. Wi ci jëkk mooy, mbey mi ñuy dundee, ñu di ko wax, bey dundee (dugub, boq, ceeb). Weneen xeetu mbey mi mooy: bey ba noppi, jox ko isin yi. Isin yu mel ni Sonaakos, Sodefiteks ak isin biy defar suukar si, aŋs. Mbeyum gerte, wëtteen, ñàmbi-suukar ak tamaate, dina tax isin yik defar saabu, wëtteen, sukar, ay potu tamaate, aŋs. Am na itam yeneem ñaari mbey yu ñuy woowee mbeyum dër ak mbeyum garab yi ñuy lekk doom yi. Ñaari mbey yii, askan wi dinañu ci dund, waaye am na luñuy yóbbu bitim réew. Ci dexe Ndar ak gu Kaasamaas, ndox mi leeg-leeg ñu jëfandikoo ko ngir roose tool yi. Waaye nak, mbey am na ay jafe-jafe. Ci misaal: Suuf su wow si, ñàkk a taw gi ak nàkk jumtukaay yu baax, dina yàq mbey



Mbey mi leegi, dafa laaj nga am ndox, suuf su nangu ak ay jumtukaay yu baax. Maanaam su suuf si dëgëree torob, dina jafe lool nga bey fa gerte wala dugub. Su nooyee te nangu, boo fa jiwee gerte, dugub, wala ñebbe, dinga déqi wala góob lu bari. Maxari, di bey kat ca kër Samba njàmbaan, xam na loolu. Beykat bu am pas-pas la, te fonk tool yi lool. Dafay teel a jóg ci jafe-jafe yiy gállankoor toolam yi. Bu nawet bi desee ñetti weer, mu tàmbali ruuj ñaari toolam yi. Benn bi mi ngi nekk ci dëkkam, beneen bi nekk ci dëkku yaayam, Kumbija. Soo ko fekke ci toolam, mi ngi sol benn tengaade, téye hileer bi. Suba ak goon, mu ngi ci tool yi. Su tawee ba suuf si tooy ba lóor, bés bu nekk Maxari day dem tool. Bu eggee, ji gerte ci toolam ba ca kër Sàmba njàmbaan, ji dugub ci tool ba ca Kumbija. Ci toolu Kumbija ba, dugub la fa ji. Bu gerte gi demee ba tàmbalee sax, Maxari suy nefere ak àngare ci tool yi. Masin lay jëfandikoo buy bey wala góob toolam. Loolu moo tax tool bi jural ko gerte ak dugub ju bari.



Sàmmkat bi mooy nit kiy yore jur gi, di leen toppatoo ak a dundal. Liggeey boobu muy def moo tudd càmm. Càmm gi mën na tax jur gi gën a bari. Moo xam jur gi ci àll bi la wala gi ci kër gi. Ku bëgg a mën a sàmm bu baax, war nga def yëngute yii: dundal jur gi, di leen toppatoo. War nanu yokk jur gi, te fexe ba am jur gu baax. Jur gi bokk na ci liy dundal askan wi, ndax ñoo jox meew, yàpp, aña.


Am na yeneen poroduwi yu ñu dul lekk te ñu mën a yokk koom gi. Bokk na ca: der, dunc, béjjen, nefere, aña. Bu ñu fàtte ni, jur gi wala mala yi, dinañu jàppale nit ñi ci seen bëgg-bëgg. Dinañu leen jàppale ci seen tool yi. Bu ñuy rëbb, mala yu mel ni xaj dinañu jàppale rëbbkat yi. Am na mala yi ñuy takk saret, ñuy yeb ay nit ak seen i bagaas. Mala yooyu tax na borom kër yu bari am depaas bés bu nekk.



Poroduwi yu bari, ci càmm gi lañu leen di amee. Càmm gi, bari na, te wuute. Mën nañu ci ràññee nag yi, xar yi ak bëy yi ñuy sàmm. Am na tamit fas, mbaam-xuux, ñanaaw, xaj ak muus yi ñuy yar. Xeeti càmm yii, dina indi yokkute ci nit ñi. Dina indi tamit yokkute ci réew yi dund ñàkk wala yi lekk gi doyul. Bu ñu fàtte ni nefere baax na ci suufu beykat bi. Nefere ci càmm gi lay jóge. Nefere tos gu baax la ci suufu beykat bi. Dina tax ba njureefu tool yi gën a bari, te loolu yokkute lay jur cim réew. Yokkute su amee rekk, dund bi day daldi yomb. Dina tax nit ñu bari yu doon dund ci nàkk, tàmbali am yaakaar. Càmm gi, yoon wu wóor la ngir gën a yombal dundu askan wi. Ndawi tey, war nañu ciy yëngu bu baax. Loolu dina leen indil liggeey ci nàkkum xëy mu bari.




Napp gi ci Senegaal, am na njariñ ci réew mi ak ci askan. Gééji Sene-
gaal, bokk na ci gééj yi gën a bari jën ci àdduna si. Napp gi, bokk na
ci li gën a yokk koom-koomu réew mi. Soo taxawee ci tefes gi, di xool,
dinga gis gaal yu baree bari, yuy jaabante ci biir ndox mi. Waaye tee-
wul, mala yi ci gééj gi, wàñneeku nañu lool. Li ko waral mooy, coppite
kilimaa bi ak gééj gu tilim gi. Bokk na ca itam, bato yiy jóge bitim réew
di nappsi. Loolu moo tax, borom gaal yi ci réew mi, di nappee fu soree
sori. Dinañu def ay fani fan, ci ndox mi, di soog a mën a jàpp jën yu
bari. Ci at yu néew, ci ginnaaw, ci tefes gi donɗ la borom gaal yi daan
yem. Teewul daan nañu, jàpp lim bu toll ni, li ñuy jàpp léegi. Napp gi,
am na solo lool ci koom-koomu réew mi. Li nar a yàq alal ji ci gééj gi,
bari na. Moo tax, war nanu am sàrt yuy wax ni nu war a jariñoó gééj
gi.



Càmm gi am na njariñ ci réewu Senegaal. Waaye, napp gi itam am na solo lool. Xeeti napp yi, bari na ci réew mi. Wenn wu ci nekk, bokk na ci liy yokk koom-koomu réew mi. Ci misaal, mën nanu ràññee xeeti napp yi. Wu jëkk wi, mooy napp gu mag gi, bi ci topp, mooy napp gu ndaw gi. Xeet wi ci mujj, mooy Napp mu ànd ak poo. Lépp lu ñu napp ci géej gi, dañu koy dajale ba mu bari, yóbbu bitim réew. Napp googu, mooy napp gu mag gi. Ay àntapiriis piriwe yu nekk Senegaal ak bitim réew, ñooy def napp googu. Am na itam sàrt yu ko lal. Képp kuy def napp gu mag gi, war ngaa am kayit gu la may nga napp. Lii, day wone ni, am na jamano joo xam ne, duñu may kenn kayit. Kon nag, kenn warul napp, dañuy bàyyi géej gi mu dallu. Képp ku toppul sàrt yooyu, yoon dina dal ci sa kaw



Ginnaaw napp gu mag gi, am na weneen xeetu napp, wu tudd, napp gu ndaw gi. Napp gu ndaw gi, nappkat yi, ñu ngi koy def bés bu nekk, ci seen biir gox. Ay gaal ak ay saxaari géej lañuy jëfandikoo, bu ñuy napp, napp gu ndaw gi. Li ëpp ci nappkati Senegaal yi, napp googu lañuy def. Napp gi tamit, laaj na nappkat bi koy def, am kayit gi koy bàyyi mu napp ci géej gi. Sarwiisu napp gi ci diiwaan bi, mooy joxe kayit googu. At mu nekk, sarwiis bi dina joxe kayir googu. Ci diggante bés bu jëkk ci weeru sarwiye ak bés bi mujj ci weeru desàmbar, lañuy joxe kayit googu. Ñetti xeeti kayit moo am. Kayit Aa (A), bi ñuy jagleel ñiy napp ci tefes yi. Kayit Bee (B), bi ñuy jagleel ñiy napp ak seeni gaal, lu weesuwul fukki meetar ak ñett. Kayit See (C), gi ñuy jagleel ñiy napp ak seeni gaal, lu weesu fukki meetar ak ñett. Waaye saxaari géej yu mag a mag yi, bàyyi nañu leen ñu napp fépp fu leen neex ci biir Senegaal.



Senegaal, bokk na ci réew yi ñu gën a ràññee ci wàllu napp gu ànd ak po. Way-tukkikat yi bëgg lool xeetu napp gi, dañuy faral di ñëw Senegaal, at mu nekk. Barab bi ñu taamu, ci diiwaan yi gën a bari jën, mooy diiwaanu Sigicoor. Li tax way-tukkikat yi taamu Senegaal, mooy, li réew mi bari béreb yu am géej te taaru. Loolu nag, moo leen di xëcc, ñuy ñëw ci réew mi. Ndakaaru ba Ndar, géej a ko lëru. Géej goo xam ne ndox mi dafa xaw a sedd. Sigicoor moom, am na dex ak géej. Diiwaanu Fatig, am na ay bolon, yoon yu sew te ndox mi di fa jaar. Mën na ñu ràññee, ci Senegaal, xeeti jën yu bari ci géej gi. Lu mel ni yabooy, gaynde-géej, coof, tas, sompaat, ngóor-sikkim, jënu ndox, sikket-mbaaw ak kiri-kiri..., am nanu ci géej gi. Am na yeneen xeeti jën yu am ci biir ndox mi. Jën yu bari te wuute, am na ci biir géej gi, moo tax, way-tukkikat yi, bari ci sunu waax yi. Loolu tax na itam, ñu ràññee, ñetti xeeti napp wu nit ñi di def, jublu ci am poo.



Xeeti napp yi nit ki di def te jublu ci am po, ñett lañu. Wi ci jëkk mooy, ngay napp ba noppi, boole ci am po. Napp googu, nappkat bi jubluwu ci jàpp ay jën kese. Li mu ci jublu mooy, di féexal xolam, boole ci, di fo ci biir napp gi. Leeg-leeg, mu jàpp jën, téye ko ci loxom, ci diir bu gàtt, dellowaat ko ci biir géej gi. Xeetu napp woowu, mi ngi faral di am, ci géēju Ndakaaru, ci géēju Ndar ak ci gééji Sigicoor ak Saalum. Ñaareelu napp gi, mooy, di nappee mbaal. Napp moogu, mi ngi faral di am ci géēju Ndakaaru. Fu mel ni Ngor, Wakaam ak Yoof itam, di-nañu ko faral di amal. Ca Sigicoor ak Saalum tamit, Napp googu am na fa. Ñetteelu xeetu napp wi, ci réewum Senegaal lañu ko gën a ràñ-ñee. Ci biir dex gi lañu koy defee. Ci biir ndox mi, dinañu séen ay garab yu seen reen yi féete kaw ak ay jën yu bari te wute. Xeeti napp yépp, ñooy xëcc way-tukkikat yi, ñu ñëw nappsi ci réewum Senegaal.



Ceebu keccax, bari na ñu koy dundee ci Sénégaal. Ceeb bu neex la, laajul deppaas bu bari, te bari na ferñeent. Keccax gi, jën la, wu ñu soppi, wowal ko. Defar keccax, laaj na, nga xam wan yoon ngay jaar ba defar ko. Yoon wii, ci yi nuy jaar la ngir defar keccax:

1-Dangay jël jën yi, ranjale leen ci suuf, muur leen mboob ak xobi fi-laawoo wala xasum guy. Boo noppee, lakk leen. Yenn saa, nga jël xol-liti jën ak dóomu taal, teg ko ci kaw mboob mi. Loolu dina tax, jën yi duñu xëm. Ci diirub ñaari waxtu, nga leen di weer.

2- Dangay bàyyi jën yi, ñu lakk, ci benn béreb bi, seral leen, faxas dóomu taal bi ci kaw jën yi. Boo noppee seral jën yi, ay waxtu.

3-Ay paan ngay jël, tàmbalee xolli jën yi, dagg bopp yi, dindi butit yi.

4- Jël xorom su sew, def ko ci benn paan, jaxase ko ak ndox, suy ko ci jën yi.

5-Jël jën yi, teg leen ci biti, ñu tàqaloo. Ba noppi, bàyyi leen fa ñetti fan.

6-Am nga keccax, nga def ko ci pañe, muur ci baas; mën nga ko denc weer yu bari, di ko jaay wala nga jëfandikoo ko

Laaj yi

- 1-Ñaata xeeti mbey moo am ci Senegaal ? Yan la ?
- 2-Maxari, ndax mën na am xalis bu bari ci mbey mi ?
- 3-Lu tax càmm gi am njariñ ci Senegaal ?
- 4-Napp gi, ndax yokkute la ci réew mi ? Lu tax ?
- 5-Keccax bi, yan njariñ la am ?

Sunu ekol



Sunu ekol



Sunu ekol mu ngi nekk ci diiwaanu Jurbel, depàrtmaa Bàmbey, arón-dismaa Làmbaay, ci dëkk bu ñu naan Reefaana. Boo demee Reefaana, sunu ekol moo ngi ci digg dëkk bi. Soreewul lool ak marse bu mag bi. Am na genn garab gu mag gu nekk ci biir ekol bi.

Ekol bi, fukki kalaas ak ñaar la am. Am na itam dëkkuwaayu jàngalekat yi. Ñetti néeg moo fa nekk.

Ëttu ekol bi, yaatu na. Foofu la xale yi di fowee. Fukki jàngalekat ak ñett la am. Kenn ci ñoom, mooy jàngale araab. Jàngalekat yi, ñu sawar lañu. Eleew yi itam yaru nañu lool te bëgg jàng. Waxtu wu ñu defee ab jonante ci jàng, sunu ekol mooy raw.

Xale yu bari, ekol u Reefaana lañu bëgg a jàngee



Am na ekol bu nekk Jurbel, wuute na lool ak sunu ekol bi nekk Ree-faan.

Ekol boobu, pentiiri kalaas yi yépp ñoo ngi tàmbalee xolleeku. Bunti kalaas yi itam, yu bari dàjjeeku nañu. Yeeneen yi, max gaa ngi leen di lekk. Boo duggee ci biir kalaas yi, xadd baa ngi toj. Boo toogee ci bang yi, téen ci kaw, di séen asamaan ci. Eleew yi dañuy fo di yéeg ci kaw bang yi, moo tax yu bari dàmm nañu. Yenn kalaas yi, buy taw, ndox mi di rogalaat ba tooyal bagaasu eleew yi. Fëneetar yi, weñ gi xomaag na. wanag yi, toppatoo bi des na. Eleew yu bari bëggatuñu faa dugg ngir xet gu xeeñ gi fay gillee.

Meetaar bi, bu toogee dafay aj tànkam yi moo tax itam siisam bi tànk yi dàmm nañu.

Ekol , moomeelu ñépp la. Eleew yu bari ñoo fay jàngee. Moo tax ñu war koo fonk te aar ko. War nanu itam sàmm taax yi ak jumtukaay yi bu baax ba sunu rakk yi mën faa jàngee.



Nun eleew yi, war nanu sàmm bu baax sunu cetug ekol ngir njàng mi mën a ñonj. Cet gi nun eleew yu góor yi ak yu jigeen yi yépp la war. Moo tax, kalaas bu nekk ci ekol bi, samp nanu fa kurel gi war a saytu cet gi. Am na itam benn porose bu nekk ci gox bi, moo nu jox ay jum-tuwaay.

Bés bu nekk, balaa nuy door jàng mi, danuy bale kalaas yi ba mu set wecc. Ëttu ekol bi itam, danu koy bale. Wanag wi, bés bu nekk nu raxas ko, tur ci ordsawel ngir mu jële fa doomu jàngoro yi.

Laata nuy bale, danuy wis ndox ci suuf, ngir pënd bi bañ noo sonnal. Sunu balee ba noppi, an mbalit mi, tuuri ko ci pubel ya ñu teg ci buntu kalaas bu ne.

Ayubés bu ne, dinanu raxas bu baax kalas yi. Su booba, danuy génne багаас yi nekk ci kalaas bi. Bu ko defee, nu bale ruq-ruqaat yépp. Bu nu noppee ci kalaas, nu for bant yi ak mbuus yi nekk ci ëttu ekol bi. Loolu moo tax sunu ekol , set wecc. Xale yu bari yu nekk ci dëkk bi, foofu lañu bëgg a jàngee



Sunu miiri ekol bi, yaatu na lool. Boo nàtte guddaay bi, toll na ci ñetti téemeeri meetar. Yaatuwaay bi moo gën a tuuti, waaye mat na téemeer ak juroom fukki meetar. War nanu ko sàmm bu baax, ndax mooy jëmmal taaru ekol bi. Ngir yokk taaru miir yi, danu faa def ay nataal yu bari. Am na nataalu Lat Joor Jóob mu yéeg fasam wa di Maalaw. Jàmbaar yu bari yu nekk ci réew mi ak ci gox bi, def nañu fa seen nataal yi. Ñoo ngi ko def ngir bëgg eleew yi jël ci ñoom ak njàmbaarte. Danoo bëgg itam, xale yi fonk seen cosaan ak seen réew.

Ba tey ci miir yi, am na ay bind yu am solo yu fa nekk. Kàddu gu jëkk gi moo ngi ñaax eleew yi ñu toppatoo cet gi ci ekol bi. Geneen Kàddu, moo ngi leen di tere ñu saw ci miir yi. Am na kàddu itam guy fàttali njariñu kayitu juddu.

Ci gàttal, kàddu yi ak nataal yi nekk ci miir bi, yépp a am njariñ ci askan wi. Moo tax, danoo war a sàmm bu baax sunu miiri ekol ba mu gën a taaru.



Am na ag kurel gu nu sàm̄p ngir eleew yi bokk ci li jëmmale ekol bi kanam. Kurel googu, moo ngi tudd gornomaŋ u eleew yi. Bu nuy taxa-wal gornomaŋ bi, kalaas bu nekk dafay fal ay ndaw yu ko fay toogal. Kalaas bu nekk ñaari ndaw lay fal, lu góor ak lu jigeen. Bu ñu leen di fal, eleew bu bëgg, mën na laaj baat. Ngir mu leer, danuy wote. Eleew bu góor ak bu jigeen bu ëppale moom lanuy fal.

Bu nu noppee ci taanneefu ndawal kalaas yi, ci lanuy doog a tànn eleew yiy jiite. Gornomaŋ bi dina am, persidaŋ, teresoriye ak sekaal-teer. Dinanu fal itam ay komisoŋ yiy dimbale biro bi ci liggeey bi. Am na komisoŋ bu yore cet gi ak wér-gi-yaram. Beneen bi mooy yore wàllu ndox mi ak garab yi nekk ci ekol bi. Am na itam komisoŋ buy saytu koppar yi. Wàllu njàng mi, amal na solo lool gornomaŋ, moo tax ñu jagleel ko komisoŋu boppam.

Ci tënk, gornomaŋ bi, tax na ba xale yépp dugul seen loxo ci doxalinu ekol bi.



Sunu ekol , limu eleew ya fa nekk, takku na lool. Daanaka, bo ko xay-maa, jege na junni. Am na ay jaaykat yu bari yu fay ñëw. Ci ëttu ekol bi, ci suufu garabu niim gi la jaaykat yi di lal seen njaay mi. Xetu njaay yu bari am na fa: màngo, gerte, beñe, ańs. Am na ay jaaykat yoo xam ne, dañoo set lool. Dañuy muur seen njaay mi ba wenn weñ ak pënd du ko laal. Waaye nak, am na ci ay jaaykat yu sàggan. Dañuy bàyyi seen ñam yi ñuy jaay, weñ yi di ci dal. Loolu moom, lu gaaw a indi jàngoro la. Xale yiy lekk ñam yu baaxul yooyu, dañuy waccu, seen biir yi di daw.

Komison bi yore wàllu wér-gi-yaram gi, jël na ay dogal tere képp ku lekk ñam yooyu. Dem itam wax ak jaaykat yi ngir ñu farlu bu baax ci cet gi.

Loolu tax na ba jaaykat yi di sellal seen njaay mi leegi. Moo tax ba xale yu bari amatuñu ay mettitu biir.



Sunu ekol , béreb la bu bari ay garab. Xeetu garab yu bari am na fa. Am na garab yuy am doom yu nuy lekk: màngo, siddeem, limon ak soraas. Am na itam, ay garab yu am ker yu sedd. Foofu la eleew yi di gën a fowe. Meetar yi, ci garabu niim gu mag gi nekk ci buntu biro di- rektëer lañuy faral di toog.

Komison bi yore wàllu ndox mi ak garab yi, jël na ay dogal yu am solo. Fukki eleew yu nekk, dañu Pen a jox ag garab ngir nu sàmm ko.

Am nanu itam, ab toolu dër ci gannaw kalaas yi. Xeetu lejum yu bari ñoo ngi fay bey. Eleew yi dañuy aylante roose bi. Am na itam ab ko- mison bi ñu samp mu yore njaayu lejum yi. Tool bi, xalis bu bari lay indil. Ci lejum yooyu lanuy sàkk bu nuy toggol eleew yiy lekk ci kantin bi.

Garab yi ak tool bi nekk ci ekol bi, amal nanu lool njariñ, war nanu ko sàmm



Liggeey yi eleew yi war a def ba sunu ekol set, taaru, dafa laaj koom gu bari. Komison bi yore lijanti koppar yi, teg na ay pexe yu bari ngir ekol bi am koom. Benn yoon ci weer wi, dinanu amal kermes ci ekol bi. Eleew bu ci dugg fay ñaar fukki dërëm. Ci biir kermes bi, am na ay jonante, xale yi di joxe xalis ngir bocc ci. Ku raw, ñu jox la ab neexal te du tere ekol bi dajale xalis bu bari.

Ci sunu ekol bi, nun eleew, tëral nanu fa ay Kotisaasion. Kalaas bu nekk, eleew bi fa toogal komison beey lijanti koppar yi, mooy dajale xalis bi.

Weer wi bu deewe, nu woote ndaje mu mag, waa komison wax nu li nekk ci kees gi. Jëfin wu leer woobu, moo tax benn eleew du yeex a Kotise.

Am na benn porose bu nekk ci gox bi, dafa nuy may xalis ngir nu amal ay yëngu-yëngu. Xalis bi, danu ciy jënd jiwu ci sunu tool bi. Moo tax itam nu mën a jënd ay juntuukaay ngir suuxat garab yi.

Waa Komison bi yore lijanti koppar yi, ay jàmbaar dëgg lañu. Sunu ekol am na xalis bu bari ci keesam gi



Meetar yi dañuy def ay pexe ngir sunu ekol bi dox bu baax. Ci njiitu direktëer bi, meetar yi dañuy faral di waxtaan ci seen biir.

Ubbite ekol bi, am na waxtaan wu ñu defoon. Ci lañu tërale benn porose ci inspeksoŋ bi. Boobu porose, jox nañu ci sunu ekol finasmaa bu takku. Ci la ñu jëndee ay garab, jëmbët leen ci ekol. Jumtukaay yi nuy toppatoowee garab yi itam, ci finasmaa la ñu ko jënde.

Weer wu nekk, meetar yi dinañu amal benn ndaje mu jëm ci njàng ak njàngale. Dañuy dugg ci benn kalaas, meetar bi jàngale ci seen kanam. Bu noppee, ñoom ñépp ñu waxtaan ci liggeeyu jàngalekat bi. Dañuy xool li ci baax, ñu wax ko ngir jàngalekat bi mën ko wëyal. Li am rëq-rëq itam, dinañu tegtal jàngalekat bi ay pexe.

Jàngalekatu sunu ekol itam, dinañu jàppale ci doxalinu gornomaŋ eleew yi. Ñoom, ñooy xelal xale yi lu bari ci ay pexe yi ñuy nas.

Eleew yi nekk ci ekol yépp, jox nañu jàngalekat yi cër



Sunu ekol , samp nañu fa kurelu wayjuur yi. Kurel googu moo yore joqalante bi war a am ci diggante waa ekol ak waa dëkk bi. Kurel gi am na ab njiit, mooy peresidanj bi. Boroom dëkk bi, Waxambaane yi, jigeen ñi, jàngalekat yi, eleew yi, am nañu ndaw yu leen fa toogal. Kurel gi, liggeey bu am solo lay def ci ekol bi.

Ndoorteelu at mi, kurel gi dafay woote am ndaje, wax waa dëkk bi li ñu bëgg a def. Bu ñu noppee, ñu xalaat ci lu ñuy def ba am koppar yu muy laaj. Pexe yu bari lañuy tëral ngir am xalis. Leeg-leeg, ñu tëgg làmb, lañu fa am ñu def ci ekol bi. Am na itam benn toolu dugub bu ñu jagleel sunu ekol bi. Bu nawet bi wàccee, ñu góob dugub ji. Benn pàcc bi ñu jaay ko, beneen pàcc, ñu jëfandikoo ko ci kantin bi.

Koppar yi kurel gi di dajale yépp, ñoo ngi koy dugal ci ekol bi.

Kurel gi moo defar bunt yu yàqu yi, miir yu daanu yi ak banu eleew yu dàmm yi. Moo tax leegi, sunu ekol taaru lool.

Laaj yi

1. Ñaata kalaas la sunu ekol am?
2. Lu tax xale yi sawar a jàngee sunu ekol ?
3. Lu tax eleew yi balaa ñuy bale, roose kalaas yi?
4. Lu tax eleew yi war a toppatoo garab yi nekk ci sunu ekol ?
5. Noo gisee jàngalekat yi nekk sunu ekol ?

Matale ak yaxanal ndox



Matale ak yaxanal ndox



Mindeef yi ci àdduna sépp am na lu aju ci ñoom ngir yombal seen dund. Moo xam mindeef mu dëkk ci kaw suuf la, mbaa ci biiram wala biir ndox wala feneen. Moo xam mala la, nit ba ci garab, ku ci ne am na yu mënul ñàkk ci dundam. Yooyu nak, seenub lim bari ne waaye li ci ëpp solo te ñoom népp ñu soxla ko, mooy ndox. Lépp luy noyyi du mën a dund lu yàgg bu ndox amul. Njëlbeenu nit sax, ndox la moo tax nitboo ko séddele ñetti xaaj, naari xaaj yi yépp ndox la. Nit ku ne ndox mi muy naan, bokkul ak ndox mi muy jële ci ñam yi muy lekk.

Meññeefu garab yi ak lëjum yi ak ñam yi ñuy togg yépp am na ndox. Mindeef yépp yemu ñu nuñuy jëfandikoo ndox. Garab yu ndaw yi dañu leen di roose bés bu nekk ndax ñu màgg te dund. Mala yi, dañu ciy naan ak a sàngu, yenn yi di ci dëkk. Nit, boole naan, fóot sàngu, bey, togg, tabax ak a defar yeneen xeeti naan. Saa su nit naanul ndox donte ñetti fan la sax, mu daldi tumurànke ca saa sa. Moo tax, muy taamu di dëkk fu jege ndox mu bari. Rax ci dolli, nit ndox mu set te mucc-ayib, mu amul cafsa, xeeñul te soppeekuwal la bëgg. Moo tax muy gas ay teen ak ay fooraas ngir am ndox mu set te doy.



Ndox, li muy am njariñ lépp, balaa nit di ko jëfandikoo faww mu jël ci ay matuwaay. Buy togg mbaa muy raxas ay juntuukaayam wala muy sàngu du ndox mu nekk moo ko mën. Yooyu ndox mu set mu mucc ci bépp doomu jàngoro moo ci baax. Ndox mu set mën na jóge ci teen, robinet mbaa fooraas. Ndox moomu limux set-set, booy natable set na wala setul sax, danga koy setal. Yenn dëkk yi amul moomu, dinañu jëfandikoo ndoxu siyaan waaye dañu koy setal. Ba tey ci yeneeni gox, am na ñu fay naan ndoxu dex. Yooyu ndox nak dafa laaj toppatoo bu baax jëkk ñu koy naan.

Kuy def ndox moo jot naan, sa wer-gu-yaram mën naa am jafe-jafe. Na ka noonu ndox mi ngay raxase ndab yi ak a defare ay njar mu setul day indi lor. Moo tax jamono ju ne, ñi yor werug yaram ñoo ngi ñaax nit ñi ci wàllu cet. Ngir setal ndox, am na ay yoon yu bokkal waaye day laaj pexe yu xereñ. Bi gën a yomb, mooy nga xent ko ak morso bu yaraax te set wecc.

Beneen bi mooy nga def ca fukki liitari ndox yu nekk ben saañu wor-dasawel.

Ñetteelu yoon wi, mooy tàngal ndox mi ba mu bax bu baax.

Am na yeneen xeet yu gën a mat yu jaaykati ndox yi di def ci ay juum-tukaay yu xarale.



Bu nu bëggee yaxanal ndox mi ba ñépp maase bàyyi yàq gi, dañuy settantal xeeti yàqum ndox yi. Bu ñu leen ràññee ba noppi, xool béreb ya muy ame, doog a wut ay pexe. Li ñu gën a seetlu ci liy yàq ndox, mooy bañ a tëj bu baax robine yi. Loolu day am ci ekool yi, daara yi, liggeeyukaay yi, marse yi ak kër yi. Tiwoo bu yàqu ci kaw yoon, biir kër, ekool wala feneen dina tax ndox ma di walangaan fu ne. Ñenn ñi dañuy dugg ci wanag, génn, bàyyi robine ba muy xelli. Ñeneen ñi, seen caabi robine day fuwaare, ñu bañ koo defar, ndox ma di xelli wet gu ne. Kër yu bari , xale yu ndaw a ndaw yi dañuy fo ci robine yi; di leen ubbi ak a tëj muy sotti rekk.

Yaxanal googu, loxo yépp a ci war a and ndax bu ñii di defar, ñii di yàq, dara du baax. Moo tax, dafa war a am ay kurel yuy ñaax nit ñi ngir ñu moytu yàq gi. Boroom xam-xam yi ñoom itam, war nañu di leeral waññet yi nekk ci yàq ndox. Bu ko defee, jàngalekat ya ca ekool ya, yar ca seeni elew ba yàq ga gën a néew foo fee. Seriñ daara yi ñoom itam, yar seeni ndongo ba ñu bàyyi ndox mi ñuy foye ak a yàq . Bu ñu fexee ba gune yi mággaale jikko yooyu rekk, lépp aw yoon. Mag ñi nekk ci kër yi ak béreb yi ñuy wute ndox ak di ko jëfandikoo ñuy ñaax ña fa ne.



Ginnaaw leeral yooyu, kiy jariño ndox, war naa farlu ci aar ko jamono ji mu muy root. Loolu mooy fexe ba ngelaw li, salte yi ak puseer bi du ci dugg. Yooyu ñu lim yépp, bu amee, day indi ay gállankoor ci ndox mi. Li ci dolleeku mooy di ub ndox mi waxtu wu ne ak di moytu loxo yu bari. Saytu béreb bi ñuy denc ndox yi ba yiy dox ak yiy naaw ci yenn salte yi duñu ko laal. Moo tax, diggante root ma, yóbbu ba ca kër ya ba ca denc ba, dara warul naaxasaay. Njegam ndox mënul ñékk, kon war nañu koo jéem a yaxanal bu baax. Sakkanal ndox, mooy yokk sunu koom ak yombal sunu dund. Ndox, njariñ rekk la ba tax ñi ko amul ñépp di ko jëggaan.

Yeneen xeetu yàq yi, mooy tanq paanu ndox te fekk nga soxla siwoo, baa siwoo te pot rekk doyoona la.

War a jariño ndox far ko denc ba amatul njariñ nga tuur ko, yàq la. Ci gàttal, xeeti yàq yi mēneesu leen a lim waaye benn baaxu ci. Béreb bu ci ne, dañuy fey ndox ma ca xalis ba fa ne. Bu ñu ko feyul, ñu Kupe ko, ñépp bokk am jafe-jafe. Kër yiy saytu ndox mi ak di ko feyeeku dañuy bëgg kuy yaxanal ndox. Moo tax, saa su li mu marke weesu yenn lim yi, pey gi day gën a seer.

Loolu tax na ba mooytu yàq ndox ak yar ci njaboot gi, dina noppal waajur



Kenn ku ne ci askan wi, fa mu féete, war na farlu bu baax ci lépp luy ñoŋal ndox mi.

Ku nekk di wattandiku yàqum ndox mi, di jéem a defar robine yu yàqu yi ak tiwoo yu bënn yi. Ku mënul a defar nga yëgal ko ñi yor liggeey boobu. Liy ñoŋal ndox mi dafa jëm ci naari fànn: yaxanal ko ak aar ko ci bépp ayib. Gox yi nga xam ne ndox ma dafa bari, kenn waru koo yàq, rawatina yeneen ya ndox néew. Ngir ndoxi teen yi ñoŋ, nañu leen wutal ay kubeer yu ñu koy tëje bu ñu rootee ba noppi. Loolu dina tax xale yi ak ñi am feebaru xel, bañ cee sànni ay salte.

Di ci sotti wordasawel leeg-leeg itam, baax na ci ngir faagaagal doomi jàngoro yi ci nekk. Ñiy saytu fooraas yi, war nañuy bàyyi xel ci mbànd miy denc ndox mi. Lu ko moy, bu feese, ndox mu bari day tuuru ci suuf. Balaa ñuy séddale ndoxu mbànd mi ci tiwoo yi, war nañu koo ubbi ngir sotti ci wordasawel ak yu ni mel. Ñi feeti ci gox yi am dex, jaadu na, ñu fexe ba kenn du ca sotti ay mbalit. War nañoo aar dex gi ci petorol, isaas bi ak lépp luy tilimal mbaa soppi ndox ma. Loolu, day laaj ñu sàmp ay kurel yuy ñaax nit ñi ba ñépp xam musiba yi ci nekk. Ndox mu setul, dina sooke xeeti jàngoro yu bari. Moo tax, ñi farlu ci naan ndox mu set, mucc ci yooyu jàngoro.



Réew yi ci àdduna sépp, seen xelaat dañu koo jëme ci wàllu ndox. Xam nañu ne ndox moo yor dundu doomu aadama, mala ak garab yi, ba tax ñu yokk seeni jéego. Jafe-jafe bi ci gën a fés ci gox yi ak réew yépp, mooy ndox mi doyul fenn. Rax ci dolli, nit ni dañuy gën di yokku, di gën a soxla ndox. Boo jëlee réewum Senegaal, fooraas yi dajul fépp te yenn gox yi, teen ya dañoo të. Ci yeneeni gox yi, teen ya dañoo dëy te dex amu fa. Moo tax, ñu bari ci dëkk yooyu, dañuy takk seeni sa-reet ngir wuti ndox saa su ne. Bari na lool ay fooraas yoo xam ne lañuy xelli ci ndox, doyul waa gox ba.


Li ci ëpp ci fooraas yooyu, dañuy taxaw leeg-leeg ndax ndox ma ñuy jelli, doyatul waa gox ba. Nguur gi mënul saafara soxla yépp, moo tax ñi leen di jàppale ci yeneen réew, di leen gasal ay fooraas. Moo tax réewum Senegaal itam sóorale na lool mbirum ndox ci seen nas yépp. Loolu yépp nak, terewul jafe-jafe yi ñu ngi fi, ndax ñàkk a am lu ñu ko defe. Li fi sës kon, mooy ñu seet nu ñuy jëfandikoo li jàppandi ci ndox. Jëfandikoo googu, gën nañu ca taamu, cet gu mat sëkk te ànd ak yaxanal. Nguur gi moom dafa war a jukki ndoxu dex yi, toppatoo ko ba ña fa féete mën ca di naan te duñu loru. Askan wi ak Nguur gi, dañoo war a lëkkaloo, ku nekk bey sa waar ci liggeey bi



Yaxanal ndox, li muy baax-baax, dafa am jamono ju muy yomb ak jamono ju muy jafe lool. Waxtu sedd, nit ñi duñu jëfandikoo ndox lu bari ndax, naan bi ak sangu bi, day néew te soree. Bu ko defee, ndox mi day sakkan lool ci yooyu jamono. Su dee waxtu tàngoor, nit ñi dañuy naan ak a sangu lu bari, jur gi yitam noonu. Ci loolu, li ñuy jëfandikoo ci ndox day jéggi dayoo. Bu dee jamonoy nawet nak, ndoxum taw mi mooy waral ndox mi ñu root sakkan.

Yaxanal ndox mi, mu ngi aju ci ku nekk, ni sa soxla tollu. Ki soxla naan, sangu, fóot, togg mënul yem ak ki ci boole yar coggalu jur. Naka noonu, ki boole mbeyum noor ak di sang jur gi leeg-leeg, mënul bokk ak kiy naan, sangu ak fóot.

Mu ngi mel ni boroom kër gu néew ag njaboot ak gu am njaboot gu sakkan lool. Ñoo ñu ñaar, seen soxla ci ndox yemul, ba tax na duñu mën tudde loolu yàq ndox wala sakkanal. Ki bari ndox lool te dëkk ci sakkanal ndox mi, di ci ñaax waa këram, mooy yaxanalkat. Bokkul ak ki bari ndox te di ko yàq, waa këram di yàq te du tere wala ñaax kenn. Kooku mooy yàqkat dëgg bi waral coow li. Réew mu nekk ak nañuy jëfandikoo seen ndox. Foo ci dem, kilifay réew ma ñooy fexe ba yar askan wa ci yaxanal ak setal ndox



Fii ci Senegaal, dëkk yu bari, ñoo ngi jële seen ndox ci déeg, dex yi ak gééj gi. Ndox yi ci biir suuf, dex yi ak gééj yi dañu leen di toppatoo bu baax doog leen a naan. Toppatoo googu, mooy fexe ba tàggale ndox mi ak xorom si. Boo noppee, nga jublu ci setal ko ci xeeti salte yépp. Kiy foot ak a raxas mbaa muy wëgg ak jur du jar yenn coono yi. Yenn dëkki kaw yi, amuñu ndox yuy daw ni dex wala gééj. Moo tax, ñoom ndoxu teen ak fooraas lañuy naan. Ndoxi teen yi ak fooraas yi li ci ëpp duñu am xorom waaye du tere ñu setal leen.

Ndoxu déeg yi, mën nañu cee roose tooli dër yi ak di ci sang jur gi. Te loolu, dina tax ndox yi nuy naan gën a sakkan. Bu dee kuy bey, mbey mu mag lool, day fexee ñoddi ndoxu dex yi. Batay, sàmm yu mag yi itam mën nañoo wëgg seen coggal yi ci dex yi. Ñi yor jur gu bari te am jafe-jafe ndox, leeg-leeg, fàww ñuy màng ak jur gi ngir dabu ndox mi. Sàmm yooyu dañuy am ay gállankoor ndax jukki bi day metti, bu jur gi baree. Bu dee fooraas itam, sàmm yi yor ay coggal, payu faktiir yi day seer lool ci ñoom. Moo tax, sàmm yi dañuy faral di sàkku nguur gi dimbali leen ci ay fooraas ngir yombal seen dund.



Yaxanal ndox mi ak di ko setal, lépp day aju ci askan wi ak seeni bëgg-bëgg. Lu seen lim di gën a yokku, seen jafe-jafe ndox di gën a bari. Batay limu gox yi bu yokkoo, askan wi day gën a soxla ndox. Waaye askan wi dañuy soxla ndox mu bari ngir yokk yëngatu yi leen di may ag koom. Yenn gox yi, seen gállankoor, mooy ñàkk ndox mu neex. Bu dee taax ya, ñenn ñi dañuy jënd ay bidonji ndox ci sareet yiy wër. Ñe-neen ñi am xalis, di jënd ca butik ya, ndoxu kireen bi isin yi di liggeey. Waa àll ba ñoom, dañuy takk ay sareet dem ca dëkk ya am ndox mu neex.

Ndoxu taw bi dina yombal mbey mi ci dëkku àll yi ak sax ñey bey ca taax ya. Waxtu nawet, taw yu jëkk yi dañuy bari waaye dañuy ñiis bu taw yi soreente. Bu ndox mi baree lool ci biir nawet bi, déeg yi dañuy bari te dañuy fees. Yooyu jamono nak, waa taax ya dañuy bari lool jafe-jafe ndax ndox yu taa ya. Yenn gox ya day fees dell ba ndox ma far nangu yenn dëkkuwaay ya. Bu ko defee, sàppëer yi dañuy sonn lool ci manq ndox ma. Ñu bari ca askan wa dañuy mujj génn seeni kër ndax ndox ma ca néeg ya. Ndox mu bari moomu, def ay taa-taa ba fees yenn gox yi, lañuy wooye mbënd



Mbënd moomu, bari na lu muy sonnal waa Ndakaaru ndax ndox ma du gaaw a ñiis. Li ko waral mooy kër ya dañu koo dër ba mu daj, mbedd yépp ñu tali leen. Moo tax saa su taw ya tegaloo, kër ya ak mbedd ya fees dell ak ndox. Leegi sax, daanaka, dëkku taax yu mag yépp mbënd mi egg na fa. Bu dee gox yi mel ni Bàmbey, suuf sa mooy teye ndox ma ba du gaaw a ñiis. Bu ko defee, lu taw bi tuuti-tuuti, mbedd ya ak kër ya def ay déeg. Pexe mi ci gën a mucc-ayib, mooy gas ay mburgël yu yaatu te xóot yuy yóbbu ndox ma. Loolu itam, day laaj koppar yu takku lool te nguur gi mēnu koo matale ci gox yépp. Saa yu mbënd mi amee ci ab dëkk, kër yu bari ndox ma da koy nangu. Bu ko defee, ña fa dëkkoon dañuy tumurànke ay dëkkuwaay. Ngir taxawu leen, ñenn ñi, dañu leen di abal fu ñu dëkk ba nawet bi wàcc. Ñeneen ñi, ñu yóbbu leen ca ekool ya, ñu féete fa ak seen njaboot. Loolu itam dina metti lool ci ñoom ndax yoo yi ak gunóor yi dañu leen di sonal lool. Moo tax, nguur gi ak ñenn nit ñi di leen yóbbul ay ndimbal yu takku ngir jàppale leen. Bu ekool ubbee, génne leen fa du yomb. At yii, mbënd mi xaw naa wàññeeke waaye terewul waa taax yi di am njàqare saa su nawet jubee.

Laaj yi

- 1 Bu nit ñakkee naan ndox ñetti fan, lan moo koy dal?
- 2 Limal ma ñetti yëf yu ñu war a def ngir ndox mi du xajam bay lor kenn.
- 3 Lan mooy wone ci nettali bi ne Senegaal am na jafe-jafey ndox?
- 4 Lan moo tax jamonooy sedd ak nawet, gën a yomb ci sakkanaal ndox?
- 5 Ban xelaat nga am ci yàqum ndox ak naan ndox mu setul?

Tànk-ndànk

CE1

Jéego

7

Téere

5

WOLOF



Ce livret décodable a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation Nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education Nationale

Tànk-ndànk 7

Wolof

2019



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

Li téere bi ëmb

Yoon ak jumptukaayu jukkoo yi..... 4

Yombalub jëflante diggante kaw ga ak taax ya..... 16

Mbindante bataaxal ci diggante eleew..... 28

Kaarange gune yi..... 40

Yoon yi ak jumptukaayu jukkoo yi



Nit ñi soxla nañu lool di jukkolante fu ñu toll. Jukkolante boobu dina waral nit ñiy jóge ci ay béreb di dem ci yeneen. Yenn saa it, ay nit jukkoo te kenn du jóge fa mu nekk. Jukkolante ci biir nit ñi, dafay waral ñu am ay yoonu jukkoo ak ay jumptukaayu jukkoo. Yoonu jukkoo yi mooy : tali yi, ndox mi (géej gi ak dex yi), jaww ji wala raay bi. Ci jumptukaayu jukkoo yiy jaar ci tali bi, mën nañu ci lim : oto, sareet, welo ak moto. Ci ndox mi, **saxaar**u géej, gaal wala salup ñoo ciy jaar. Jaww ji moom, **roppëlaan**, elikopteer wala **balon** ñoo ci naaw. Raay bi moom saxaar yi lañu ko jagleel.

Am na it jumptukaayi jukkoo yiy may nit ñi ñu déggante wala gisante te kenn du fekki sa moroom. Ay jumptukaay yu xaren lañu. Am njàng ak gëstoo tax yooyu jumptukaay tasaaroo leegi ci àddina ii. Ci yooyu si jumptukaay, ràññee nañu ci bataaxal, telefon, telewison, rajo ak en-teernet. Lu àddinay gën a dem, yoonu jukkoo yeek jumptukaayi jukkoo yi di gën a xareñ.



Otorut, yoon wu gaaw la te xew ci jamono. Lu ko wuutale ak yeneen yoon yi, mooy, oto yiy dem ak yiy ñëw, bokku ñu fu ñuy jaar. Benn oto du tasee ak sa moroom. Dafa am benn miir bu **xaajale** yoon wi ñaar. Otorut, ni ñu ko liggeeye, beneen yoon du ko **galan**. Oto yi, xël yu ñu mën a daw ci otorut, mēnuñu ko ci yeneen yoon yi. Si otorut, oto may nañu ko mu **xëlu** ba téemeeri kilomeetar ak fukk si waxtu wu ne. Ci réewi tubaab yi, li ëpp ci seen yoon yi ay otorut la. Moo lëkkale dëkk yu sori yi. Fii ci Senegaal, otorut moo ngi gën a baree Ndakaaru. Waaye, ño ngi tàmbali di defar ay otorut ngir lëkkale dëkk yi. Am na benn bu lëkkale Ndakaaru ak Tuubaa, ñu **duppee** ko Ilaa Tuubaa. Am na itam beneen bu dem ba Mbuur.



Otoraay, wuute na ak saxaaru géej, moom **saxaar** guy daw ci kaw yoon wu ñu defaree weñ gu diis la. Saxaar, mi ngi daw ci kaw weñ gu jub ta diis gu ñu tàllal ci suuf. Saxaar, am na ay wagon yu bari. Yenn **wagon** yi ay nit lay yeb, yeneen yi ay màrsandiis. Ci biir réew mi, boo demee Ndakaaru, am na saxaar guy bàyyikoo Caaroy jëm ca biir Nda-kaaru. Ca diiwaanu Kees, bés bu nekk, am na saxaar guy jóge Kees, dem Ndakaaru. Bu ngoone, mu wañneeku, indi kiliyaan yi bëgg a dem Kees. Ca kees sax, am na isin bu mag buy yëngu ci mbiri saxaar yi. Isin boobu, moo leen di toppatoo, di leen defar bu ñu paanee. Saxaar, bari na njariñ ci sunu réew. Dina yombal dem bi ak dikk bi ci biir réew mi. Góornomañu Senegaal, mi ngi defar saxaar gu **mucc ayib** te gaaw lool, ñu koy woowe Teer. Dafay daw diggante Ndakaaru ak Jamñaajo ak diggante Jamñaajo ak Ndakaaru ci diir bu gàtt a gàtt. Saxaar googu ñuy woowe Teer, baax na lool ci askanu Senegaal.



Saxaaru géej, jumtukaay bu baax la, buy daw ci kaw géej gi. Nit a ko defar ngir jëfandikoo ko. Amal na nit njariñ lool, ndax dina xo yombaldem bi ak dikk bi. Saxaaru géej, mën na bàyyikoo ci am réew, dem ci meneen réew. Mën na jëlee bitim réew, ay **kontaneeri** màr-sandiis, indi leen fii ci Senegaal. Moo xam ay woto la wala ay tarraktëer, ay motëeri gaal ak yu woto wala xeeti bagaas yu bari. Rax ci dolli, ci jamanoy **xare**, soldaar si dañu koy jëfandikoo. Saxaaru géej, bokk na ci liy yokk koom-koomu réew mi. Dina yombal napp gu mag gi ak njënd ak njaay mi. Dina jàppale itam soldaar si, saa yu xare amee. Nit ñiy tukki bitim réew, am na ñu ciy jël abiyon. Naam abiyon moo gën a gaaw fuuf saxaaru géej, terewul, am na nit ñuy jël saxaaru géej bu ñuy tukki. Diggante réew ak réew, bu sorewul lool, abiyon dina ko daw ay waxtu rekk. Waaye saxaaru géej moom dina ko daw ay **ayubés** wala ay weer ngir agg ci réew mi mu jëm.



Elikobteer jumtukaay la buy naaw ni abiyonj . Ñenn ñi sax fafal-naaw gu ndaw lañu koy **méngaleel**.

Saa yu tàkkee, am nag xandal gu nekk ci kaw di wëndeelu. Looloy yékkati Elikobteer bi, mu jóg tàmbalee naaw. Lu ëpp ci luñuy gis, Elikoo, genn xandal lay am. Waaye leeg-leeg ñu gis bu ci am ñaar.

Elikobteer bi jëkk a naaw mu ngi ko def ci atum 1936. Donte ci dayo mi ngi tollook abiyonj bu ndaw, liggeey ko moo gën a jafe fuuf. Jumtukaayu tukki bu neex a yékkati la, te neex a **cëppeel**, ci bépp béreb nag. Moo xam fu ñu waajal ak fu ñu waajalul, fu ko neex wàcc.

Looloo tax **takk-der** yi ak yenn boroom barke yi ci askan wi taamu ko. Fii ci sunu réew, soldaaru koom yi dañu koy yitéwoo ngir yombal seen liggeey. Leeg-leeg it ñu soxla ko ngir wallu ñu gaañu cib aksidañ. Gaal guy suux tamit, dinañu fay yebal Elikobteer ngir taxawuji nit ña balaa ñuy lab.



Roppëlaan wala fafal-naaw, jumtukaayu tukki la buy naaw. Dafa am ay laaf ne picc. Roppëlaan dafay **teer** ak a fëx ci ag **kàndaa** yu ñu ko jagleel. Jumtukaayu tukki bu yéeme la te gaaw. Nee nañu ci picc lañu **sukkandiku** ba defar ko. Nit ñu bari ñàkk nañu seeni bàkkan ci xeeti roppëlaan yi ñi jëkk a defar, ndax yenn yi da ñu doon daanu. Waaye boroom xam-xam yi dogu rekk ci gëstu bi, ba tax tey nu am roppëlaan yu mucc ayib. Neenañu itam yenn ci roppëlaan yi mën nañu sax **teer** ci kaw ndox wala nees ndax xeeti **teerukaay** yi ñu leen defal. Yenn ci ñoom yi nekk ay jumtukaayu yuy aar am réew, ay **saxaaru géej** a leen di boot di wëy ak ñoom ci géej gi. Roppëlaan yee tax tukki fu sori yómb. Ca aydapooru Beles Jaañ ba ca Jas, ca wetu Mbuur, roppëlaan yu baree fay wàcc , yeeneen ya di fa bàyyikoo wuti réewi àddina bi yépp. Ci biir Senegaal, am na bu ciy jóge Beles Jaañ di dem Sigicor bés bu nekk. Daanaka fanweeri simili lay def diggante bi.



Baloŋ wala moogolfeer, jumptukaayu tukki la bu yàgg. Moo fi jiitu sax roppëlaan. Naam, daanaka amul ci sunum réew, wayee ba leegi nit ñaa ngi ciy dugg di ci tukki wala di wëraalu ci jaww ji. Pàcc yi gën a ràññiku ci moogolfeer mooy mbaq gi ak pañe bi. Mbaq gi ngelaw lu tàng a koy ëf ba mu fees. Naka muy fees rekk, baloŋ bi tàmbalee jóg jëm kaw. Nit ñi ci pañe biy nasaraan di woowee nasel lañuy yéeg. Ay buum yu dëgër ñoo taqale mbaq gi ak pañe bi. Moogolfeeru leegi yee gën a rafet te gën a wóor. Jumptukaay wuy goqi safaraa nekk ci kow pañe bi. Safara soosooy tàngal ngelaw li ci biir mbaq gi ba tax mu mën a jóg ca kaw. Bu ñu béggee baloŋ bi teer, dañuy wàññi safara si ndànk-ndànk. Leegi, daanaka jonante wala am pooy a tax nit ñi di dugg ci baloŋ.



Telefon portabal, jomtukaayu **jokkolante** bu xew ci jamono la. Lu woyof la te neex a gàddu foo jëm. Mën nañu ko def ci poos, ci poset di dox te du la sonal. Telefon portabal, moo tax nga mën a nekk fu sori, fàj sa **aaajo**. Mën na tax itam nga jokkoo ak keneen ci ay kàddu yi ngeen di bindante.

Telefon yu jëkk yi, wuute na lool ak yi xew leegi. Yu jëkk yi, jokkalante ci wax ak ci bind la mën. Yi xew leegi am yeneen **xarala** yu bees. Yi xew leegi, mën na tax nga jaar ci enternet bi, jokko ak keneen. Loolu, moo gën a woyof ci poosu way **jëfandiku** yi. Mën na tax itam nga yóonee ak jot ay foto ak ay widewo.

Bu jëkk, telefon portabal bariwul woon, waaye leegi, bari na. Boo demee ci dëkki kaw yi nekk si réewum Senegaal, ñu bari am nañu telefon portabal.



Telewiison wala book tele, bari na lool ci jamono ji nu nekk. Am nay jamono, nit ñi rajo lañu daan déglu, di ko yóobaale fu ñu jëm. Waaye tay, telee tax loolu dellu ginnaaw ndax **nataal** biñ ci yokk.

Ci atum 1926 lañu jëkk a wone ay nataal ci tele booleek muy wax ak a riir. Ki ñu naan moo ko sos , mu ngi tudd Joon Berd, bàyyeekoo ca réewum Ekos .

Bu jëkk, tele yi dañu daan rëy, **diis gann**, bariy bagaas ci biir. Tay, ñoo ngi tollu ci ay xoolukaay yu sew, **tàcc** ba pare woyof toll, ñu leen di tudde ekaraŋ palaa. Bi ñu duggee ci ati 1980, la nguur gi xajal ñiy liggeeyal seen bopp ci wàllu telewiision. Ñoo ñu lañuy tudde sektëer piriwe.

Fii ci Senegaal, tele nguur ngi mu ngi tudd RTS. RTS mooy ndeyi tele yi. Waaye góornaman bi xajal na fi ñiy liggeeyal seen bopp ba ñu ubbi fi yeneeni tele. Yi ci gën a siiw ñooy: WalfTV, TFM, 2STV, SENTV.

Tele bokk na ci liy tax **aw askan** yewwu te gindiku ci lu bari



Enternet juntuwaay la bu xew ci àddina wërngal këpp. Dolli ci njariñam jéggi na dayo. Enternet moo **lëkkale** lépp lu doon jokkoo ci àddina bi. Ba looloo tax, ñu ne biib juntuwaay daal tax na àddina nekk benn dëkk.

Boo duggee ci biir Enternet, mën nga faa seetaan tele mbaa nga déglu ci rajo. Mën nga caa bind itam bataaxal ak di ci duggal ay nataal. Tay foo tollu ci Senegaal, boo amee **koneksiyon** Enternet ak portabal wala ordinaatëer, mën nga jokkoo ak ku la neex.

Kon yaw eleew bi jàng, Enternet **ngëneel** la ci li ngay gëstu ci wàllu xam-xam. Mën nga koo jëfandikoo ci liggeey bu ñu la sant ca ekool ba. Muy ay laaj mbaa waxtaan wi ngay séq ak say nàttango ci kalaas bi. Loolu dina yokk xarañte eleew, ndax saa yoo duggee Enternet, dinga fa am lépp loo yitewoo.

Kon daal, Enternet lu jar a wut la ci ekool bi, ci kër gi mbaa sax ci biir dëkk bi. Kiy jëfandikoo Enternet, di ci dugg saa su ne, di gëstu, ñoo ngi koy woowe enternót.


Laaj yi

- 1 Waxal ñetti yoonu jukkoo ak ñetti jumbukaayu jukkoo yu ñu gaaral ci jukki yi.
- 2 Waxal pàcc yi gën a am solo ci balonj.
- 3 Lan moo wuutale abiyonj ak elikopteer?
- 4 Ndax nit ñi dañoo war a dugg saa su ne ci jumbukaayu tukki ngir wax wala gis ñi ñu war a jukkool?
- 5 Lan la eleew war a def ci enternet ?

Yombalub jëflante diggante kaw ga ak taax ya



Yombalub jëflante diggante kaw ga ak taax ya



Modaan dëkk bu ndaw la nekk ci biir réew mi, féete ci goxu Lingeer. Dëkk boobu nak, kër yu néew ñoo fa nekk ak benn ekol ca bunt dëkk ba. Dëkk la boo xam ne taw yi dañoo néew ba noppi soree lool. Loolu moo tax suuf si dafa bekkoor ba noppi waxtu noor bi, dëkk bi day mbooyo. Li waral mbooyo mi mooy ngelaw lu tàng te wow mooy wol ci dëkk bi. Melokaanu suuf si ak ñakk ndox gi moo tax mën u bey. Ñakk ndox gi terewul waa dëkk ba, seen yëngu bi gën a fes mooy sàmm. Sàmm yi ak jur gi da ñuy mǎng ci yeneen i gox ngir watal leen ndox ak dund. Fu nekk la ñuy yóbbu jurr gi ndax dabu bërëb bu am ndox wala íax. Bu ñu bayyee jurr ci dëkk bi ab diir, ñoom ñéppay loof. Bu ñu xasee ba loof, lu ci bari day mujj loru ndax seen dund yombul. Loolu moo tax dëkk bi day nangoo weet lool li ëpp ci waxtu yi. Ekol bi bari wul ay kalaas waaye taxul ñu fees ndax xale yi ñooy sàmm jur gi. Direktëer bi ak **naatangoom** yi mettitlu nañu lool néewuk elew yi ci ekol bi.



Modaan dëkk bu néew ay kër la ndax ñu bari nangu wuñu faa dëkk. Baay Sàmba, kenn la ci magi dëkk bi, moo jaboote xale bu ñuy wax Njaga. Mi ngi dëkk ci buntu dëkk bi ak njbootam, jakkaarloo ak ekol bi. Kilifa gu mag la gu ñépp jox cër ci dëkk bi ndax jikkoom yu rafet. Sëriñ daara bu raññeeku la ba noppi doon imaam. Yaay Rama soxnaam nekk ku siiw ngir xam-xamam ci Pojum garab ak reen. Fu ne la nit ñi di jóge di ko fekk si. Bés bu nekk, kër gi day fees dell balaa yoor-yoor ndax dafa xereñ te laabir. Baay Sàmba jaboot na lool waaye amul benn doom buy jàng ci ekool bi.

Ekol bu Modaan bi néew na ay eleew lool, rawatina elew yu jigeen ndax ñakk a xam njariñu njàng. Ñenn ci kilifa yi jubblu wuñu njàngam nasaraan, ñeneen ñi jàpp ne jigeen warul jàng ekool.

Moo tax bi ñuy waajal mbind mi, Foode, Direktëeru ekol bi, di wër kilifa yi ngir ñaax leen.

Mu xalaat a diir fu mu war a jëkke, ba yag xelam ne yarr ci Baay Omar.

Baay Omar ku wuute la ak kilifa yi ci wàllu ekol ndax yagg a jaxasoo ak waa taax yi.



Direktëer dem kër Baay Omar, boroom dëkk bi ngir diisoo ak moom ci mbind mi. Baay Omar dalal na ko bu baax, sant ko ci xalaat bu rafet bi ak yéeni ji. Foode leeral ko tolluwaayu ekool bi ak elew yu néew yi rawatina jigeen ñi. Baay Omar naqarlu lool neewugeleew yi ba noppi ne ko na bind Nafi, doomam bu jigeen.

Mu ñaanal ko ne ko na wër dëkk bi yépp ñaax leen ndax ñu bind xale yi. Direktëer gén, wuti kër Baay Sàmba ngir mu bind doomam. Bi mu ëgsee ba nuyoo ne ko: "Man de damaa ñëw ngir bind sa doom ji ci ekool bi." Baay Sàmba ne ko: "xelaatuma sama doom di jàng ekool, masul a am ca maam ya ba tey."

Direktëer ne ko: "Njegam jàng alxuraan ba, daanaka wàcc na, bind ko mu boole ñaari xam-xam yi."

Baay Sàmba ne ko: "Baaxoowuñu di jàngloo su nuy doom ekool te sax moom day sàmmi jur gi."

Direktëer tontu ne: "Xanaa xamoo ne doktoor yiy faj ak ñiy doxal réew mi yépp ekool lañu jàng?"

Mu teg ci ne: "Jàng ekool amatul doomu buur ak baadolo, nitu kaw ak taax wala góor ak jigeen."

Baay Sàmba jàpp sikkim bi ba ci yàgg mu ne: "Loolu de masuma koo xam, kon kay bind Njaga."

Direktëer bi ne ko: "Xanaa xamoo ne jàng ekool taxul sa diine yàqu wala ngay réere sa cosaan."



Baay Sàmba ne ko: "Jërajëf doom, gindi nga ma ba ma xam ne xam-xamu ekol bu bënnee njariñ kese la."

Direktëer ne ko: "Mën na doon ëlëg doktoor bu xarale mbaa ku am xam-xam ci wallu suuf wala jur."

Mu jóg wuti kër Baay Musaa, góor gu dund cosaan ak Aada. Mi ngi fekk mu jaaxaan ci basañam, di waxtaan ak ay soxnaam. Naka la dugg rekk, ne: "Baay Musaa, ndax mën naa a bind Binta, sa doom ju jigeen ji?"

Baay Musaa ne ko: "Ana jigeen ak jàng ekol, mukki ci àddina."

Direktëer ne ko: "Weesu nanu jamono jooju, leegi jigeen ñaa ngi jànd di liggaey xeetu liggeey yépp."

Baay Musaa ree ab diir ne ko: "Jigeen ci wettu yaayam lay nekk; mu tàggat ko ci liggeeyu kër."

Direktëer ne ko: "Leegi jigeen ñi; ñoo ngi doon ay doktoor, takk-der, Kommandan, jàngalekat ak yeneen."

Baay Musaa ku naqaree yey la ndax xamul ludul topp cosaan ak la xewoon démb. Moo tax mu ne ko: "Binta mii, magam yépp sëyi nañu, moom itam day toog xaar jëkkër."

Direktëer ne ko: "kon baax na, dama yaakaar ne jàng ba am palaas jotewul dara ak sëy."

Baay Musaa ne ko: "Njàngam jigeen ñi day yàq seen jikko ba tax duñu faale seen boroom kër yi."

Direktëer taggoo na ak Baay Musaa ngir jàll feneen ndax mënul soppi xalaatam.



Direktëer yendoo naa wër dëkk bi di ñaax kilifa yi ba ngoon jot mu ñibbi. Ñu bari jox nañu ko seen baat waaye Baay Musaa moom xañ na ko kàddoom. Bi mu ñibbee, Yaay Mati, soxnaam wax ko mu bàyyi Binta mu jàngi waaye faalewu ko. Yaay Mati dem na diis ko Badara, xaritu boroom këram ndax mu jéem ci dara. Badara nak, tukki na fu ne ba noppi bëgg lool njàng ndax miin taax yi.

Badara daje na ak moom ca jàkka ja, laaj ko lu tax bindul Binta ci ekol bi. Mu ne ko: "Jigeen warul jàng ekol day tax mu yab boroom këram."

"Badara ne ko: "jamono dafa soppeeku, jigeen ji jàng day gën a mën yar njobootam ak sàmm wérug yaramam. "

Baay Musaa ne tekk ab diir di xalaat li ko xaritam bi wax, di yëngal bopp bi.

Badara dolli ci ne: "Gis nga Anna sama doom, njàngam la dimbalée dëkkandoo yépp te déggoo na ak seriñam. " Baay Musaa tontu ko ne: «Dëgg-dëgg, leeral nga sama xel, lu baax rekk nga ma digal. » Mu tekk ca ne : « Suba teel, maay demal sama bopp ca Direktëer mu bind ko.» Bi muy génn kër gi, la ko séen mu waaxu jëm ci moom. Bi mu ëgsee ne ko na far bind Binta, Direktëer kontaan lool



Direktëer ku mën a naxante la, fexe na ba kilifa yépp bind seen doom. Bi muy dem ekol, mi ngi daje ak benn xale bu tudd Faatimata, mu jóge ca teen ba. Faatimata ànd ak moom seen kër ca yaayam ngir mu dugal ko ekol. Direktëer dem, far fekk Baay Jibi, boroom këram, jóge pénc ma. Bi mu waxtaanee ak ñoom, leeral leen ëlëgu njàng mi, ñu nangu. Direktëer fexe na ba bind limu xale bu takku, ay góor ak ay jigeen. Tey ci àltine ji, ekol bi ubbi na, kilifa gu nekk jiital doomam yóbbu ekol. Ëttu ekol baa ngi fees ak ay xale, jàngalekat yaa ngi baagante. Direktëer mu ngi dalal kilifay elew yi ngir yeesal mind mi. Kalaas biy doog a door bari na ay eleew lool ndax jéego yi Direktëer def.

Fan yu jëkk yi, eleew yi setal nañu ekol bi yépp ak kalaas yi. Njàng mi tàmbaleegul waaye bés bu nekk ñu ñëw di dàqe ak a bëre. Direktëer mu ngi lëlu ak naatangoom yi ngir séddoo kalaas yi ak xool doxalin yi. Eleew bu ne, ñu bindal ko li mu war a jënd ndax ñu mën a door njàng mi àltine.



Tey la ubbite ekool bi am ayubés, eleew yaa ngi ci kalaas yi. Ñoom ñépp ay jàmbaar lañu waaye Njaga ak Binta ñoo ci gën neex xel. Natt yépp, ñoom ñaar ñooy jiitu ba ni ñu jeexale njàngam suuf mi. Njaga wéyal njàngam Ndakaaru, Binta, ñu yóbbu ko Kawlax ca nijaayam. Faatimata moom, mujj sëyi ci biir dëkk bi ndax xelam neexul. Ay waa-juram ne njegam mën naa lifantu, mën a bind doy na sëkk ci jigeen. Yeneen elew yi lajj ci natt bu mujj bi, dañuy jàngaat. Bi ñuy jóge Modaan bay tàggatoo, waajur yi dénk nañu leen bu baax ngir ñu farlu ci seen njàng.

Li ñuy sore lépp, ñoo ngi jokkoo lu bari ci buum gi ak ci ay bataaxal. Seen waxtaan yépp, mooy naxante ci njàng ak luy suqali Modaan. Kenn ci ñoom fàttewul li ko waajuram doon dénk ndax bëgg a faj gacce. At yu bari dox na fi, Njaga ak Binta am nañu bag ba jàng xam-xam bu suqali réew. Nu lëkkaloo ñoom ñaar, tegg ab porose buy jëmale Modaan ca kanam. Ngir màndargaal ko, nu tudde ko: jóg jàppoo defar Modaan.



Njaga ak Binta diisoo nañu ak askanu Modaan wépp ba ku nekk sóobu ci lëkkaloo gi. Modaan suuf ci nànguul mbey te li wër Lingeer lépp ay beykat yu mag lañu. Seen pexe mooy, ku dëkk Modaan joxe ñaari téemeer wala lu méngoo ak moom ci gerte, dugub mbaa ñebbe. Bu nawet bi wàccee, ñu jënd ci xalis bi yépp gerte, dugub ak ñebbe dénc ko mu jëm nawet. Sàmp nañu ay kurel: ñiy jënd, ñiy toppatoo marsandiis mi, ñiy laaj xalis bi ak ñiy yor xalaat yi. Bu nawet bi soree, ñu jaayi ko Ndakaaru, kenn ku ne ñu lebal la xalis nga liggeeyi. Balaa njënd mi di tàmbali, ñépp fey seen bor, junni bu ne, ñu teg ca téemeer.

Bi xalis bi demee ba takku, ñu ne genn góor njëgu nag, xar mbaa bey, jenn jigeen naka noonu.

Kenn ku ne loo àttan nga leb bu fey jotee nga delloo. Njaga ak Binta amuñu jot ndax seen liggeey waaye weer wu ne, ñu ñëw saytu liggeey bi. Ci diggante bi, Binta am boroom kër bu baax buy liggeey ci bànk bu mag. Moom itam, mu gunge leen ci wàllu koppar ak xalaat bu gën a doxal yëngu yi. Njaga itam, njegam day liggeey ak waa bitim réew, wut na ay farandoo yu am doole ngir ñu jàppale leen. Ñu boolee seen xalaat ñoom ñépp ak seen doole, ubbi àntarperiis bu defar dawlin, fariñ, sunguf ak yeneen



Njaga ak Binta tabb nañu ñiy jiite àntarpëriis bi ak ñi leen di jàppale ba farandoo gi tàggat nañu leen. Jël nañu xaley dëkk bi yépp, góor ak jigeen ba ci mag yi dese kàttan. Kenn ku ne, xaatim nañu ak moom kayitu dige ci li muy liggeey ak li ñu koy fey. Ndaw ñi ak mag ñi ñépp am nañu am xëy, kenn dematul ca taax ya. Jënd nañu ay Kamiyon yuy yóbbu marsandiis mi Ndakaaru ak yeneen gox yi. Farandoo yi sax mujj nañu leen wutal ay kiliyaan bitim réew. Liggeey bi doxna lool, dëkk bi naat, ñenn ñaa ngi jënd ay nag di yar, ñii ay xar. Jigeen ñi di defarlu ay armuwaar ak ay lal, ñenn ñi di jënd takkaay yu or yu seer. Yeneen dëkk yi leen wër mujj nañu ñëw ngir sàkku liggeey ca Modaan. Turu Modaan siiw ci réew mi yépp ndax yégle yi ñuy def ci tele yi, rajo yi ak këru xibaar yi. At mu jot, Njaga ak Binta ak waa dëkk bi ak farandoo yi népp daje ngir xool tolluwaayu liggeey bi. Kenn ku ne génne ay xalaatam ci li ñu war a sumb ci dëkk bi luy jariñ ñépp. Ci loolu, lanu xalaa ta tabax ab dispañseer ak ekool bu mag. Xale yi daan dox di dem ci yeneen dëkk ak ñi doon jàngé ji Lingeer ñépp dellusi.



Modaan soppeeku bu baax ci wàll yu bari ba seen jafe-jafe wàññee ku na. Ña tuxu woon ak ñi tukki woon ñépp dellusi nañu di liggeey ci dëkk bi. Suuf saa ngi tàmbalee seer ndax ñépp a ngi wutsi dëkkuwaay ci Modaan. Bi ñu mujjee daje, ñépp ne nañu bënn ab fooraas ci dëkk bi ndax mu yombal dund gi. Njaga ak Binta gis ne loolu ay njariñ yu bari ñoo ci nekk. Binta ne: "Ak fooraas bi dinanu mën def mbeyum noor ba dootu ñu jëggaan dara."

Njaga teg ca ne: "Njegam dox mën naa am, leegi dañuy defar gétt yu ak jamonoo ngir yafal jur gi."

Dibeeru tey ji, ay gan yu jóge bitim réew ànd ak waa nguur gi, ñooy ubbisi fooraas bi. Dëkk bi xumb na lool, tëgg maa ngi jolli, jigeen ñi di sarxolle, ñépp di fecc ndax kontaan.

Ndawal buur ak Meeru gox, kilifa diine yi ak yu aada yi, ñépp a teew. Direktëeru ekol ba woon, wàcc na sax ci waar wi waaye teew na. Baay Sàmba ak Baay Musaa seen xol yaa ngi fees ak yombegte ndax seen ñaari doom yi ñoo waral coow li.

Badara ak Foode, Direktëer bi, jël kàddu, wax njariñu jàng ci am réew, fàttaliwaale jafe-jafe yi ekool bi amoon. Meer bi ak Perefe bi sant ñépp, sargal ñaari ndaw yi; ñu jàppoo ay loxo di wër mboloo mi. Ministëru ndox mi ak bi yor kéew gi takkal leen ay medaay wax ne: "Mbooloo rekk mooy doole."

Laaj yi

- 1 Lan mooy màndargaay Baay Sàmba ci nettali bi?
- 2 Lan moo tax Modaay mbey ak càmm jafe fa?
- 3 Ñaata kilifa la Direktëer jot a waxtaanal ci nettali bi?
- 4 Ñan ñoo yombal àndu waa Modaan ba seen dëkk bi naate nii?
- 5 Bu ñu sukkandikoo ci nettali bii,
lan ngeen mën a wax ci njàngum ekol?

Mbindante bataaxal ci diggante y elew



Mbindante bataaxal ci diggantey elew



Bindantey bataaxal dafa am solo ci xale yuy jàng ekool. Kon ay eleew ak kalaas bu ñu tollu war nañoo mën a bindante, weccooy xalaat.

Mën nga ni damay bind sama naataango ngir xibaar ko ay mbir. Man nga joxe tamit sa xalaat ci xew-xew bu saxa xarit fekkewul. Leeg-leeg, boo soxlaa ay xibaar yu la amal solo mën nga bind nit ku nekk bitim réew. Su ko defee, mu bindaat yónnee la li nga yitewoo yépp.

Loo xamul te bëgg ci gëstu, mu nekk bitim réew, ki ngay bindanteel mën na la koo jox. Mbindante, balaa ngaa xam solom ci ki yónnee bataaxalam, dañ koo tontu ba mu jot ko.

Bari na ci lu ñu mën a wax. Mën nañu bind ci sama dundin wala may sàkkoo xam dundinu ñeneen.

Boo amee ab xew-xew ci lekool bi, eleew yi bëgg ci teewaayu kilifa yi, mën nañu leen a bind bataaxal. Yenn xew-xew yi, dañuy soxla xalis wala ay jumtukaay ngir mu mën a yemb. Bu booba, mën nañoo bind njiitu gox-goxaan bi ndax mu jàppale ekool bi. Bataaxal boobu, njiitu gornamanu ekool bi ak ñi koy jàppale ñoo koy bind.



Ekool pirimeer, kalaas yépp a mën a bindante. Muy yu ndaw di « CI/CP » mbaa yu digg dóomu yi di “CE1/CE2”. Kalaas yu mag yi mel ne « CM1/CM2 » daanaka eleew yi tàmm nañu bindante bataaxal ci seen biir. Ngir yombalal ko eleew bi doog a door, li mu bëgg a bind, da koy fiite museem. Su paree, ñu moomale ko mbind ma, ba mu gis ci boppam. Ci biir kalaas bi tamit, mën nañoo xàjjale eleew yi, def leen ay mboooloo yu ndaw. Juroom ba juroom ñaari eleew yu ne ñu sas leen lu ñuy bind ak ku ñuy bind. Waaye itam, kenn ku ne, mën na ci bind li ko neex wala li ñu ko digal. Mbindante nak balaa gën a am njariñ ci eleew bi dafa am ñu ne fook xale yi tolloo kalaas. Waaye am na itam ñu wax ne loolu bu mënul a am, elew yu tolloowul kalaas mën nañoo bindante. Bu ñu ci bëggee ndam, nañu fexe ba elew yi di yég bàñneex ak cawarte ci mbindante ci seen biir. Bu loolu amee, ñépp dinañu bind. Kon meetar bu ne war nga dimbale say eleew ñu am ñuñu bindanteel ay bataaxal.



Mën nañoo bindantey bataaxal ak sunuy naataango eleew yu nekk ci sunu kalaas mba ci beneen kalaas. Waaye mën nanoo bindante tamit ak ñeneen. Ki may bindanteel mën na nekk kuy jàng wala ku jàngul. Mën naa nekk it sama xarit wala sama dëkkandoo. Noo nu la mēnee bindante ak boroom dëkk mbaa sax mbootaayu jigeen ñi ci gox bi.

Sunu ekol, saa yu nu soxlaa juntuukaay yu jëm ci mbindante bataaxal Alasaan lañu koy wax. Ku bëgg goxam, nekk ca bitim réew. Ci biir dëkk bi am nay kilifa yu ami ndombatànk. Eleew yi mën nañu leen a bind leetar ngir ñuy teew ci seeni xew-xew. Ci kilifa yooyu, mën nañu cee lim Meeru komin bi, Perefe, Su-Perefe mbaa Góornoor. Leeg-leeg tamit ñu war a jukkoo ak ñuy yëngu ci gox bi ngir set-setal sunu ekol. Bu booba, dañuy bind bataaxal ñu mel ni kurel yi tàggat seen yaram ak yaayu elew ñu jàpp ci.

Xaley ekol bi, saa yu ñu nammee futbol, mën nañoo bind beneen ekool, péryee ko.

Kon kalaas bu ne, war naa am porose mbindante bataaxal ndax eleew yi mën cee jàng.



Bari na ay pexe yu ñuy teg ngir wut ñu ñu bindanteeli bataaxal. Leeg-leeg meetar bi dem beneen dëkk bu ay xaritam di jàngalee. Foofa, mën na faa waxtaan ak ay naataangoom ngir seeni elew di bindante ay bataaxal. Kalaasu Muse Faal ñoom, sawar nañu lool ci lu mel noonu. Bi leen ko beneen ekool nangulee, dañu cee bég lool. Ca lañu tàmbalee jukkoo ak ñoom.

Am nay ekool yoo xam ne seeni kureli waajur dañoo yëngu lool. Ba tax na ñoo leen di lëkkale ak yeneeni ekol ngir ñuy bindantey bataaxal. Elewi ekolu Mbaary ñoom, dañoo am sãs. Benn tubaab a dikkoon ca dëkk ba, jaar ca ekool ba ngir nemmeeku leen. Ba mu ñibbee Farās la fexe ba wutal leen ay xarit bitim réew. Booba ba tey, dañuy bindante, di weecooy xalaat.

Ekoolu Reefaan moom ci Enternet bi la Dirëktëer bi xamante ak ekool bu tudd Saŋ Póol Sart ca bitim réew. Ci noonu, ñaari ekool yi tàmbalee bindante.

Meetar yee ko tàmbale, eleew yi topp ci.



Ngir eleew yu kalaasu Muse Faal mën a bindante ak yeneeni eleew, dinañu soxla ay juntuwaay. Fasonu bataaxal yi bari nañu te wuute. Bu ci nekk ak juntuukaay yi mu laaj. Lépp nak, mu ngi tegu ci na ka lañu bëgg a jukkoo ak ñeneen. Tey dañoo bëgg a jukkoo ak yeneen eleew, waaye ay nataal rekk lañuy jëfandikoo. Ci loolu, am nay xeetu juntuukaay yu nuy yitewoo. Ñuy yu mel ni kiryon yu ñuul ak kiryon yu am yeneen melo yi. Kayit yu weex tamit dinañu ci soxla lim bu takku. Tamit, liñuy yónnee mu war jaar ca Post ba, fàww, ñu jënd ay ambalog yu ndaw. Waaye itam, dinañu soxla benn ambalog bu mag bu mën a def bataaxal yépp.

Kayit yi day am ay rëdd-rëdd ngir mbindum xale yi mën a jub. Ay buteeli kol tamit dinañu ko yitewoo bu ñu nataalee ba noppi di ko taf ci kayit yu weex yi.

Am na eleew yu bëgg a bindante di ko jaarale ci Enternet bi. Ñoom, li ñuy soxla mooy ay ordinaatëer ak ab lëkkaloo Enternet ci seen ekool. Kon, eleew yooyu, fàww ñu tàggat leen ci mbindum ordinaatëer ak ci nunuy jëfandikoo Enternet.



Mbindum bataaxal ci diggante ay eleew diir bi mën naa tollu ci weer. Mën na ko bind ci mbokk muy tukki. Bu dee ci at mi eleew yi di jàng, dina tax gune yi gën a xamante.

Ci loolu, fàww ñu xam ñaata yoon lañu yónnee ay bataaxal. Ci misaal, mën nañu ni ñetti weer yu ne, dinañu bind benn bataaxal. Lépp di ñetti bataaxal ci at mi.

Wala book, ñaar-fukki bataaxal yoo xam ni elew bu ne, benn ngay bind. Elesew yi mën ñaño defar tamit albómu nataal ci ay fan yu néew. Ngir loolu mën a nekk, eleew yi lañuy xàjjale gurub yu ndaw, taxawu leen.

Li gën, mooy eleew yi di doxal mbintante bi, ci diir bi ñuy njàngadoo ekol pirimeer. Loolu dina tax eleew bi xool ndax bëgg naa wéyal mbindante mi wala déet. Ngir loolu mën a nekk, fook ñu defarub arminaat. Bu ko defee mbir yi téddee ni:

Ci misaal : weeri Wut-Sàttumbar, ñu tabax sunu porose. Tàmbali ko ci gëstu ngir am ñu nuy bindanteel , tànn tamit juntuukaay yi. Oktoobar, eleew yi bind ngir ku ne wax yaay kan. Nowambar- Desambar, eleew bu ne, ñu joxe ay xibaar yu yaatu ci moom.



Arminaat dafa am solo cib liggeey.

Bu duggee Sāwiye, eleew yi mën nañoo weccoo ay kartu nataal ci at mu bees mi.

Ba leegi ci misaal, Feewërye ci lañuy bind bataaxalu mbooloo bu wax ci porose bi. Mën nañu koo tiyaatar def ko widewóo yónnee ko.

Diggante Mars ba Awril, eleew yi bindaate bataaxalu mbooloo wax ci po yi ñiy def bu ñu génnee rekereyaasonj. Ci la ñuy nettalee ponkuy po yi ñiy def ci èttu ekol bi.

Suñu eggee weeru Mee, ñu bindaat bataaxalu mbooloo ngir mën cee nettali lu reelu, ak ay cax.

Weeru Suweñ, mooy jamonoy tàggatoo. Kon bataaxal yi dañuy wax ci lu jëm ci wakaas yi. Ku ne, mën naa bind sa naataango, ñaanal ko noppalug jàmm.

Bataaxalu kenn nit day am solo ci eleew bi ko bind. Ndaxte da koy jàjj, sawar loo ko.

Eleew bi mën naa jëfandikoo liggeey bi moroom yi defoon. Bu ko neexee mu jël aw waxtaan ci diggante elew yi wala ab surnaal bu elew bindoon.

Mbooloooy elew itam, mën nañoo bind bataaxal yónnee.



Booy dugg ci mbindante bataaxal danga ciy dem ni nga ko mēne. Eleew yépp bokku ñu doxin ci wàllu xareñ. Moo tax mēn nañoo fexe weer ak fukki fan ak juroom wu ne, ñu bindante ci ak sunuy naa-taango. Bu gaawe ba gaaw, benn yoon ci weer wi doy na.

Saytu gi ñu war a def ci wàllu mbindante mi, na jaar yoon. Loolu mooy tax elew bi gën cee sóobu.

Dina jafe sunu béggee yóonnee lu ëpp benn bataaxal ci weer wi. Xanaa muy bataaxal bu ñuy binde ci ordinaatëer. Foofu moom tanj bi dina doy te yóonnee bi du laaj fere.

Ngir mu gën a yomb, balaa ñu cee sóobu, dañuy leeral yenn baat yu bees. Nafaraat itam lépp lu jëm ci wàllu mbindante. Bu feekee dañoo am eleew yu xamul liñuy bind, dañu leen di tàggataat.

Ci misaal, meetar bi mēn naa waajal ay laaj yu mēn a dimbale eleew yi.

-waxal yaay kan boo sukandikoo ci laaj yii.

-Wax ma sa ekool, sa dëkk wala seen kalaas nu mu mel ak lu fa nekk.



Mbindante ak sunuy naataango baax na torob waaye daa am njëg. Booy waajal mbind mi, war nga am jomtukaay yu doy. Lu mel ni kayit yu weex, ay ambalog ak ay kiryon.

Bokk na ci xalis bi ngay fay ca Post ba ngir mën a yónnee bataaxal yi jëm fu sori. Dinañu soxla tamit ay kartuusu ànkar ci at mi boole ci empirimant.

Bu ñu waree yómbante ay foto sunuy naataango, fook nu sóoraale pey ga. Ekool bi bëgg a jukkoo ak yeneen ekool yu sori itam day wut koneksiyon Enternet. Loolu yit daa laaj ay koppar ngir mu mën a nekk. Bu fekkee ekol bi amuñu xalis, eleew yi mën nañoo dem seeti Meeru dëkk ba ngir ndimbal. Mën nañoo seeti sax mbootaayu eleew yi mas a jaar ci ekol bi ba ñu ko ubbee ba tey. Ñenn ñi, mën nañoo jàppale ekool bi ci ay raami kayit. Am ñu joxe xalis wala yeneen jomtukaay yu ekool bi soxla.

Ku ci mel ni Meer moom, mën naa may ekool ay ordinaatëer ak empirimant. Ndax njiitu gox dinay am ay partëneer.

Bu loolu amee, ekool bi dina mën a mottali li ci des ndax am nañu koppaatiwu ekol



Laaj na kon, ñu taxaw xool te tënk ci kayit li ñu nisër ci weer mbaa ci at. Loolu mooy porose bi. Ci biir mbindante bataaxal eleew yi dinañu ci xam ay baat yu bees. Te loolu li ko jur mooy weccente xalaat wi ci diggante eleew yi. Mbindante bataaxal ak ñeneen dina gën a tax elew yi mokkal làkk wi. Mën nañoo xam cosaanu beneen dëkk wala réew donte mësüñu faa dem. Ci mbind mi, mën nañu cee wax ci sunu bopp, ba ku ñu xamul woon ràññee ñu. Leeg-leeg, ci leetar yi ñuy jot, mën nañu cee jàng ay po yu baax ci eleew yi. Donte xamuñu po moomu, ñi ko yónnee dañu ciy toftal ponk yi ak sarti yi koy doxal. Bu ko defee, waa kalaas bi jàng ci lu ñuy tàggatee yaram dinañu ko ci boole. Yenn saa yi nga bind nit leetar ngir say soxla bopp. Ci biir mbindante mi, mën nga cee yokk sa xarañte ci jàng mi. Muy garameer, di wokabileer mbaa ortogaraaf, eleew yi dañu koy gën a mokkal. Li ci gën a am solo mooy jumptukaay bu mel ni ordinaatëer dinga ko mokkal. Dinga tàmm itam a liggeey ci mbooloo.

Laaj yi

- 1 Ñan ñooy bindante ay bataaxal?
- 2 Yan xeetu bataaxal moo am?
- 3 Nu ñuy def ba bind bataaxal mu jaar ci enternet bi?
- 4 Lu ñuy soxla bu ñu béggee bind bataaxal sunu xarit bu nekk bitim réew ?
- 5 Wax ma lin ga xam ci njariñu Enternet.

Kaarange xale yi



Kaarange xale yi



Xale alalu yàlla la. Dañu koo war a aar, yar ko, yiir ko. Loolooy tax bu mággee mën a amal njariñ réewam.

Addina wërngal këpp, ba fii ci sunu réew, am na xale yuy dund mettitt wu tar. Fekk na ay magi jëmm ñoo leen di teg luñu àttanul. Dañu leen di mettital saa su ne.

Am nay nit ñuy sàcc ay xale, di leen toxal ci lu kenn dul yëg.

Xale bu tuuti, nga génnee ko dëkkam, soril ko ay waajuram, loolu dooy na waar. Lu tiis loolu, ñi koy def seen entere kese lañuy sàkku. Xale yooyu, dañu leen di toroxal, di leen liggeey loo ni jaam. Te mënunu leen koo bañal. Kenn du leen fey dara, teg ci di leen dóor ak di leen saaga bés bu ne.

Lu ëpp, dañu leen di deñc fu làqu, di leen yebal ñuy yalwaani. Bu ñu déglloo kenn ci ñoom, li mu wax dafa yéeme. Ginnaaw dóor ak mettital yi, duñu lekk ba suur, faju waxaalewuñu ko.

Kon buñu dee gunne, war nañoo moytu képp ku ñu xamul. Bu la nit digee kado sax bul ko déglu, dawal. Saay-saay yi dañoo bari.



Gune day yem, di bañ a sori ay **waajuram**. Saay-saay waxul dëgg waaye yàq nay xalaat. Ñiy sàcc xale yi dañu leen di liggeey loo ci ay àntarpiris yu mag. Bu ñu fa nekkee duñu am dara lu leen di aar. Yokk ci dolli, liggeey bi dafey diis ci ñoom. Ngir ñu xam ni ñuy xeexe liggeeyu xale yu ndaw yi fàww ñu def ci am **njàngat**.

Am nay xale yoo xam ni kenn mēnu leen a teree liggeey ndax ndóol gu metti gi ci kër yi. Seeni waajur ñoo la gën a xam ni liggeey bi dafey lor xale yi. Wante dund gu seer moo tax ñuy seetaan lu mel nii.

Ku nekk xam na ni ñàkk gu metti mēn naa tax nit dugal boppam ci mosiba **mbamba kumba**.

Ab taxaw seetlu wone na ni waajuru xale yooyu li ñuy am doyu leen. Te ñu war a dundal seen njaboot, dugal leen ekool ñu jàngi. Néew doole moo tax ñuy wax seeni doom ñuy liggeeyi bés bu ne, ca tollu ci jàng.

Lii moo tax xale yu bari demuñu ekool ci àddina bi yépp. Warnañoo fexe ba dëkk bu ne am ay mbooloo yu taxaw ngir xeex mettit yi ñu teg gune yi. Kurel yooyu, Górnamaa jàppale leen ngir ñu mēn a aar xale yi.



Xale yi mat a dem ekol te nekkuñu fa, bari nañu lool. Li ko waral mooy ñoo nga ca àntarpiris ba. Di ko liggeeyal ci suuf lu kenn dul yëg. Bu ko defee, duñu am benn jot. Waaye leeg-leeg waajur yi dañuy sonn ba duñu am moyee yu ñu dugale seen doom ekol. Nga boole ci bagaasi ekol yi dañuy seer lool donte xale bi du fey bu bëggee jàngì ekol. Waa-jur yi leeg-leeg duñu am lu ñu jëndee liifër ak kaye.

Xale yiy dem ekool sax, mēnuñoo rëcc. Liggeeyu tool yaa ngi leen di xaar bu ñu jógee ekool mbaa bu ñu jàngiwul. Monte de, dugal xale bi ekol mooy moyee bi gën a wóor ngir jële fi liggeey bi ñu leen di teg. Kon jàpp nañu ni, xale bu dem ekool mën nga génn ci ndóol. Ndax boo yeggalee sam njàng mën nga am peyoor bu baax. Di ci faj say soxla ak say soxlay waajur.

Ngir loolu mën a am, fàww réew mu ne jóg takku. Ku ne fexe ba say gune dem ekol te yàgg fa. Ñu fexe ba seeraayu ekool bi ak **jumtukaay** yi du nekk gállankoor ci waajuru xale yi.



Lu ëpp ci liggeeyu xale yi ci àntarpiris day metti lool. Ndax liggeey bu mag war a def, xale mēnu ko. Li ci gën a doy waar mooy liggeey bi ñuy jox xale yi diis na lool. Teg ci **peyoor** ba néew na.

Li ñu koy war a faje, bokk na ci séq waxtaan ak njiiti àntarpiris yi. Fexe ba xamal leen, te gëmloo leen ni xale yi waruñoo taxaw ci palaasu liggeeyukaay yooyu. Ñu xam ni teg xale ab yen bu mu àttanul, dafey **gàllankoor** wer-gu-yaramam. Loolu mën naa tax seen mäggaay yeex tamit. Duñu jóg ci feebar.

Kon di saytu béreb yi xale yi di xéy di liggeeye am na solo. War nañu di waxtaan ak xale yi waaye itam ak ñi leen di liggeey loo. Loolu mën na leen a aar, soppi seen dundin bu baax. Bu ko defee, ñu bàyyi lépp. Loolu dina tax ñu dellu ca ekool ba. Dañoo war a xamal ñi ko séq yépp ni, xale balaa liggeey dafa am at yu mu war a tollu. Képp kuy liggeeyloo xale dañu laa war a teg ay **daan**.



Gàllankoor bi ñu gën a seetlu ci njàngum xale yi ci réew yu bari, mooy liggeey bi. Xale yaa ngi liggeey ci biir kër yi. Di fa doon ay mbindaan. Yenn boroom kër yi def leen ni ay bàyyima. Bu ñu añee ba noppi, jox leen desit wi. Duñu lekk lu doy te duñu fanaan fu baax. Leeg-leeg nga fekk ay xale yu tuuti ca tool ya wala ca **miin** ba ñu fey sonnal seen bopp.

Am nay dëkk yu am geer. Boo fa demee ,xale yi dañuy solu niy soldaar wékkoo seeni fittal. Ñu leen di wooye **xale-soldaar**. Xolal xale bu demagul fenn, ñu koy lorloo ay bakkan. Di ko defloo yu bon-a-bon. Bés bu gune googu mággee, kenn du ko mën a deloosi, di ko teg ci yoon. Monte de, réew yu bari, tollu ci 192 siñe nañu àq ak yelleefu gune yi ci atum 1989. Waaye taxul ba leegi xale yaa ngi ci arme yi, ci palaasu liggeeyukaay yi ak ci mbedd mi. Li war kenn ku nekk mooy jéem a xam lu waral **ñawtéef** yii



Am na yeneeni xeetu mettital yuy dal ci kaw guné yi.

Ci misaal, xale bi amul **kayitu juddu**. Kooku du xam ci lu mu nekk, te nax ko day yomb.

Beneen bi mooy ndeem bëgg nga sa doom dem ekol, leeg-leeg kër ga day sori lool ak ekool ba.

WaaJur yu jàngul, xamuñu lu gééj giy riir tamit gállankoor la.

Dëkk yiy am geer tamit, xale ya, kenn du leen tal. Dara dootul tegooti ci yoon. Sàrti réew mi, dañu koy **salfaañe**. Am réew nak mënul a so-qaliku bu fekkeé guné yi dañu leen di mettital. Li wolof naan fagaru moo gën faju: dañoo war a wax ak waaJur yi. Suñu paree ñu waxtaan ak guné yi ngir tàggat leen ci seeni àq ak yelleef. Dañu koo war a xam. Loolooy tax kenn du leen mën a nax mbaa nga teg leen lu jaaduwwul. Ngir taxawu askan wi, ñu aar seeni doom dafa am ay ponk yu ñuy teg. Bi ci njëkk mooy dañoo war a **fagaru**. Bi ci topp mooy taxawu waaJur yi, lebal leen xalis ngir ñuy jaay ak a jënd. Seen am-am mën a yokku. Bi ci mujj mooy fexe xale yi génnoon ekool dellusi.



Mettit yi ñuy teg xale yi bari na te wuute. Yenn yi xelum xale yi lay jaxase. Gune gu dëkke ñu koy saaga, di ko xas, ci mettit lay dëkk. Wax ju ñaaw ju ñu yékkati teg ko ci kowam. Boobu xale, dundam du neex, xolam du feex. Leeg-leeg mu nekk ak ay waajur yu ñàkk xel, ñu koy toroxal. Wala sax ñu koy ber ni ku feebar. Boole ci di ko tuutal ak di ko tere muy ànd ak ay moroomam.

Bés mën naa am xale bi teewe lu mu bëggulwoon a gis. Ay waajuram di xeex wala di saagante ci kanamam.

Mettital gune yi mën naa doon it lu aw yaram di yég. Moo xam ay dóor wala yeneen xeetu mettital. Ci misaal, taalibe yi dañu leen di faral di dóor wala ñu lakk leen ba seen yaram yi yàqu. Muy lu tiis lool, lu gone mënul a dékku. Moo tax yenn saa yi xale ñàkk ci bakkanam. Am na ñu ci jële laago gu leen di topp ba ñu nekk mag.

Kon waajur yi, boroom daara yi ak meetar yi war nañoo moytu yii xeetu mettital ci béreb yi ñu nekk.



Aar xale yi mooy ñu jiital seen entere ci lépp. Wante li ñuy gis wala di ko dégg ci àddina wone na safaan bi. Boo demee ci kaso yu bari, am na ay xale yu tuuti yu ñu fa tëj. Am na sax réew yu leen di tëj ràpp seen giiru dund.

Monte de, mbootaayu xeet yi ñoo ngi daje, di def lu ñu mën ngir yu mel noonu bañ a am. Ci loolu, tere nañu képp kuy dugal xale bu ndaw ci geer yi. Loolu loraange rekk lay jural xale yi. Teg ci réew mu koy def, suqaliku du la yomb.

Fii ci réew mi, am na fi ay xale yoo xam ne sonn nañu torob. Ndax ñu bari ci ñoom, seeni mbokk a leen jële ca kaw ga, indi leen Ndakaaru. Bu ñu ñëwee fii ci loxo Sëriñ-Daara bi la ñuy nekk. Foofa la seen coono di tàmbalee ndax Sëriñ bi amul moyee bu mu leen di dundale. Loolu sax moo tax mu leen di yebal ñuy yalwaani.

Ci mbeddi Ndakaaru yi, xale yaa ngi dox def tàнку neen, sol yére yu tilim. Li ci gën a doy waar mooy mën nañoo toog ay fan duñu sangu. Ci kalaas bi ñuy jàngé ci la ñuy fanaan itam.



Ngir aar taalibe yi, xeex yalwaan mi ñuy def, ci la ñu xalaate **Ndeyu Daara** Jigeen ñooñu baax nañu fi lool. Te ni ñiy liggeeye yomb na. Xale bu ne ci Daara ji dañu koy ndeyale jenn jigeen ci koñ bi. Ndaw soo su mooy fóotal xale bi, di toppatoo yaramam. Saa yu **tawatee** mu yóbbu ko lopital ñu seet ko.

Kenn ku ne am na kër gu ñu la féetale, duñu lekk mukkk bàyyi ko. Ñoo leen di jox añ ak reer. Taxawu leen ni ko seen waajuri bopp waroon a defe. Rawatina nag seen wer-gu-yaram ak seen nekkim ca Daara ja. Bu ko defee, ay **partaneeri xalis** nëw, mën a jàppale kurelu Ndeyu Daara yooyu. Di leen lebal xalis ngir ñu mën a jaay ak a jënd. Loolu di leen indil koom, ñu ci dimbaliku, di ci dimbali Daara ji.

Ci xalis boobu ñuy wëlbbati, li ciy ruus Ndeyu Daara yi leeg-leeg ñu jàppale ci Sëriñ Daara bi.

Jigeen ñooñu dinañu faral di bégal ndongo Daara yi. Xew-xew yu mel ni Tabaski mbaa Korite, dinañu fexe ba xale yi sol yéere yu bees ak ay dàll. Kon daal yii jigeen war nañu leen a jaa-jëfal saa su ne



Xale dafa am ay àq ak ay yelleef. Ci yooyu mën nañu cee tànn yii, ndax seen am solo.

Xale dafa war a am ay waajur yu koy aar, yiir ko.

Xale bu juddoo, dafa war a am kayit yu koy firndeel, loolu lañuy wax **kayitu juddu**.

Xale dafa war a dugg ekool mbaa Daara bu ca tolloo.

Xale, dañoo war a toppatoo wér-gu-yaramam.

Xale dafa war a lekk ba suur.

Xale it dafa war a fo ak di ree niy moroomam.

Am na kurel gu mag guy yëngu ci wàllu aar xale ak di sàmm seen àq ak yelleef. Mbootaay googu wër àddina mu ngi tudd " UNICEF."

Kurel gii baax na lool ci taalibe yi. Boo demee ci Daara yu bari, kurel gi dina fa dugal ab dund ngir jàppale Sëriñ Daara bi. Moom day faral di jaaxle ndax limu ndongo yi leeg-leeg mu **jéggi dayo**. Te xale yooyu seeni waajur duñu yónnee dara ngir Sëriñ bi mën cee jàpp. Am na tamit yeneen kurel yu gën a ndaw, nekk ci réew mi di Senegaal. Ñooñu tamit dañuy jàppale ndongo Daara yi ci dund ak wér-gu-yaram.

Laaj yi

- 1 Jox ma ñaari àq ak yelleefu xale.
- 2 Gan kurel mooy yëngu ci àq ak yelleefu xale?
- 3 Lu tax yenn waajur yi di yebal seen doom ñuy liggeeyi te bañ a jàngì?
- 4 Xale yi ñuy tëj kaso lu ñu def ak lu tax ñu def ko?
- 5 Joxeel sa xalaat ci nan lañu mën a def ba mettital gunne yi jóge fi?